

CHIMIRO CHEMUNHU

WAKAKWANA



Ndatenda, Hama Neville. Ishe vakuropafadzei.

Zvakanaka kuva mutabhenakeri zvakare mangwanani ano. “Mangwanani akanaka” ane nyasha, kwamuri mose. Uye ndinovimba kuti richava zuva guru kwatiri tose, mu—muHupo hwaShe wedu. Zvino ndine chidzidzo mangwanani ano. Ndinoda kunanga kuchidzidzo ichi, nokuti chaka... Ndinofunga kuti chakakosha. Uye chi... Uye kuti ungano isakanganisika, munoziva, nokugara nguva refu, vazhinji vakamira. Ndichangonanga muchidzidzo.

² Zvino, usiku huno, ndinoda kutaura pamusoro wenyaya unoti *Mutungamiriri WeUpenyu Hwangu*. Uye ndinotarisisira kuti vazhinji avo vanokwanisa, chero vazhinji vangakwanisa, vachavapo panguva iyi usiku. Zvisinei, kana mune chechi yenyu, tiri... hongu, tinoda kuti muve ku—kuchechi yenyu. Mungava wenyu kuti muveko, ndiko kune nzvimbo yenyu yebasa, kuti chiedza chenyu chipenye.

³ Zvino, tinoramba tichitarisisira kuti, nguva dzose pamunozodzoka, tinenge tava nenzvimbo yakawedzera pano. Asi tiri kuwana dambudziko nazvo, o, kwose kwose. Boka revabati vekomwe rakamhanya—mhanya kwose kwose. Vaiti vakaitumira kune imwe hofisi, voitendera; zvino voitumira kune vamwewo, vobva vati hazvigoneki. Zvino voidzosazve kwayabva, zvobvumwa *ikoko*, zvodzokazve. O, takave nenguva yakaoma! Asi, imi munoziva, Satani anogara achirwisa chinhu chakanaka. Garai muchirangarira, nguva dzose munoita zvakanaka pamusoro pe... .

⁴ Ndanga ndichishaya kuti ndapapi pauri, Anthony. Ndaona wasangana nababa vako. Zvino ndatarisa, mukati meungano. Vati wanga wakagara ipapo. Tinofara kuva newe nababa vako pamwe nesu pano, Hama Milano kubva kuNew York. Ndichitarisisira, kuti pakuenda mhiri kwemakungwa rwendo runo, ndichawana imwe nzvimbo yokubhururukira, kunze kuNew York, kune imwewo nzvimbo, kana Ishe vachitendera.

⁵ Zvino tiri kufara zvikuru nokuda kwemumwe nomumwe wenyu. Zvakango—zvakanonaka kuti muve pano.

⁶ Uye takava nokuropafadzwa kukuru usiku hwapfuura, kana kuti ini zvangu ndakaropafadzwa. Ndakava ne... [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] “Zvino Isaya ari mutembere.” Uye saka uno... .

⁷ Zvino mangwanani ano, tinoda kutaura pamusoro pechidzidzo, kana kudzidzisa, ngatidaro, kana tichikwanisa, “Kuvaka Tabhenakeri mhenyu; kuvaka—kuvaka Tabhenakeri mhenyu nzvimbo yokugara yaMwari mupenyu, iye Munhu wakakwana; Tabhenakeri mhenyu yaMwari mupenyu, umo maAnogara.” Uye kana . . .

⁸ Ndinonzwisisa kuti vane kumwe kuimba kwakanaka pano. Handiwani nguva yokukunzwa. Saka usiku huno, ndichaedza kudzika zasi uku. Mudzimai wangu andiudza nezvaHama Ungren, ndinotenda ndiro zita ravo, vanobva zasi ku—kuTennessee. Zvino, vaiva pano nezuro husiku. Handivaoni mangwanani ano, asi ndinofunga kuti vari pano pane imwe nzvimbo. Ndichada kuvanzwa vachiimba usiku huno, kana ndichikwanisa, chiya, zvichida *Kubva Mukubwinya Kwake*, kana *Muri Mukuru Sei*. Ndinoda kunzwa idzodzo. Vangani vanoda kunzwa Hama Ungren? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] O, ndi—ndinofarira kuimba kwakanaka. Uye Meda akati vanoimba nenzwi rakada kuti korerei. Zvinondirangaridza wekwedu Hama Baxter; muimbiwo, zvakare, sezvatinoziva tose. Saka *Kubva Mukubwinya Kwake*, kana *Muri Mukuru Sei*. Ndinotenda kuti ndazovaona zvino, apo . . . Kana zvakanaka, Hama Ungren, husiku huno, kana muchida, kana maswera kuno? Muchaswera here, kana muchaswera kuitira shumiro yehusiku? Zvakanaka, ha—ha . . . Zvakanaka, musa . . . ndinokuudzai, ko zvakadii izvi, kana tichi . . . handidi kuti vanhu vapesane. Asi zvingasadaro sei, zvino, isu kana tingadai, munguva ye*Zvisimbiso Zvinomwe*, patinozviparidza, kana mungauya. Ndinoda kuzodzitepa ipapo, maona, kuti tidziwane, *Muri Mukuru Sei*, uye, zvakare, *Kubva Mukubwinya Kwake*, munguva iyoyo.

⁹ O, hachisi chinhu chinoshamisa here kushandira Ishe? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Handizivi kuti ndaizoitei dai ndisiri muKristu! . . . ? . . . Zvakanaka kwazvo kuva muKristu. Ndinongonzwa sekuti ndisvetuke-svetuke ndichidaidzira, nenzwi rangu rose. Kuva muKristu, fungai nezvazvo, wese wakadzika midzi muna Kristu!

¹⁰ Ndinovziviva kuti ndinogaro kanganisa kutaura zita romurume uyu nguva dzose. Ndi S.T. kana kuti T.S., kana zvakada kudaro. Sumners, Hama Sumner. Ivo . . . Ndinoda kuvatenda pamwechete nomudzimai wavo muduku akakosha. Ndinofunga kuti vakatora nguva ingaita, zvinoita sokunge, sokunge mwedzi mitanhatu, vachitaipa *maZera Manomwe eKereke*. Zvino tava naro pano, rakataipiwa, rakamirira kugadziridzwa, rozoitwa bhuku, *maZera Manomwe eKereke*. Hanzvadzi Sumner, pose pamuri, zvirokwazvo tiregei tikubhadharei nebase iri. Izvi, izvi zvakatora basa rakawanda. Sei, rakafuta *sezvizvi*. Zvinotonditorera mwedzi mitanhatu kuti ndipedze kuriverenga, ko kuzoti zvokuribvisa patepi, uyezve

kudzokorora ndichibvisa zvakadzokorodzwa, nokuzorigadzira kuriita bhuku. Ticharigadzirisa nokuritumira kunodhindiswa nokukurumidza, nokuti ndinofunga kuti ndicho chinhu chokuti vanhu vanofanira kuva vakatochibata iye zvino, uye munogona kuridzidza. NaBilly anga achindiratidza, pandapinda shure uko, maminetsi mashoma apfuura, kuti—kuti—kuti ranga—ranga rava pachinhanho chokuenda kunodhindiswa. Saka, hanzvadzi, tabhenakeri ichakubhadharai nokuda kwaizvozvo. Handikutarisirei kuti multe zvakadaro pasina muripo. Uye—uye kana kuti isu. . . Kana isu tikariwana bhuku iri uye tikada kuisa mutengo pariri, kana zvimwewo, tichaisa mutengo wekuti une zvamuchawana pose pavanoritengesa, chero zvazvinenge zviri. Mozongotaura neboka, boka revabati vehomwe, kana kuti vamwe vavo, vachazokugadzirisirai izvozvo. Ishe vakuropafadzei zvakanyatsonaka.

¹¹ Vakaninipisika vatana Hama neHanzvadzi Kidd vakagara pano apa, vangangoita makore ari pasi pezana, zvishoma. Ndakasangana navo nguva shoma yapfuura, hanzvadzi ikati, “Zvino, zvimwe ino ndiyo nguva yandichapedzisira kukuonai, Hama Billy.” Vakati, “Ndiri kukwegura.”

¹² Ndikati, “O, ini zvangu! Handidi kunzwa muchitaura saizvozvo. Makangoita samai nababa vachembera wani.” Tinovada Hama naHanzvadzi Kidd. Isu, mumwe nomumwe, tinovada. Uye zvinongo. . .

¹³ Zvine zvazvinoita mandiri pandinovaona vachifamba muhechi, vatana vaviri vakadaro. Ingozvfungai, kuti vaiparidza Evhangeri ndisati ndaberekwa. Zvino ndachembera. Uye, ingozvfunga, kuti vaiparidza ndisati ndaberekwa. Zvino hezvinoyi ndiri pano, ndinosifunga kuti ndachembera kwazvo. Ndotofunga zvokuti ndichiregera. Ndikaona Hama neHanzvadzi Kidd vachipinda, “Ngaarumbidzwe Mwari! Hareruya!” Ndinobva ndati, “Kwete, ndiri kunzwa zvakanaka.” Hongu, changamire. Kuvaona, kuti vanogona sei, vanogona kukuronzira zvirokwazvo!

¹⁴ Ndopaunocherechedza kuti, vari pedyo nezera rangu, zvakare, sei vachiri kuenda nendima. Vauya kuno mangwanani ano vakakumbira mabhuku, kuti vatore mabhuku vanomatengesa. Vaidawo matepi, kuti vagone kubuda nawo, kuti vanowana mweya yakarashika nokuridza matepi aya, pazera rava kunanavira makore zana. Zvino aripi “mapapiro ako maviri” ayo ataitaura pamusoro pawo husiku hwapfuura? Hongu. Ndinotanga kufunga nezvokuti, “Angu aripiko?” Paakataura izvozvo—izvozvo zuro. Mune makore mangani okuberekwa, Hanzvadzi Kidd? [Hanzvadzi Kidd vanoti, “Ndine makumi masere nerimwe chete.”—Mupepeti.] Makumi masere nerimwe chete. Mune makore mangani okuberekwa, Hama Tom? [Hama Kidd vanoti, “Makumi masere nemaviri.”] Makumi masere nerimwe chete nemakumi masere nemaviri ekuberekwa,

asi vachiri kushandisa mapapiro avo, vari pabasa, vachiri kuenda.

¹⁵ Kana pane chakanganisika muOhio, chazivikanwa neHanzvadzi Kidd, runhare rwunorira kumba. Rimwe zuva iro, vakaridza runhare, zvino kamwana kadiki, kamwana kadiki kasikana, ndinotenda kuti ndozvakaiva, kakaberekwa, hura huri kunze kwako. [Hanzvadzi Kidd vanoti, “Dundira.”—Mupepeti.] Dundira, riri kunze kwemwana. Uye chiremba akanga asingazivi zvokuita nazvo, uye akanga achitya kuvhiya. Takanamata. [“Akavhiyiwa, Hama Branham, vakaridzoserera, nokuti, vaiti, ‘Kakanga kasingazorarami.’ Vakangodzoserera hura hwako mukati.”] Vakadzoserera hura hwako mukati, nokuvhiya, vachifunga kuti hakararami. Asi kakararama. [“Hapana musiuwo.”] Kasina nzira yo—yokuti... panobuda netsvina, pokuti chikafu chipfuure napo. Hanzvadzi Kidd vakafona zvakare. Tikaita munamato zvekare, zvino iye zvino ava nenzira yakafanira. Zvino heunoyi ari pano, sechapupu; nachirembawo, zvekare. Maona? Ichapupu chokuti Ishe Jesu, Musiki mukuru! Maona Satani zvaakaedza kuita? Kudimbura hupenyu hwemwana uyu. Zvino, maona, uye ndinotenda kuti mudzimai uyu akatouya kunaShe. [“Akadzoka kunaShe, pamba pangu chaipo.”] Akadzoka kunaShe. Hanzvadzi Kidd vakamutungamirira kudzoka kuna Kristu, mushure mechishamiso chikuru ichi chaitika pamwana wake.

¹⁶ Ndakaridzirwa runhare kubva kuCalifornia, nezuro, hama mushumiri mudiki ikoko, wandakanga ndinaye pandakatanga kuenda kuCalifornia, makore mazhinji apfuura. Muzukurukomana wake muduku akazvarwa ane—ane mana... mavharuvhu matatu akavharika mukati memwoyo wake. Ndikamuudza nezvenyaya iya. Ndikati, “Mwari akakwanisa kusika ichi nokuchigadzirisa, zvirokwazvo anogona kupodza muzukurukomana wako.” Ingoudza mukomana uyu kuti ave nekushinga kwakanaka.

¹⁷ Mukomana uyu aiva pamusangano pandakatanga kuenda kuCalifornia, angangoita makore gumi nemasere apfuura zvino, gumi nematanhatu apfuura, ndiwo avapo. Zvino ndakanga ndiri muCalifornia. Uye iye... Musangano wakanyatsorunzira mukomana uyu kusvikira... Pavakawana mwana, paakabarekwa, uye vakaona kuti chimwe chinhu chakanga chakanganisika, aiva neruvara rweblue, vakaedza kupombera mweya wekufema nawo maari, nazvakadaro. Uye zvaisataridza kuti aizorarama, zvino vana chiremba vakaita ongororo, vakawana kuti mavharuvhu matatu akanga akavharika mumwoyo make. Pasina kuvhurika zvachose, maona, richingo—richingova vharuvhu rimwe chete raipomba. Zvino akafonera baba vake, akati, “Baba, fonerai Hama Branham, nekukasika. Vaudzei kuti vose... Ingokumbirai kuna Kristu. Achazviita.” Ndizvozvovo. O, ini zvangu! Runziro

iya, zvavanoona, maona, zvatakataura nezvazvo, usiku hwadarika. Chinhu chakafanira panguva yakafanira.

¹⁸ Zvino, tingaramba tichigotaura, tikasazopinda muchidzidzo, handizvo here? Zvakaita souchi pamangwanani anotonhora, hunenge hwakakora zvikuru, munoziva, uye hwakanyatsomandana. Tinofara kwazvo kuva nokuyanana kwakadaro. Hongu, changamire.

¹⁹ Zvino ngatizvidzikamisei, uye, tipinde muchidzidzo. Tichienda zvichida. . . Handizivi kuti munokwanisa kuona izvi here kana kuti kwete, pabhodhi rokunyorera. Pamwe kana ndikazvipidigura *sezvizi*, muchinguva chiduku, sei, pamwe tichakwanisa, zvino, vamwe venyu, ku. . . [Hama Edgar “Doc” Branham vanoti, “Panoda here kuiswa chinongedzereso pazviri?”—Mupepeti.] Mati kudii? [“Munoda chinongedzereso pazviri here?”] Kwete, handifungi kudaro, kwete iko zvino, Doc. Pamwe mukati mechinguva chidiki. [“Pasi chaipo, ndinogona kuisa chinongedzereso pazviri.”] Zvakanaka, ticha—tichaita izvozvo kana ndawana zvisoma. . . Tine chinongedzereso pano? Zvakanaka. Ngatichibatidzirei. Muri kuona here kumashure shure uko? Munokwanisa? Kana uchikwanisa kuzviona, simudza ruvoko rwako, kana uchikwanisa kuona bhodhi rokunyorera iro, verenga izvo zviri pariri. Kwete. Zvakanaka. Torai chinongedzereso. Zvino, pavari kugadzirira izvozvo. . .

²⁰ Ndiri kunonoka kutanga mangwanani ano; kana, kwete, kwete, takurumidza neanenge maminitsi gumi nemashanu. Saka, zvino, tichatora nguva yedu zvino, nokuti hatidi kuita zvokumhanya—mhanya. Paunopinda pakumhanya—mhanya, unongovhiringidza zvinhu zvawanga uchizonotaura. Zvino, ndanga ndichiterera tepi, rimwe zuva, sezvandakakuudza, ndikazvinyarira; kwete kuti nokuda kwezvandaitaura, asi namatauriro andaiita ndichikurumidzisa, inzwi risina kugadzikana. Ndinonzwa sokuti ndimirire. I. . .

²¹ Nda—ndakaona rimwe zuva pavaizonovakira danga guru rokuchengetera mhuka dzokuvaraidza vanhu, muno mukati meLouisville. Zvino VaBrown, ndinotenda kuti vaiva ivo, ikoko, vakapa mirioni ramadhora kukuvakwa kwedanga iri. Zvino, dai ndaiva nayo, ndaitovapa iyoyo kuti vadzisunungure mhuka idzodzo. Ha—handitendi mukuisa zvinhu mukeji saizvozvo. Ndinongo. . . ndinoenda kumatanga zvino ndoona mhuka dzinosiririsa, mapere, neshumba, nezvinhu, zvichifamba zvichikwira nokudzika, zviri mujeri roupenyu hwese, maona. Zvinokuita kuti unzwe zvisina kunaka. Uyezve, dzakabatwa neuchenjeri hwavanhu vakangwara kudarika zvadziri. Maona? Vanodzibata vodziisa muutapwa.

²² Uye ndinofunga kuti: Dhiabhori unoita izvozvo. Anotora vanhu vanokosha vanofanira kufamba munzvimbo dzaMwari dzinokosha, namasango, ne—nezvinhu zvakadaro, zvino

omuisa muimba yehusungwa yerimwe sangano, kana chimwe chitendwa, kanawo chimwe, omusungirira imomo. Zvino chinhu chakashata sei kudaro.

²³ Handifariri matanga awa anochengeterwa mhuka dzokubaraidza vanhu. Asi ndinonzwa chimwe chinhu seimwe yemhuka idzodzo, paunenge wakaiswa mukeji uye uchiedza kuzvisunungura, munoziva, kuti—kuti ubude unoita chimwe chinhu.

²⁴ Zvino, tisati tauya kuShoko, ngatiende kuMunyori weShoko, tichikotamisa misoro yedu zvino mukunamata.

²⁵ Baba vedu Vokudenga vane nyasha, taungana zvakare mangwanani ano muZita raIshe Jesu, Mwanakomana weNyu anokosha. Mwari, munyama, akauya panyika, kuzoyananisa zvivi zvedu, akafa, Akarurama; kuti isu, nokururama kwaKe, tisina kururama tikwaniswe nemaAri. Tinouya tichipupura kuti hatina kukodzera, Ishe. Hapana chakanaka patiri. Uye tose tiri muzimba guru rohusungwa. Hazvinei kuti takamira pakona ipi, tinongori mujeri. Hakuna mumwe aigona kubatsira mumwe. Asi, Mwari, mutsitsi dzaKe dzisingaperi, wakaburuka ndokuvhura masuwo ejeri, akatisunungura isu. Hatichina kuiswa mukeji zvino. Hatichisiri mukeji yenyika, asi takasunungurwa. Tava kunze.

²⁶ O, kuti tinoMuda sei uye tichiMufarira sei! Tinogona sei kufamba mukati mebindu guru revimbiso dzaKe, nokudziona dzichiitika pamberi pedu! Uye nemaziso edu, tichiona Mwari mukuru Wokusingaperi achiZvibhedhenura pamberi pedu, nokuZviita chinobatika chechokwadi, sezvaAkamboita kuvaporofita vakare. Tichiziva chinhu ichi, kuti vakazorora vane kugutsikana, kuti rimwe zuva tichadzoredzwazve, mushure mehupenyu huno, pakumuka kuvakafa, tichipinda muHupenyu Husingaperi husingadzimi. Miviri yedu haizochemberi. Uye hatizofi. Uye hatizonzwi nzara. Uye hatizombovi nechishuvo. Asi tichazofamba naYe. Tinoda kuMunzwa achiti, “Pindai mumufaro waShe, wamakagadzirirwa kubva apo nyika isati yaiswa nheyo.” Kare chivi chisati chapinda, kuti anga Akaita gadziriro iyi kare, sezvaakaitira Adhama naEvha, kuti havaizofanira kurwara kana kuita dambudziko. Zvino iye zvino Akazvigadzirira isusu, uye Akatofanozviziva kuti tanga tichiuya. Chivi ndicho chakagadzira chidziviso chikuru, asi iye zvino chivi chakabviswa, neRopa raJesu. Zvino, takananga kuNyika yechipikirwa, kubudikidza nevimbiso yaMwari, iyo inogara Nekusingaperi.

²⁷ Tiropafadzei zvino, Baba, patiri kudzidza Shoko reNyu. Tinoda kuziva kuti tinofanira kuva vanhu vakadini, kuti tipindeKo. Tibatsirei nhasi muchikoro ichi, kuti tive neMudzidzisi Mukuru pakati pedu, Mweya Mutsvene, kuti uburuke nokuzoZviisa pachena kwatiri, kubudikidza neShoko

raKe. Nokuti tinozvikumbara muZita raKe kuitira mbiri yaKe. Amen.

²⁸ Zvino, chokutanga, ndinoda kuti muvhure neni kunaPetro weChipiri, chitsauko chokutanga. Ndinoda kuverenga chikamu cheGwaro iri, Petro weChipiri, chitsauko chekutanga. Zvino kwamuri imi mune mapenzura enyu nemapepa. . .

²⁹ Uye ndinotenda kuti ndaudzwa mangwanani ano kuti—kuti dzimwe nguva, ndikatendeudza musoro wangu kubva uku, zvinoita kuti tepi inzwikire kure. Chokwadi ndinenge ndisingarevi kudaro. Uye ndinotenda, kuti imwe nguva, kana tingazvifunga zvokuwana maik—maikorofoni iri nani, toiturika paceiling pano. Hazvinei kuti ndapapi paunenge uri, unenge uri pakanaka. Zvinganaka, kwose kwose, maikorofoni imwe iri mudenga paceiling.

³⁰ Iye zvino, ndichiri kutaura; kana kuti, mushure mesevhisi, kana kuti muchida, munogona kudhirowa kubva pane zviri pano. Uyewo ndichaita kuti zvitaipiwe pano. Ndichatora chokubatisa ndozviisa pamberi pano, kana muchida kuzozviita imwe nguva. Itii kurumidzei kuuya muno masikati ano, kuti tigone kunzwisisa.

³¹ Zvino tiri kuuya kuZvisimbiso *Zvinomwe*. Tichangopedza *MaZera Manomwe eKereke*. Zvino iyi iMharidzo yokudzidzisa, inosungirira munhu mukati, uyo ari kuzonodzikinurwa neRopa raShe Jesu, uye achazova muzera iro reKereke, iro zera reKereke roKusingaperi pakupera kweZvisimbiso. Zvino tinoziva kuti tine Hwamanda Nomwe, Matambudziko maNomwe, Ndiri, nezvakadaro, zvatinoipinda nemazviri, patinenge tichifambira mberi. Asi takamirira kuti pave nenzvimbo yakawedzera kuti vanhu vakwanise kugara pasi.

³² Zvino, uye ndanga ndichifunga kuti izvi zvaizosungana kusvika pandaitarisira. Ndanga ndisingatarisire kuti ndaizodhirowa sikeretoni iyi, asi rimwe zuva iro ndaiva nedzimwe shamwari dzangu dzinokosha, vekwaCox, zasi muKentucky. Ndakadzikako, ndafunga kuti ndiwane rimwezve zuva rekuvhima tsindi mwaka usati wapera. Zvino ndakanga ndiri musango neshamwari yangu, Charlie, takamira ipapo, naRodney, munun'una wake. Handina kumboona kana tsindi zvayo. Ndinofunga ndakadzivhundutsa dzikatiza dzose, pandakatanga kudaidzira imomo musango. Izvi ndozvakauya kwandiri, vakomana, na—naHanzvadzi Nellie naMargie, pandakakuudzai kuti ndichazokuudzai neSvondo kana ndazviwana. Ndozvakuuya kwandiri, pamharidzo yandanga ndichizotaura pamusoro payo. Uye zvekuti zvimwe zvose zvakaita chechete nayo! Uye, o, ndinozvifarira izvi. Ndakava ne—nemweya wemazvirokwazvo—wemazvirokwazvo wokudaidzira, imomo musango.

33 Saka zvino, ngativerengei zvino, Petro woKutanga, kana . . . Petro weChipiri, tingati, chitsauko chokutanga, chikamu chaCho.

Simeoni Petro, muranda nomuapostora waJesu Kristu, kuna vakagoverwa kutenda kumwe nokwedu kunokosha kubudikidza nokururama kwaMwari noMuponesi wedu Jesu Kristu:

34 Ndinofarira matangirwo azvakaitwa pano, nokuti nyaya yangu yose mangwanani ano yakazendamira pakutenda. Maona? Regai ndiverenge zvakare. Tereresai.

Simeoni Petro, muranda nomuapostora waJesu Kristu, kuna vanogoverwa—vakagoverwa kutenda kumwe nokwedu kunokosha . . . kubudikidza nokururama kwaMwari . . . Muponesi wedu naJesu Kristu:

35 Cherechedzai, Ari kuti, izvo, “Ndakagoverwa kutenda uku, neniwo ndiri kunyorera avo vakagoverwa kutenda kumwe nokwedu kunokosha.” Ndinoda . . . Hazvisi zvenyika yekunze. Izvi ndezveChechi, maona, avo vari muna Kristu.

Ngasha norugare ngazviwanzwe kwamuri kubudikidza nokuziva Mwari, uye (nemuna) naJesu Kristu Ishe wedu,

Maererano nesimba rake rohumwari akatipa zvinhu zvose . . . simba rake rohumwari zvino akatipa zvinhu zvose zvoupenyu . . . humwari, kubudikidza nokuziva iye wakatidanira kune kubwinya nesimba:

Apo tinopiwa ku . . . takapiwa vimbiso huru dzinopfuurira pakukosha: kuti naidzodzi (idzi vimbiso) isu tigone kuva vagoverani pahunhu hwake hwehumwari, . . .

36 Zvino regai izvozvo zvisinine zvakadzama zvino. Handisi kuparidza mangwanani ano; tiri kungodzidzisa chidzidzo ichi. “Hunhu Hutsvene.” Regai ndiverenge ndima yechina zvakare iye zvino, kuti musazvipotsa. “Apo tinopiwa . . .”

Apo takapiwa vimbiso huru dzinopfuurira pakukosha: kuti naidzodzi (idzi vimbiso) tigone kuva vagoverani pahunhu hwake hwehumwari, tanzvenga kuora kuri panyika kubudikidza nokuchiva.

37 Onai, “iyo nyika,” takatoitiza zvino. Ari kutaurira izvi kuChechi. Ndosaka tiri pano mangwanani ano, kuti tizive kuti nzira ndeipi, chii chinodikanwa naMwari. Hakuna munhu muno, uyo anoda Mwari, asi anoda ku—anoda kufanana naKristu. Zvakaiswa pachena pano. MuKristu wese! Ini ndiri gamba rekare. Tarisai kuna Hama neHanzvadzi Kidd pano, zvimwe ndivo vakurisa muno muchivakwa. Asi dai ndaivavhunza kuti, “Chishuvo chemwoyo wenyu chii?” Chinogona kuva chokuti,

“Kuva pedyo naMwari.” Paunodzidza nezvaKristu, pane chimwe chinhu paAri chinodiika, unoedza kuti upinde mukati maKe chaimo.

³⁸ Ndiregerereiwo nemataurire aya. Ndakaudza mudzimai wangu, pano nguva pfupi yapfuura, iye . . .tose tiri kuchembera, zvino ndakati kwaari, ndakati, “Uchiri kundida sezvawaiita kare here?”

Iye akati, “Zvirokwazvo ndichiri kukuda.”

³⁹ Zvino ndikati, “Unoziva, ndinokuda zvakanyanyisa kusvikira pokuti ndinotoda kukutora nokukudhonzera mukati mangu, kuti tive, zvirokwazvo, tive chinhu chimwe, zvakanyanya.”

⁴⁰ Zvino, izvozvo, zvipeyeyi mamirioni zana, ndokuti muzoona kuti mutendi, anopinda murudo naKristu, anoda sei kupinda maAri, nokuti inyaya yerudo. Uye pano Ari kuzonotaridza kuti, nevimbiso idzi, tigone kuva vagoveranwa pahunhu hwaKristu hwaMwari. Iyi, mutumbi unofa, kuti tingagona sei kuva nemugove.

⁴¹ Ndingataure chimwe chinhu pano. Chikonzero ndichitenda . . .Zvino mumwe munhu akabata mashoko angu zvisizvo, pano munguva pfupi yapfuura. Ndakatambira tsamba yakabva kumubatanidzwa wevashumiri, yaiti izvo ndinotenda kuti paiva nezvoku . . . “Takabatanidzwa nemudzimai pamweya. Saka tinofanira kusiya madzimai edu kana tisina kubatanidzwa navo pamweya, tinoroora avo vataabatanidzwa navo.” O, ini zvangu!

⁴² Ndikati, “Handipomerwe mhosva ye dzidziso ye nhema yakadaro.” Ndagara ndichipokana naizvozvo. Ha—handitendi mune zvakadaro. Zvirokwazvo kwete. Ndinotenda kuti Mwari anotipa shamwari youpenyu. Ndicho chokwadi. Uyezve tinozova mumwe chikamu chemumwe. Ndizvozvo. Zvino murume asati aroora, anofanira kufungisisa pamusoro pezvinhu izvi, nokuzvidzidza.

⁴³ Rimwe jaya rakandibvunza mumwe musu, rikati, “Munofunga kuti ndinogona, kana kuti ndava kufanira kuchiroora here, Hama Branham, musikana *wakati-wakati?*”

Ndikati, “Unofunga nezvake zvakadini?”

Akati, “O, ini zvangu, ndinongomuda.”

Ndikati, “Zvakanaka, kana usingagone kuzorarama usinaye, zviri nani kuti umuroore hako. Asi kana uchigona kurarama usinaye, ungasva warega. Saka, kana zvichizokurwadza, zviri nani—zviri nani kuti uenderere mberi kunomuroora,” ndakadaro. Zvino chii chandanga ndichiedza kusvitsa kwaari, izvi, nezvozvo, kuti kana uchimuda kwazvo!

⁴⁴ Zvino, iye zvino, musati maroorana, zvinhu zvose zvakanonaka nekufadza. Asi mushure mekuroorana, ndipo

panopinda matambudziko nemiedzo yehupenyu. Ndipo pamunofanira kudanana zvokuti munzwisisane. Paunenge wagumburwa naye, iye agumburwa newe, mucharamba muchingonzwisisana.

⁴⁵ Ndizvo zvazviri naKristu. Maona? Tinofanira kuva murudo kwazvo naYe, kusvikira pokuti kana tikakumbira chimwe chinhu, uye Iye akasatipa, izvozvo hazvitizunungutsi napadiki. Maona? Maona? Sei? Zvino nzira bedzi yamunogona kuita nayo saizvozvo, ndeyokuva vagoverani vehunhu hwaKe hwohuMwari, ndipo pamunozwisisa chikonzero sei Asiri kuzvipa kwamuri. “Vagoverani vehunhu hwaKe hwohuMwari.”

⁴⁶ Zvino tarisai pano, “Tatiza kuora kuri munyika nokuchiva.” Tazvitiza! Maona zviri kunaani? Zviri kuChechi, avo vari munaKristu, vasimudzwa pamusoro pezvinhu zvose. Kwete kuti akazvisimudzira, asi Kristu amusimudza.

⁴⁷ Kuhama nehanzvadzi dzangu dzechitema vari pano mangwanani ano, handiitiri izvi kuti ndikurwadzisei. Asi, ndakanga ndiri pamusanganano imwe nguva yapfuura, handizivi kuti ndakambozvitaure here mutabhenakeri. Ndakazvitaure kunzvimbo dzakawanda. Kwaiva nehanzvadzi yechitema yakati, “Ndingapawo uchapupu, kana kupupura?”

“Chokwadi, hanzvadzi, endererai mberi.”

⁴⁸ Vakati, “Ndinoda kupa chapupu ichi kuti zvipe mbiri kuna Mwari.” Vakati, “Munoziva, ha—handisi zvandinofanira kuva,” vakati, “Ha—handisiri zvandinoda kuva, asi,” vakati, “chinhu chimwe chete chechokwadi, handisisiri zvandaimbova.” Maona? Vakanga vabva kune imwe nzvimbo. Vakasimudzirwa.

⁴⁹ Ndiwo maziviro atinoita kuti tabva murufu tikaiswa kuHupenyu. Tinotarisa shure kugomba kwatakabudiswa. Maona? Hatisi zvatinoita kuva; hatitombori zvatinoita kuva; asi chinhu chimwe chete chatinotenda nacho, hatisisiri zvataimbova. Ndizvozvo. Tiri parwendo.

⁵⁰ “Uye tatiza kuora kwenyika.” Tatiza izvozvo, kuchiva nekuora kwenyika, uri pamusoro paizvozvo. Zvino ndiyo—zvino ndiyo mhando yomunhu waAri kutaurira, munhu apukunyuka kubva kuzvinhu izvi, maona, kuora kwenyika.

Zvino kunze kweizvi, muchishingaira, wedzerai simba pane kutenda kwenyu; napasimba zivo;

Napakuziva kuzvidzora; . . . napakuzvidzora kutsungirira; . . . napakutsungirira humwari;

Napahumwari wedzerai tsitsi kuhama; napatsitsi kuhama wedzerai rudo.

⁵¹ Zvino Atipa hwaro hwokuti tinoita sei, kuti tizive kuti zvinoitwa sei. Zvino, sezvandataura, kuti tose tiri kuedza kuswera pedyo naMwari. Ndosaka ndasarudza Mharidzo iyi mangwanani ano, kuitira chechi, ndichiziva kuti vanhu

vari kufamba nzendo. Nokuti usiku hwapfuura, ndakati, “Vangani vari pano, vanobva kunze kweguta?” Chikamu chingangoita makumi mapfumbamwe nesere kubva muzana chavanhu, chinobva kunze kweguta. “Vangani vari pano vanobva kwavanofamba mamaira anopfura zana?” Inga, zvatodarika, ndinofunga, chikamu makumi masere kubva muzana. “Vangani vari pano vanobva mamaira anopfura mazana mashanu?” Zvino zvapotsa zva—zvaita chikamu chimwe kubva muzvitatatu chevanhu vaiva pano vanobva kunopfura mamaira zana, nokunopfura mamaira mazana mashanu. Fungai nezvazvo, zvavanhu vari kufamba nzendo. Zvino, vanhu ivavo havauyi kucheche kuti vazongoonekwa bedzi. Hapana... chatingati nyika ingazoonza chokunaka panzvimo ino. Vose vanongova vanhuwo zvavo, varombo, vanopfeka sevamwe vanhu vese. Hapana nziyo huru dzinoimbwa nekwaya dzavanoedzesera kuimba seNgirozi, marimba, nemahwindo akasvibira. Munotoomerwa kuti muwane nzvimbo yokugara pabhenji momira makatenderera nemadziro. Havauyire zvinhu zvakadaro. Asi vanouya nokuti mukati mavo mune chimwe chinhu chinoona runako rusingagoni kuonekwa neziso renyama. Iziso repaMweya rinoona kunaka kwaKristu. Ndicho chikonzero vachiuya.

⁵² Saka, kwemazuva akati kuti tisati taita sevhisi, ndinenge ndichinamata. Ndinotoenda kumasango, ndoona zvandinoina muhomwe yangu... Ndoudza mudzimai wangu kuti, “Ndiri kubuda kunovhima tsindi mangwanani ano.” Zvino ndoina penzura nekapepa muhomwe yangu. Kana kwangoedza zvokuti ndinokwanisa kuona, ndinenge ndatogara ndakatsamira muti pane imwe nzvimbo, mawoko ari mudenga, ndichiti, “Ishe, chii chandingaita nhasi? Chii chaMungandipa chevana veNyu?”

⁵³ Zvino kana ndabata chimwe chinhu ndinoita sekuti chiri kupisa, chinouya sezvizi. Kana Hupo hwaKe hwaswedera, ndinotanga kunzwa chimwe chinhu sechiri kure kure, chinoita sezvizi. “Mbiri dzikapetwa kaviri dzinoita ina.” Zvoswedera pedyo, “Mbiri dzikapetwa kaviri dzinoita ina. Mbiri dzikapetwa kaviri dzinoita ina. Mbiri dzikapetwa kaviri dzinoita ina.” [Hama Branham vanotaura dzokororo imwe vachiwedzera kukurumidza—Mupepeti.] Zvichidaro, zvichidaro, zvichidaro, saizvozvo. Hupo hwaKe hunenge huchiuya.

⁵⁴ Zviregedzere, mushure mechinguva unenge wabva pamweya wako. Panobva pauya chiratidzo, “Enda kunzvimo *yokuti-neyokuti*, nechinhu *chokuti-nechokuti*.” Maona? Zvinotanga, nokufungisisa uchiisa pfungwa yako pana Mwari, uri kunze kwenyika, uri kure nenyika, kunze kusango, uri wega pachezvako.

⁵⁵ Uye Zvinotanga kuuya, “Poshi, poshi...” Ndinotaura, chero nhamba, kana chimwe chinhu, chimwe chinhu chotanga zvishoma nezvishoma, nekure kure chichiuya. Zvino

chouzouya chichikurumidza, nokukurumidza. Wogara ipapo wosimudza mavoko ako, hautauri shoko, wongosimudza mavoko ako mudenga. Chokutanga unoziva, iwe wese unenge watorwa waenda. Ndopaunona zvinhu zvaAnoda kuti uzive, achikuratidza zvinhu zvichauya.

⁵⁶ Dzimwe nguva zvinosvika pane chimwe chinhu, kusvikira pane chimwe chihano, zvobva zvamira. Hazvipinde muchiratidzo. Magwaro anobva aungana pamwe chete. [Hama Branham vanoridza munwe wavo kata tu—Mupepeti.] Ndinobata penzura yangu, kuti ndisazvikanganwe, ndokuzvinyora pasi, nokunyora pasi.

⁵⁷ Zvino ndinouya kumba ndonyatsozvitarisisa, nokuzvidzidza. Uye dzimwe nguva hazvitoiti sezvine musoro kwandiri pandinenge ndichizvitarira. Uyezve, mushure mechinguva, zvobuda pachena! Izvo zvinobva zvandibata, zvobva zvaenda zvakare. Zvino ndinotora kabhuku kadiki *sekaka*, ndotanga kuzvifananidzira ndichizvinyora pasi, nokukurumidza kwose, zvaAnenge anditaurira. Ndakafunga kuti, “Ishe, ndava kuenda kutabhenakeri kundovaudza. Ndo... ‘Ndouya ndodzika ikoko.’ Ndawana chimwe chinhu chokunovapa.” Zvino, ndiwo mauyire azvinoita. Ndizvozvo chaizvo. Kusvikira, chekutanga, Andipa, handigoni kuzvipa kuvanhu.

⁵⁸ Saka, zvino, pazvimufananidzo zvamunoono ndichitarira. Zvino izvi, chokutanga, pandakatanga, handina kuwana chikamu ichi pano kusvikira zuva kana kuti mazuva maviri apfuura, ndiri musango.

⁵⁹ Zvino, vanhu ava va—va . . . Petro ari kuti, pano, tinofanira kuva vagoverani vehunhu hwaKe hwohuMwari. Zvino, mumwe nemumwe wedu ari kuedza kukura kuva muchimiro chaMwari.

⁶⁰ Zvino, kana tapedza neZvisimbiso Zvinomwe, uye, panguva yokuridzwa kweChisimbiso cheChinomwe, kana kusunungurwa . . . Hongu, tinoziva kuti chisimbiso chii, kusunungurwa kweshumiro, kusunungura Zvisimbiso Zvinomwe. Zvino tichazviona pano pamufananidzo. Kusunungura Shoko, chimwe chakanamirwa mukati.

⁶¹ Svondo yapfuura husiku, ndakaparidza pamusoro pe, “Kiyi.” Uye kiyi yacho kutenda. Kutenda kunobata kiyi, uye kiyi iyi Magwaro. Uye Kristu ndiYe Mukova. Maona? Saka kutenda kunotora tumahinji tweMagwaro ndokukiinura zvinobwinya nezvakanaka zvaMwari, kuzviisa kuvanhu vaKe. Maona? Saka, ndiko, kutenda kwakabata kiyi inokiinura Kristu kuvanhu; kunozvikiinura, nokuzviisa pachena.

⁶² Saka, nhasi, tichaedza kutora kiyi imwe cheteyo, kuti tikiinure nzira inokuita muKristu ane simba ari muchimiro chaMwari, kuti, ave Tabhenakeri mhenyu yaMwari mupenyu yokuti agare mairi.

⁶³ Rangarirai kuti, Mwari anoZviratidza nenzira nhatu. Panguva yekutanga, Akazviratidza Omene muShongwe yoMoto, ndohwainzi huBaba. Uye Mwari mumwe chete, akaratidzwa muna Jesu Kristu, unova mutumbi waAkavaka, akagadzira mutumbi uyu. Ketatu, kubudikidza nokufa kwomutumbi uyu, Akachenesa Chechi yaAnogona kugara mairi. Wakatanga ari Mwari pamusoro pedu; Mwari anesu; Mwari ari matiri; Mwari mumwe chete.

⁶⁴ Ndicho chikonzero Akanzi Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Kwete vanaMwari vatatu; mahofisi matatu aMwari mumwe chete. Dai vakafunga nezvazvo paNicene Council, tingadai tisina kuvhiringidzwa, taizodaro kani? Ndizvozvo chaizvo. Kwete vanamwari vatatu. Vanhu vakanga vasingagoni kunzwisisa kuti sei Jesu akataura kuna Baba, uye Iye naBaba vari Mumwe. Zvino, ndopane nyaya yose. Chokwadi, zvinongozvibhedhenura. Zvirokwazvo. Maona? Havasi vanaMwari vatatu. Mahofisi matatu! Matatu ma- . . .

⁶⁵ Chiiko ichi? Mwari achizvideredza kuzvisikwa zvaKe. Mwari anoda kunamatwa. Inzwi rokuti *Mwari* rinoreva kuti “chinhu chinonamatwa.” Zvino ndiMwari achiedza kugadzira vanhu vaKe, kuti agone kuwana kubva kwavari zvaAkavasikira. Haana kukuita kuti uve chimwe chinhu kunze kokuva mwanakomana nemwanasikana waMwari. Kana wapotsa izvozvo, zvokuva mwanakomana nemwanasikana waMwari, wapotsa chawakananga.

⁶⁶ Zvino “kupotsa,” shoko rokuti *c-h-i-v-i* rinoreva “kupotsa chawakananga,” kupotsa chawakananga. Zvino, kana ndichipfura chinhu, ndichipfura ndiri panhanho makumi mashanu, zvino ndopfura; nditora pfuti yangu ndopfura, uye ndikachipotsa, namainji mana kana mashanu, chii chaitika? Pfuti yangu inoda kugadziridzwa. Pane chakanganisika. Zvino kana ndikapotsa kutenda muna Mwari, kana ndikapotsa kuva muKristu. . . Mwari akakuisa pano kuti uve muKristu. Kana watsauka kune rimwe divi, dzoka upinde mugwara rakanaka. Zvino pane chinhu chimwe chete chinokwanisa kukugadzirisa, ndiwo Magwaro. Mweya Mutsvene uri muMagwaro, unokugadzirisa, wokuunza pakatarisana nechawakananga zvakare. Ndizvozvo chaizvo.

⁶⁷ Zvino tichadzidza Shoko raKe. Stefani akati, muna Mabasa 7, uyewo muna. . . Ngativerengei izvozvo. (Zvichitaura nezve zvino, tiri kutaura nezveTabhenakeri yaMwari.) Zvino, Stefani akati. . . (Kuti, ichange iri Tabhenakeri inorarama yaMwari mupenyu). Stefani akati, muna Mabasa chitsauko 7, uye ndinotenda kuti ti. . . Muna Mabasa 7, kutanga pandima 44:

Madzibaba edu aiva netabhenakeri yehuchapupu murenje, sezvaakaraira iye, wakataura naMosesi, kuti aiite nomufananidzo waakaona.

Yakati yagamuchirwa nemadzibaba edu, madzibaba edu akauya pashure vakapinda...naJesu kusvika pakutora nyika yavaHedheni, avo vakadzingwa naMwari pamberi pamadzibaba edu, kusvikira pazuva raDhavidhi;

Iye akanzwirwa nyasha pamberi paMwari, akashuva kuvakira Mwari waJakobho pokugara.

Asi Soromoni akamuvakira imba.

Asi wokuMusorosoro haagari mutemberi dzakavakwa namavoko; sezvakarehwa nomuporofita achiti,

Denga ndicho chigaro changu choushe, nenyika ndicho chitsiko chetsoka dzangu: muchandvakira imi imba yakadiniko? ndizvo zvinoreva Ishe: kana nzvimbo yandingazorora pairi ndeipi?

⁶⁸ Zvino mu...Zvino, “tabhenakeri,” i, zvirokwazvo, nzvimbo yatinoenda kunozorora, iye zvino, kuti tiwane kuvandudzwa, nezvakadaro, sokuzorora kubva kuhope, kana zvakadaro. Zvino, VaHebheru 10, pandima 5, Pauro anozviburitsa pachena.

Saka pakusvika kwake panyika, anoti, Chibairo... (NdiKristu)...Chibairo nechipo makazviramba, asi makandigadzirira mutumbi:

⁶⁹ Saka tabhenakeri yacho chii zvino? Mutumbi, Mwari achigara muMutumbi.

⁷⁰ Mwari akambenge, ari kumsoro, paAkaburukira pagomo, kunyange kana bhu—bhuru kana mhau yaigunzva gomo racho, yaifanira kuuraiwa. Mwari mutsvene.

⁷¹ Husiku hwapfuura, apo Ngirozi dziya dzaizvifukidza huso hwaDzo. MaSerafimu matsvene ane huso hutsvene, asingazivi kuti chivi zvinorevei, uye Anofanira kufukidza huso hwaWo, muHupo hwaMwari; kufukidza tsoka dzaWo, mukuzvininipisa.

⁷² Zvino, Mwari mutsvene wanga asingatenderi chivi, naizvozvo hapana chaigona kubata gomo iro pakanga pana Mwari.

⁷³ Zvino Mwari akazoitwa nyama ndokugara pakati pedu, muna Jesu Kristu, Mwanakomana waKe, chisikwa chaKe. Zvino Mwanakomana iyeye akapa upenyu hwaKe, nechizenga cheRopa raMwari chakatsemurwa, kuti Upenyu hubude muRopa, huchiuya kwatiri.

⁷⁴ Kubudikidza neRopa iroro takacheneswa. Uye zvino ropa redu, hupenyu hwedu, uhwo hwakauya nenzira yokusangana kwomurume nomudzimai, kwakaunza upenyu hwedu munyika. Ropa raJesu Kristu rinotichenesa, nokushandura hunhu hwedu, nokuisa patiri iwo Mweya Mutsvene; zvino tobva tapinda muhunhu Hutsvene hwaMwari, zvino tobva tava nzvimbo yokugara yaMwari. Jesu akati, “Pazuva iro muchaziva kuti Ndiri

munaBaba, naBaba vari maNdiri; Ini ndiri mamuri, nemi muri maNdiri.” Maona?

⁷⁵ Zivai kuti Mwari ari muChechi yaKe sei. Chechi zvino inofanira kunge ichitora nzvimbo yaKristu, ichienderera mberi neshumiro yaKe. “Uyo anotenda maNdiri, mabasa andinoita naiye uchaaitawo. Asi kwechinguva chiduku, nyika haizoNdioni; asi imi muchaNdiona, nokuti ndichange ndinemi, kunyangwe mukati menyu, kusvika kumagumo enyika.” Maona? Hezvo iyoka, ichienderera mberi nebasa raKe.

⁷⁶ Zvino, Mwari, kana kuti Bhaibheri rakati pano, rakadaro. Stefano akataura nezvaSoromoni achivaka temberi, “Asi Wokumusoro—soro haagari mutemberi yakagadzirwa namavoko. ‘Nokuti Denga ndicho Chigaro chaNgu chohushe, nyenika ndicho chitsiko chetsoka dzaNgu. Zvino iripiko nzvimbo yaNdingazororera?’ ‘Asi MakaNdigadzirira Mutumbi.’” Amen. Hezvoka.

⁷⁷ “MakaNdigadzirira Mutumbi.” Mwari anogara muchimiro chomunhu, achiZviratidza mumuMunhu iyeye. Kushumira kwakakwana! Mwari ari mukati medu, iri Tabhenakeri yaKe, Mwari achizviratidza. O, taigona sei kugara pana izvozvo kusvikira maitozopotsa maziya nokushaya mweya wokufema, nokuda kwokupisa. Cherechedzai, kuti, Mwari akagara, panguva dzose, achiZviratidza nomumunhu.

⁷⁸ Akanga ari Mwari muna Mosesi. Mutarisei, akaberekwa ari mutungamiriri; Kristu. Panguva yaakaberekwa paiva nokutambudzwa kwevana, vachiedza kuti vamuwane; ndozvaiva zvimwe chetewo naKristu. Uye aka—akadzikinurwa munguva iyoyo; zvimwe chete naKristu. Wakanga ari mupi womurairo; zvevaivawo Kristu. Mosesi akakwira, mazuva makumi mana, akapiwa mirairo, akaburuka. Kristu akaenda murenje, mazuva makumi mana, akadzoka, achitaura kuti, “Makanzwa nezvavo vekare, ‘Usaita upombwe.’ Asi, ndinoti kwamuri, uyo anotarisa mudzimai, kuti amuchive, atoita upombwe naye kare.” Maona? Zvinhu zvose izvi zvakasiyana—siyana, izvi, Mwari achiZviratidza.

⁷⁹ Tarisai pana Josefa, akaberekwa ari mukomana womweya pakati pe—peboka rehama dzake. Vose vakanga vari vanhu vakanaka, vose vari vakuru veIsraeri. Asi, Josefa paakauya, akanga akasiyana. Waiona zviratidzo, achidudzira hope, uye achivengwa nemadzikoma ake nokuda kwaizvozvo. Nokuda kwebasa raakanga aisirwa panyika naMwari kuti aite, madzikoma ake akamuvengera izvozvo. Maona? Zvakanga zvichinongedzera kumuchinjikwa. Uye, tarisai, akatengeswa namasirivheri anoda kusvika makumi matatu, namadzikoma ake. Akakandwa mugomba, kuti afe, namadzikoma ake. Akabudiswa mugomba iroro, akaenda ndokugara kuruvoko rworudyi rwaFarao. Uye hakuna munhu waigona kuuya kuna

Farao, uyo aitonga pasi rose muzuva iro, hakuna waigona kuuya kuna Farao, asi bedzi nokuna Josefa. Hakuna munhu anogona kuuya kuna Mwari, asi bedzi kuburikidza naKristu. Zvino Josefa kana obva kuimba youmambo, asati abuda, pane hwamanda yairidzwa, uye vamhanyi vaimhanya mberi kwake, vachidaidzira kuti, “Gwadamai namabvi! Josefa ari kuuya!” Hazvinei kuti waiva papi, kana kuti wanga uchiitei, kana basa rako ranga rakakosha sei; waitofanira kuwira pasi namabvi ako kusvikira Josefa asvika.

⁸⁰ Zvino kana Hwamanda yarira, rimwe ramazuva ano, ibvi rose richagwadama uye rurimi rwose rwuchapupura. Kana Kristu, Josefa wedu, azosiya Kubwinya achiuya, basa rako haraizombokosha ipapo. Ibvi rose richagwadama, nokuMupupurira iye kuti Mwanakomana waMwari. Ndizvozvo chaizvo.

⁸¹ O, tinoMuona sei munaDhavhidhi! Kuti sei Dhavhidhi, mambo akarambwa, akabviswa pachigaro chake choumambo, nehama dzake, mwanakomana wake, akagara paGomo reMiorivi, paakawira, pamusoro peGomo reMiorivi, akatarisa shure pamusoro peJerusarema akachema; nokuda kwavanhu vake, vaakanga ashandira nokuvadzidzisa zvaMwari, uye vanhu vake vakamuramba nokumukandidzira zvinhu, nokumusvipira mate nokumunyomba, akatanga kukwira gomo uye arambwa. O, zvakafanana sei nezveMwanakomana waMwari, makore mazana masere akatevera; Mambo akarambwa, pakati pavanhu vaKe, akagara pagomo akachema pamusoro peJerusarema, saMambo akarambwa.

⁸² Chakanga chiri chii? Mwari achiZviratidza muvaporofita ivavo, achiratidza Kristu.

⁸³ Zvino ndokuzouya Mumwe wanga ari kukwaniswa kwaMwari. Aiva Mwari pakati pedu.

⁸⁴ Zvino kubva panguva iyo, Iye Akazviratidza nemuChechi yaKe, kudivi rino reKarivhari. Saka, maona, tose tiri kuedza kusvika kunzvimbo iyi yokugara, Tabhenakeri yaMwari mupenyu. Zvino pane vamwe vanhu. . .

⁸⁵ Tinocherechedza pano, akati, “Kutanga tine kutenda, simba, zivo, kuzvidzora, kutsungirira, kunaka kana humwari, nerudo rwehama.” Zvakanaka. Tsitsi nehama, uyezve towedzera rudo. Regai ndiverenge izvi, zvose, zvekare, muve nechokwadi kuti munozvibata iye zvino. Zvino tichatanga pandima 5.

Zvino kunze kweizvi, muchishingaira, wedzerai simba pakutenda kwenyu; napasimba zivo;

Napakuziva kuzvidzora; napakuzvidzora kutsungirira; napakutsungirira humwari;

Napahumwari tsitsi nehama; napatsitsi nehama kuda, runova rudo.

... kana mune zvinhu izvi mamuri, uye zvichiwanzwa, zvichakuitai kuti musava vasingabereki kana vasingashaiwi pakuziva Ishe wedu Jesu Kristu.

⁸⁶ Zvino Petro ari kutiburitsira chimwe chinhu pano, kuti tinosvikapo sei.

⁸⁷ Zvino ndinoda kutaura chinhu ichi, kuti, pane vamwe vanhu vane chikamu chesimba iri, zivo, uchenjeri, kutsungirira, uye nezvakaDaró, vasingatombosviiti maKristu. Zvino tichango... tiri kudzidzisa boka reSunday school. Uye ndicho chokwadi. Kune vamwe vanhu vane chikamu chezvinhu izvi, vasingatomboedzeseri kuva maKristu. Asi izvozvo hazvi... Izvozvo hazvivaitisi. Zvakafanana neshiri nhema iri kuedza kubaira minhenga yepikoki mumapapiro ayo, kuti iite pikoki. Zvinongoiisa pakunyadziswa. Zviri nani kugara iri shiri nhema. Maona? Paanoedza kuita zvinhu izvi asati aita muKristu, angova munhu asiri panzvimbo yake.

⁸⁸ Zvakangoita semuti wemusycamore uri kuedza kugadzira maaprozi. Haungagoni kuzviita, maona, kunyange zvawo uri muti. Asi haukwani kuti kugadzira maaprozi.

⁸⁹ Zvakaita senyurusi riri kuedza kugadzira makushe, kuedza kuita gwai asi riri—riri nyurusi. Maona, haringagadzire makushe. Harigoni kuzviita. Makushe chipo kugwai, kwete kunyurusi. Ringaedza kuita segwai, asi rinongova nyurusi. Maona? Saka, rinoti, “Asi, ndinokwanisa kufura segwai. Ndinokwanisa kuita *izvi* segwai.” Zvino hazvina basa zvaunogona kuita, unofanirwa kuva gwai kuti uve namakushe.

⁹⁰ Zvino regai ndimire pano kweminiti. Gwai harigadzire makushe. Rina makushe nokuti igwai. Vanhu vazhinji vari kuedza kuti, “Saka, tichaedza kuita zvakanaka. Ndichaedza kuita *izvi*.” Usaedza kugadzira zvinhu. Kwete, haugoni kuzviita. Gwai harigadziri, harikumbirwi kuti ridaro, haritarisirwi kuti rigadzire makushe. Rinobereka makushe, uye rinozviita nokuti igwai.

⁹¹ Zvino kana wava muKristu, unongobereka chibereko choMweya. Iwe hau—iwe hauite chokugadzira. Hauedzi kuchigadzira. Ukaedza... Usazviita chimwe chinhu chausiri. Ingova bedzi zvaunofanira kuva, zvino zvimwe zvose zvinounda panzvimbo yazvo. Makambonzwa here vanhu vachiti, “Zvino, ndinokutaurira. Ndiri... Ndakajoina chechi. Ndi—ndinofanira zvirokwazvo kuchisiya kunyepa uku”? Uri kuedza kugadzira chimwe chinhu zvakare, zvino. Haukwani kuti kuzviita, saka hapana chikonzero chokuedza kudaro, hazvipfuuri—pfuuri nyu—nyurusi kukwanisa kwaro kuzvigadzira kuti riite makushe. Harigoni kuzviita.

⁹² Kana, gora richiedza kudya pamwe chete nenjiva, gora richiedza—gora richiedza kuva njiva. Mungazvifunga here kuti gora kunze uko, ringati, “Munoziva, ndiri njiva,” uye

roisa minhenga mishoma pamuviri waro, roti, “Maona, ndinotaridzika se...” Maona? Rinenge risisina chimiro. Ndizvo zviri mu—munhu uyo ari kupupura kuva chimwe chinhu chaasiri. Maona, haukwani kuzviita.

⁹³ Haugoni kuti, “Zvino tarisai, ndinofanira kuva nesimba, saka ndichava nesimba. Ndinofanira kurarama humwari, saka ndichangova nahwo.” Sei, uri kungoedza kunamatidza minhenga. Kunyange iri pedyo newe, asi haugoni kuisa minhenga iyi pashiri isiri iyo. Maona? Hazvingatongoshandi. Uye zvinongoratidza kuti shiri iyi munyengeri akadini. Maona? Mungazvifunga here kuti gora rachembera ringaedza kuva neminhenga mishoma yenjiva, richiti, “Tarisai kuno, maona, ndiri njiva”? Maona? Sei, tose tinozviziva kuti igora. Maona? Maona? Ndizvo zvoga. Tinogona kuona kuti igora.

⁹⁴ Zvino, ndozvazviri, pakuedza ku—kugadzira chiKristu. Haugoni kuzviita. Chokutanga chaunofanira kuita, kuti uberekwe patsva. Unofanira kushandurwa. Maona? Zvino kana washandurwa, unova chisikwa chitsva. Zvino uri kuitwa wakanaka, zvino. Maona? Zvino haufaniri kushushikana pamusoro peminhenga, ichazvigadzirisa yoga, kana—kana waberekwa patsva. Hongu, changamire.

⁹⁵ Sezvandakagara ndichitaura nguva dzose. Ukatora ngu—nguruve, woikwasha nokuipfekedza sutu yevezvikepe, kana sutu yetuxedo, yakadaro, woisa pairi, uye woiburitsa kunze uko; inonanga kugomba ramatope ndokunoumburukamo. Nekuti, munoono, hazvimboiti zvakanaka. Inguruve. Ndiwo hunhu hwayo. Kuumburuka ndiwo hunhu hwayo. Unofanira kushandura hunhu hwayo, uye (iyo) zvimwe zvose zvinongozogadzirika zvoga.

⁹⁶ Zvino cherechedzai. Unofanira kuberekwa patsva, ndiko, kushandurwa. Panofanira kuva neshanduko.

⁹⁷ Unoti, “Zvakanaka, Hama Branham, ini ndinoziva mudzimai wakati anogara uko, mufunge, haana kumboita chinhu chakaipa. Iye mudzimai akanaka. Kana kuti, murume *wokuti-nowokuti*, iye murume akanaka. Hapana zvaanomboita. Munoziva haakuvadzi chero munhu.” Izvozvo hazvimborevi kana chinhu chimwe chete. Anogona kuita muvakidzani akanaka, asi haasi muKristu kusvikira aberekwa patsva.

⁹⁸ Jesu akati, “Kunze kwokuti munhu aberekwa patsva,” Mutsvene Johane 3, kuti, “haangoni kuona Humambo.” Zvino, izvo zvinoreva, *kuona*, zvinoreva kuti “kunzwisisa.”

⁹⁹ Unotarisa pachinhu chose chose, woti, “Handisi kutongozviona.” Unoreva kuti hauzvinzwisisi izvozvo.

¹⁰⁰ Munhu haazvinzwisise kuti sei vanhu vachidaidzira. Munhu haagani kuzvinzwisisa kuti sei mutauro womunhu ungashanduka munhu ndokutaura nerumwe rurimi. Munhu wenyama haagani kuona kuti kubwinya kwaMwari kunouya

sei kuchifukidza maziso omunhu, zvino unozoona zviratidzo nokuudza vanhu pamusoro pezvinhu, uye nezvokuti vaite; kuvaudza zvinhu zviri kuda kuitika, nekugadzirira zvinhu zvava kuda kuitika, sezvatakaitirwa isu naShe husiku hwapfuura, saizvozvo. Maona? Maona? Idzo—idzo pfungwa dzenyama dzinoedza kuzviona. “Saka, chii chaaita? Kana kuti, ipipi ripi raari kushandisa? Imhandoi yamanomano yaainawo?” Kuona munhu achitaura nendimi, vanongoti. . . uye mumwe odudzira nokutaura zvazviri kunhengo yoMutumbi kuti chii chavakaita, nezvavasingafaniri kuita. Maona? Maona? Vanofunga kuti ndeimwe mhando yepipi. “Pane chimwe chinhu chavakaronga pakati pavo.”

¹⁰¹ Havagoni kuzvinzwisisa kusvika munhu iyeye aberekwa patsva. Zvino kana aberekwa patsva, zvino ava munzira yekuyanana, nokuti ava chisikwa chitsva. Hunhu hwakare hwokufungira—fungira, nehwokukahadzika hwaiva, hwafa. Zvino, iye ava chisikwa chitsva. Zvino, munoona, iye haafaniri kuwedzera chimwe chinhu kwaari, zvino, nokuti zvichazviwedzera zvega.

¹⁰² Cherechedzai, munofanira kuberekwa patsva. Uye kana waberekwa patsva, haugoni kuberekwa patsva usina kutenda. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, maona, pachati rangu pano, ndine nheyo yacho chaiyo, kutenda ndiyo nheyo yazvo zvose. “Nokuti pasina kutenda hazvikwanisiki kufadza Mwari. Uyo anouya kuna Mwari anofanira kutenda kuti Ariko, uye kuti Anopa mubairo kune avo vanoMutsvaka nomwoyo wose.” Maona? Anofanira kuva akadaro. Zvino kana uri mushori weBhaibheri, kana uri mushori weShoko kuti rakarurama, ungasva hako wambogara kusvikira wava kuzvitenda.

¹⁰³ Chivi chiiko? Kusatenda. Kune zvinhu zviviri bedzi zvinotonga munhu. Ndiko kupokana kana kutenda, chimwe kana kuti chimwe chacho. Wakatapwa neicho chiri kurunzira upenyu hwako. Zvinogenderana nokuti kutenda kwakadini kwaunako, unogona kusimuka kusvika papi.

¹⁰⁴ Asi, kutanga, kunofanira kuva kutenda. Regai ndimbogara panheyo iyoyo kwechinguva. Zvino, kutenda ndozvaunofanira kuvimba mazviri. Kutenda ndiko. . . “Kutenda ndechinobatika chezvinhu zvakatarisirwa.” Ndokuti, iwe watova nacho kare kana une kutenda, nokuti charatidzwa pachena mukutenda. “Kutenda ndechinobatika chezvinhu zvakatarisirwa.” VaHebheru 11, maona, “humbowo.” Icho chii? Imhandoi yeumbowo? Humbowo hutsvene.

¹⁰⁵ Naizvozvo, paunoti, “Hama Branham, ndinotenda kuti Mwari mupodzi.” Zvakanaka, kana uchitenda izvozvo, zvinoka chiMugamuchira semupodzi wako, uye usinganyepi, asi uchitenda zvirokwazvo kuti namavanga aKe wakapodzwa, hakuna chinhu chichakubvisa kubva pazviri. Inyaya

yatogadziriswa. Zvino unogona kuva netariro, uchiramba uchitizira kune *zvizvi* uye uchitizira kune *zvozvo*. Asi paunova nokutenda, unozviziva, nokuti ndihwo humbowo. Watova nacho kare. Ndanga ndiri . . .

¹⁰⁶ Vangani, kana ani zvake, anzwa Oral Roberts mangwanani ano, apo paanga achiparidza mangwanani ano, Oral Roberts? Nda—ndamunzwa achitaura chimwe chinhu kana chimwewo pamusoro pokuti paiva nokutenda, kwokudzikinura, achinamata munamato wokutenda, wokudzikinura. Iye ati, “Gunzva nokubata redhiyo, gunzva ubate chimwe chinhu, kuti . . .” Murume uyu anga achiita izvozvo, kuitira kuti zvigopa vamwe vanhu chimwe chinhu chavangakanise kubata. Chimwe chinhu, woti, “Ndava nacho zvino, nokuti andiudza kuti ndibate redhiyo yangu. Ndava nacho.” Maona? Zvino, zvakangonaka. Asi, zvino, kutenda kwamazvirokwazvo hakufaniri kuva nekubata chimwe chezvinhu izvozvo. Zvino, handisi kupa Hama Oral mhosva, kwete zvachose. Iye ari kuita basa guru, uye munhu waMwari, uye ndi—ndinofunga zvakananyanya nezvaOral Roberts. Zvakaipa kuti hatina vakawanda vakaita saye.

¹⁰⁷ Asi zvandiri kuedza kutaura, kuti—kuti, kutenda hakudi chimwe chinhu. Maona? Kutenda kunobvuma Shoko raMwari. Nokuti kutenda kunouya noku “bata”? Kwete. “Kutenda kunouya nokunzwa, uye nokunzwa Shoko raMwari.” Izvozvo ndizvo zvinokusimbisa. Zviripo. Maona? Zvino kutenda, sezvataurwa, hakuganhurwi nekuva kure kwechinhu. Kutenda ndekwa iko zvino. Kutenda kuri pano. Zvino sekuti kana pane mumwe munhu . . .

¹⁰⁸ Kamwana kadiki kaya, rimwe zuva riya. Amai vava avo Hanzvadzi Kidd navamwe vakataura pamusoro pavo, vaiva nekamwana kadiki kaiva noura hwakabuda kunze, pasina pakavhurika zasi, pokubudisa napo zvokudya. Zvino, mudzimai uyu, achinzwa Hanzvadzi Kidd navamwe vachipupura, akatenda kuti akagona kundibata, zvino ndonamatira mwana iyeye. Zvino, maona, Mwari anotipa vanhu . . .

¹⁰⁹ Vamwe vedu tine zviitiko naMwari, zve—zvemazvirokwazvo zvekuti Mwari anozova sokuenda pano apa, sokufanana, nokutaura naHama Neville kana mumwe munhu wawakajairana naye. Zvino dzimwe nguva tinokumbira vanhu ivavo kuti vatinamatire. Ndizvo zvatnofanira kuita. Zvino kana tiine kutenda kuti murume kana mudzimai, chero ani zvake ari kutinamatira, ari kutaura kuna Mwari, zvino kutenda kwedu kunobatwa. Kunobatwa. Nyaya yagadziriswa.

¹¹⁰ Pano. MuRoma akabuda kunosangana naJesu. Zvino iye akati, “Ha—handina kukodzera kuti Muuye pasi pemba yangu. Handina. Ha—handina kukodzera. Uye ha—handi . . .Ini—ini handizvioni saizvozvo. Asi,” akati, “mwanakomana wangu

ari kurwara kwazvo. Zvino Imi ingotaurai Shoko, maona, mwanakomana wangu uchararama.”

¹¹¹ Chakanga chiri chii? Kureba kwekwaava kwakashaya basa. Maona? Nokuti, Mwari ari pasi pose. Mwari ane masimba ose. Uye kwose kuna Mwari, samasimba anenge aripo. Zvino Mwari, zvaari pasi pose, zvinoita Mwari ave kwese kwese, pasi rose. Maona? Mwari mukuru muGermany, muSwitzerland, nezasi muAfrica, paminiti ino, sezvaAri iko zvino pano. O! Hezvo ka.

¹¹² Saka zvino iye akati, “Ini handina kukodzera kuti Muuye mumba mangu. Ingotaurai Shoko bedzi.” Changa chiri chii? Kwanga kuri kutenda kwemuRoma uyu. Akazvitenda.

Saka Jesu akati, “Chienda zvako. Mwanakomana wako anorarama.”

¹¹³ Zvino akaenda, rwendo rwamazuva maviri. Zvino zuva rakatevera, asati asvika kumba, akasangana navamwe vevaranda vake vachiuya. Uye akati, “Mwanakomana wenyu anorarama.”

¹¹⁴ Zvino muRoma akafadzwa zvikuru, kusvikira akati, “Inguva ipi yezuva apo akatanga kuita zvakanaka? Inguva ipi yezuva?”

Iye akati, “Inenge nguva yegumi neimwe chete, ndopaakatanga kupora.”

¹¹⁵ Zvino muRoma akaziva kuti ndiyo nguva Jesu yaakati, “Mwanakomana wako anorarama,” uye iye akazvitenda. Amen.

¹¹⁶ Ana masimba ose, ari pose pose, anoziva zvose, haagumirwi, ndozviri Mwari. Saka, pavanoridza runhare vachiti, “Namatai!” Kubata uku! Uye kutenda kwako kunounza Mwari. Ndicho chinhu chinounza munamato naMwari, pamwe chete, panzvimbo. Munamato! Kutenda kunoshanduka kubva *pano* kuenda *apo*. Kunozviisa pamwe chete.

¹¹⁷ “Taurai Shoko. Zvandinongoda kuti Imi multe kutaura Shoko, uye zvinhu zvose zvichanaka.” Maona, Wanga asingafaniri kuti avepo. “Ingotaurai Shoko.” Sei? Mwari ari pose pose. Ane masimba ose. Anongova namasimba pasi penyika sezvaanongova Ari pamusoro penyika, kana chero kudivi ripi. Iye ndiMwari. “Zvino chinhu bedzi chaMunofanira kuita kungotaura Shoko,” iye akataura.

¹¹⁸ Uye, zvino, kutenda kunoita zvose zvasara. Kutenda kunopedzisa zvasara. Saka unofanira kuva nekutenda senheyo. ChiKristu chose, zvose zvaari, zvose zvauchazova, zvakazendamira pakutenda Shoko. Ndochikonzero ini ndichitenda Shoko. Maona?

¹¹⁹ Handigoni kuisa kutenda kwangu pane chimwe chinhu. Dai ndaizonokuisa pachechi, ndeipi chechi yandaizokuisa pairi: Katorike, Lutheran, Methodisti, Bhaptisti, Pentekosta? Ndepapi pandaizokuisa? Ini handizivi. Vose vanokakavadzana uye nezvime zvose, kushonyorora mutsetse, nezvinhu zvose.

120 Asi kana ndaisa kutenda kwangu muShoko raKe, ratodzika midzi. Hapana anoRidudzira. HeRinoi, ZVANZI NAJEHOVHA. Saka ndinoZvitenda. Ndopane nheyo.

121 Chiremba muduku akanaka zasi kuno muguta, shamwari yangu, Chiremba Sam Adair. Taiva vakomana tiri pamwe chete. Mose munoziva Sam. Zvino akati kwandiri, akati, “Bill. . .” Mushure mechiratidzo ichochi chauya, ndokumuudza panzvimbo yaaizovakira nzvimbo yake, nokuratidzika kwazvaizoita. Zvino pinda imomo, umubvunze imwe nguva kana ichi chisiri chokwadi. Makore maviri kana matatu zvisati zvaitika, ndokumuudza pazvaizova. Ndakati, “Uchatoita souchatora chikamu chose chechivakwa chikuru chiri muguta.” Panongori nechinhu chimwe chete pakati pake naipo, ndiyo iyo nzvimbo yekuvandudzira zvirema. Chiremba Adair vakawana pamwe pose, nechitoro chemishonga. Ndizvo zvole. Chiremba Adair vakazadzisa saizvozvo, chiratidzo ichocho. Apo, panzvimbo yavaiti, “Haigoni kubatwa kwemakore makumi maviri nemashanu. Zviri mumatare.”

122 Ndakati, “Chiremba, Ishe vari kuipa kwamuri, nokuda kokuzvininipisa kwenyu.”

Iye akati, “Handina kunaka.”

123 Ndikati, “Uri kamba yomumvura. Une demhe kunze, goko rokuti unotarisa shamwari dzako kunze uko, asi mukati uri munhu kwaye. Buda mudemhe iroro.” Ndakati, “Mwari aipa kwauri.”

124 Iye akati, “Handisati ndambokupokana, Billy, asi ndichafanira kupokana izvi.”

Ndakati, “Enda kuhofisi yako.” Zvino akabuda ndokuenda.

125 Mangwanani akatevera, akandifonera, akati, “Ndaoma nokutonhorwa zvokufa.”

126 Ndakati, “Chiiko chanetsa?” Makanga muri muna Chikunguru. Ndikati, “Chiiko chanetsa, Chiremba?”

127 Vakati, “Ndatotenga kare nzvimbo iya, Billy. Vakaita musanganano usiku hwapfuura kuBoston, saka ndatotenga kare nzvimbo iya mangwanani ano.”

Ndikati, “Ndakakuudza.”

128 Ndaiva pasi ikoko rimwe zuva, ndichitaura navo, apo pfuti yakaputikira kumeso kwangu. Iye akati, “Ndinofunga ndaudza izvi kuvanhu churu vanouya muno, saizvozvo.” Chii? Zvino, kana Mwari vataura chimwe chinhu, chinotofanira kuitika.

129 Manheru apfuura dzimwe shamwari dzangu dzakauya. Vakanga vanzwa nezve chiratidzo chenhoro yaiva nenyanga yakareba mainji makumi mana nembiri, uye nebere rakacheneruka. Handizivi kuti vanhu vangani vakauya kumba, vanoda kuona izvozvo. Ndakati, “Heinoi tepi yekupimisa. Endai

panyanga.” Vakazvinzwa zvichitaurwa zvisati zvaitika. Maona? Sei? Mwari kana vataura chinhu, chinotoitika. Ndochikonzero, zvichivimbwa nazvo.

¹³⁰ Zvino, *heino* nzira yeruponeso. Zvino kana chiratidzo chaKe chakaitika nemazvo, chaizvo—izvo nenzira yavakati zvaizoita, uye chechi pano inoziva kuti ndizvozvo, saka zvakatodini neShoko raKe. Maona? Rakatonyanya kuva zvokwadi kupfuura chiratidzo. Kana chiratidzo chisina kutaura seShoko, saka chiratidzo chakakanganisika. Asi iShoko, kutanga, nokuti Shoko ndiMwari. Maona? Saka, Iye ari pose pose nguva yose. Akazvitaura izvozvo pano, nokuzoita kuti zviitike kuCanada. Amen. Maona, Ari pose pose nguva yose. Zvakanaka.

¹³¹ Chokutanga, unofanirwa kuberekwa patsva. Zvino kana waberekwa patsva, une kutenda; unotenda Shoko. Kusvika waberekwa patsva, uchakakavadzana naRo. Kana wakarerekera pane zvokunamata, uye—uye une zivo sho—sho—shoma yomunhu yokuti unofanira kuita zvakanaka, hauzokwanisi kubvuma paShoko raMwari. Hauzombofi wakazviita. Unofanira kuberekwa patsva. Zvino, kuberekwa patsva, kunobereka kutenda. Zvakanaka. Zvino, mushure mokuwana kutenda, izvi pano *apa*, k-u-t-e-n-d-a, kutenda, zvino wava panzvimbo yokukura.

¹³² Zvino, vanhu vazhinji vanokwira kuaritari, uye vonamata, vachiti, “Ishe, ndiregererei.” Uye chiitiko chikuru chokucheneswa chinouya pavari, nezvimwe. Saka unova nenguva huru, wokwira kuaritari, uchidaidzira. Unodzokera, uchiti, “Mwari ngaakudzwe, ndachiwana.” Kwete, uchangotanga kusvika panzvimbo yaunokwanisa kukura. Hauna zvawati wamboita. Maona? Chinhu chawaita kuisa nheyo bedzi.

¹³³ Zvino wava kuzonovaka imba, iwe unodira nheyo, uchiti, “Vakomana, ndakazomuwana.” Maona? Wawana nheyo pokuvakira imba yako. Zvino unofanira kuvaka imba.

¹³⁴ Zvino ndipo panopinda nyaya iyi, mangwanani ano, yatiri kuzotaura nezvayo zvino. Zvakanaka. Paimba, nheyo iyi ndicho chekutanga. Chii chinova nheyo yechiKristu? Kutenda muShoko raMwari. Ndiyo nheyo yako. Zvino wotanga kukura. Zvino wotanga, unotanga kuwedzera panheyo iyi.

¹³⁵ Zvino, kuvaka imba, unoisira mapango ako anomira nezvimwe zvose. Hama Woods, nevamwe vavezi nevanovaka vari pano vaigona kutiudza kuti unovaka sei imba yako. Maona? Asi ndiri kuzokuudzai kuti munovaka sei imba yenyu yepamweya, apo Mwari paanogona kugara. Anoda kugara mauri. Anoda kukuita saYe. Anoda kuti uratidzwe, uratidze, tidaro, Hunhu hwaKe.

¹³⁶ Munoziva, munguva dzakare apo vaisigadzira ndarama, vasati vava nemvuto dzekuipisa nadzo, vaitodzvura ndarama,

kudzvura kuti tsvina ibude, simbi, nemhangura nezvakadaro, zvbude, vaingoiramba vachiirova, nekuisandura, nekuirova. MaIndia vanoita izvozvo nazvino, kudzvura ndarama, uye vanoipwanya. Munoziva kuti vaiona sei kuti simbi yose yabuda, netsvina yose nemarara, nezvose zvakabuda? Ndipo panenge uyo anga achiidzvura ava kuzviona pairi, sechiringiriro, imomo. Yainge yachena zvakakwana kusvikira mudzvuri ava kuzviona mairi.

¹³⁷ Ndiyo nzira inoitwa nayo naMwari. Anotora ndarama yaAkawana munyika, Oidzvura, neMweya Mutsvene, oipindura, nekuipindura, nekuipindurazve, nokuidzvura kusvikira (Anotambira) Ava kuzviona mufananidzo waKe. [Hama Branham vanoombera maoko avo kakawanda pavaitaura mashoko awa ose—Mupepeti.]

¹³⁸ Zvino ndizvo zvatinfoanira kuita, kuratidza Mwanakomana waMwari. Uye zvino tinofanira kuita basa raKe. Iye akati, “Uyo anotenda kwaNdiri...” Mutsvene Johane 14:7, “Uyo anotenda kwaNdiri, mabasa aNdinoita achaitawo.” Wave kutanga kuratidza mabasa aKristu.

¹³⁹ Asi vazhinji vedu tinoedza kuita mabasa aKristu kuratidzwa kwaKristu kusati kwava matiri. Zvino apa ndipo pane dambudziko. Tinoona zvinhu izvozvo zvichiitika. Munozviziva. Ndinozviziva. Tinoona ava, vachigumburwa munzira. Tinoona vashumiri vakaita murwi wamarara, emaKristu, akaungana mumugwagwa, chikonzero ndechokuti havana kupinda mazviri zvakana.

¹⁴⁰ Uye ndochikonzero ndiri pano mangwanani ano, kuti ndiedze kudzidzisa chechi iyi duku, neni, kuti tingagone sei kuva nzvimbo yokugara yaMwari mupenyu. Vangani vanoda kuva izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Nzvimbo yokugara yaMwari mupenyu!

¹⁴¹ Zvino hezvinoino zvatinoita. Chii chinova chinhu chokutanga? Iva nokutenda, uye uberekwe patsva. Ndiko kuisa nheyo.

¹⁴² Zvino, mushure mekuisa nheyo, chechipiri unowedzera panheyo yako. “Wedzera pakutenda kwako,” Petro akati pano. Wedzera paku...Kutanga iva nokutenda, zvino wowedzera simba pakutenda kwako. Iri ndiro danho rinotevera. Kutanga, dira nheyo yako, kutenda. Zvino, pakutenda kwako, wedzera simba.

¹⁴³ Zvino, ipapo ndopanowisirwa vazhinji vedu pasi. Hongu, changamire. Hongu. “Wedzera simba pakutenda kwako.” Izvi hazvirevi kurarama zvakangonaka, munoziva, somudzimai kana murume, nezvakadaro. Izvi hazvinei nechokuita nazvo.

¹⁴⁴ Bhaibheri rakati, taverenga muBhuku raRuka, apo Rati, “Simba rakabuda maAri.” Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kana tichizova saIye, tinofanira kuva nesimba, saizvozvo. Tinofanira kuva naro, kuti tive saIye. Ndicho

chimbo chokutanga chandakada, mu—mu mudzimbo, chimwe chedzakakoshesesa, chaiva, *Kuva SaJesu*. Zvakanaka, kana ndiri kuzova saJesu, ndinofanira kuva nesimba, nenzira yokuti rigone kupfuurira mberi richibva kwandiri richienda kuvanhu. Nokuti, “Simba rakabuda kwaAri rikaenda kuvanhu.” Simba! Zvino usati wariburitsa, unofanira kuve naro kutanga. Kana usinaro, harigoni kubuda. Hapana pokuti ringabude richibva.

¹⁴⁵ Zvingadii kana mumwe munhu akaedza kuwana simba kubva kwatiri, zvino cheki ingadzoka yakanzi “Hamuna mari yakakwana”? Maona? Kwete, kwete, hapana paringatorwa, cheki yadzoswa. Mumwe munhu achikutarisa semuKristu, zvino mangwana okuona pano uchienderera mberi somutadzi, hakuna simba rakawanda ringatorwa kubva pane zvakadaro. Maona? Zvakanaka.

¹⁴⁶ Simba rinofanira kuva matiri. Zvino kusvikira tawana simba...Zvino kana tawana simba rechokwadi, tinogona kuriwedzera pakutenda kwedu. Ndicho chidziro chinotevera chenheyo. Zvino, chokutanga unofanira kuva nokutenda. Kutenda kuri koga hakugoni kuzviita. Unofanira...Petro akati, “Zvino wedzerai simba pakutenda kwenyu.” Unofanira kuva nesimba, kuti ugoriwedzera pakutenda kwako.

¹⁴⁷ Zvino, saka, chinogona kuva, ndicho chikonzero sei usinaro, nekuti machechi mazhinji anhasi anokudzizisa kuti haufaniri kuva naro, kana kuti mazuva azvo akapfuura. “Havafaniri kuva naro. Chinhu bedzi chaunofanira kuita kujoina chechi. Yaa, mazuva akapfuura.”

¹⁴⁸ Simba, munhu wese anoziva kuti inzwi rokuti simba rinorevei, maona, uye tinofanira kuva naro. Kana simba rakabuda kwaAri, kunopodza mudzimai airwara, Iye ari kutarisira simba rimwero muChechi yaKe, nokuti Aiva muenzaniso wedu. Zvino kana Iye aiva nesimba rokupa kuvanhu, Anotarisira kuti tive nesimba rokupa kuvanhu. Zvino simba chii? Simba isimba, masimba.

¹⁴⁹ Vamwe vavo havatotendi musimba raMwari. Vanoti, “Izvo—izvo—izvo zvakapfuura. Chinhu bedzi chaunofanira kuita kunyorwa zita rako mubhuku, nokumwayiwa, kana kudirwa, kana kubhabhatidzwa, kana zvimwe zvakawanda—wanda. Uye ndizvo zvoga zvaunofanira kuita.”

¹⁵⁰ Asi Petro akati, “Wedzerai simba.” Zvino, Petro ari kutaura pamusoro pekuvaka Imba yaMwari, maona, iyo Temberi yaMwari, kuigadzira kusvikira parimwe danho. Zvino mushure mokuva nesimba, unofanira kuva ne...Mushure mekuva nokutenda, unofanira kuva nesimba pamwe chete nako. Ndizvo chaizvo. Iva nesimba rekupa pasi rose.

¹⁵¹ Ndakaparidza mharidzo makore anenge makumi maviri apfuura, ndinofunga, pamusoro paRevherendi VaLily. Lily, mufudzi. Ndakazvitora kubva pamusoro wenyaya apo Jesu

akati, “Tarirai ruva rehapa, kuti ruva re hapa harishingairi kana kushanda. Asi ndinoti kwamuri, Soromoni mukubwinya kwake kwose haana kushongedzwa serimwe rawo.”

¹⁵² Tarirai hapa. Rinobva rwendo rwose kubva mumatope. Uye miniti yoga—yoga yezuva rinenge richidhonza kubva kunyika. Maona? Zvino rinoita sei nesimba iri rarinodhonza? Rinorigovera kunze. Rinogadzira chiratidzo chakanaka kumuyemuri. Rinozvivhura kuitira uchi, kuitira nyuchi kuti iuye izitora chikamu chayo. Harinyunyuti. Rinazvo bedzi, zvokugovera kunze. Ko dai nyuchi yaipindamo; hamuna mari yakakwana, hamuna uchi? Kanyuchi kaduduku aka kaizokwenya musoro wako koti, “Iruva rehapa rorudzi rwakaita sei iro?”

¹⁵³ Kana munhu achiuya, achiedza kutsvaga ruponeso, ndokuenda kuchechi inotenda kuti mazuva ezvishamiso akapfuura?

¹⁵⁴ Sezvakambotaurwa naJack Coe. Akati achipinda muchitoro chokudyira, ndokupihwa pepa guru rakanyorwa zvokudya zvaitengeswamo; akatanga kuriverenga achidzika, nyama yebondo yepamusana nezvakadaro. Akati, “Ndichatora nyama yebondo repamusana.”

“Vedu, izvozvo zvaiva zvezuva rakapfuura. Hatichisina.”

¹⁵⁵ Ndingatongoisa bepa iro pasi ndobuda zvangu panze, maona, zvakanaka, nokuti havana chaungadya, chero zvazvo. Saka ungangenda hako kune chimwe chitoro chokudyira vane chaungadya.

¹⁵⁶ Zvino munhu wemweya, achikura, anoda chimwe chinhu chokudya. Ndiro Shoko raMwari. Ndinotenda Shoko rimwe nerimwe raRo.

Mwari ane tafura yakagadzirwa apo vatsvene
vaMwari vanopiwa zvokudya,
Anokoka vanhu vaKe vakasarudzwa, “Huyai
mudye.”
Nemana yaKe Anovagutsa, Anotipa zvose
zvatinoda,
O, zvinotapira kudya naJesu nguva dzose.

¹⁵⁷ Ndizvozvo chaizvo. Hongu, changamire. Ndiye anaZvo. Chechi inaZvo, iyo Chechi yaMwari mupenyu, iyo yakavakwa mumunhu wakakwana, nokuziva Kristu. Zvino, zvino unofanira kuva nesimba.

¹⁵⁸ Ndataura kuti paya, chinhu chokutanga munoziva, pane mumwe munhu anofarira kufembedza munhuwi. Haana chindini. Ane munhuwi. Asati abudisa munhuwi, anotofanira kutanga ava nawo. Asati apa uchi, anofanira kuva nahwo. Asati atanga kupa hunaku, anofanira kuva nahwo.

159 Iwe usati wakwanisa kubudisa simba, ufanira kuva naro. Saka, wedzera pakutenda kwako, simba. Amen. Manzwisisa? Taigona kumira pana izvozvo kwenguva refu, asi nguva yedu ingatitiza. Kuwedzera simba pakutenda kwako. Zvino, chekutanga kutenda, kwotevera simba.

160 Uyezve, chetatu, unowedzera zivo. Zivo, zvino, izvi hazvirevi zivo yenyika, nokuti iyo hupenzi kuna Mwari; asi zivo yokutonga, kutonga (Chii?) chakanaka kubva kune chakaipa. Unochitonga sei, zvino, kana uine zivo yechiKristu nokutenda nesimba? Unotonga zvokuona kuti Shoko rakarurama kana kuti rakatsauka. Uye kana ukagona kuisa parutivi zvose zvitendwa zvako, uye kusatenda kwako kose, zvose zvaunoti wakamboita, zvino wava nezivo yokutenda kuti Mwari haagoni kureva nhema. “Regai shoko remunhu rose rive renhema, asi raNgu rive zvokwadi.” Maona? Zvino wava kuwana zivo. Ndiyo zivo yedanho repamusorosoro. Haufaniri kuva namadhigirii mana mune imwe koreji, kana zvimwe zvakadaro, kuti uve nayo, nokuti masimba ose awa anopiwa kwauri naMwari, kuti aiswe panheyo yekutenda kwako, kuti usvike pachimiro chakazara chemazvirokwazvo, chemunhu anorarama waMwari. Hongu, changamire.

161 Wedzera, wedzera zivo, nokuti, zivo yeShoko raKe. Munofanira kuzvitenda nenzira iyi. Sokuti, munofanira kutenda nhasi kuti izvo. . . nokuzvigamuchira, kuti mazuva ezvishamiso haana kupfuura. Zivo yokuti Mwari zvaakataura, Mwari anokwanisa kuzviita.

162 Abrahamama akatenda izvozvo. Zvino paakanga ane makore zana okuberekwa, haana kudzadzarika pavimbiso yaMwari nekusatenda. Tarisai kuti Shoko iro raisetsa sei pakutaridzika kwaro. Heunoi murume, ane makore zana okuberekwa, achitarisira mwana kuti aberekwe mumba make, nomudzimai ane makore makumi mapfumbamwe okuberekwa. Maona? Angada kusvika makore makumi mashanu apfuura zera rekubereka, agara naye kubva a—ari mhandara, kana kuti zera rouduku. Zvino heunoi ari pano, rukova roupenyu hwake rwakange rwatofa. Uye chizvaro chaSara changa chafa. Uye tariro yose pasisina, kana takatarira zvitariro. Asi, zvakadaro, pasina tariro, akatenda mutariro, nokuti iye waiva nezivo yokuti Mwari waigona kuchengeta zvose zvaAkavimbisa.

163 Zvino, kana wazviwana saizvozvo, zvino wedzera izvozvo pakutenda kwako. Kana wava nesimba rechokwadi, riwedzere pakutenda kwako. Paunenge wakwanisa kubuda pano mumugwagwa, uchirarama semuKristu, nokuita semuKristu, nokuva muKristu, wedzera izvozvo pakutenda kwako. Paunenge wava nezivo. . .

164 Unoti, “Zvakanaka, handizivi kuti Rugwaro *urwu* rwakanyatsorurama. Zvino heinoyi iyi Mabasa 2:38, handizivi

kuti zvinoendeka sei naMabasa 28:19. Handizivi.” Zvose zvakanaka. Iwe hau—hauwedzeri chinhu, nokuti hausati wava naCho. Maona? Chii chauri kuzoita? Nokuti, hausati wava nezivo yakakwana kuti uzive Mwari, zvazvino, kuti Bhaibheri harizvipokani pachaRo. Zvisiye zvakadaro. Usataura nezvazvo. Maona? Zvisiye zvakadaro.

¹⁶⁵ Asi paunenge wava kukwanisa kuona kuti Gwaro harizvipokani, kuti izvozvo unogona kuzvitaure; uye kugona kuona, kuti, nechizaruro chaMwari, Shoko rose rakanyorwa muzvakavanzika, uye zivo yaMwari bedzi ndiyo inogona kuRiisa pachena; zvino paunowana nokutaura, uchibvumira Shoko rose raMwari na “ameni,” zvino wedzera izvozvo pakutenda kwako.

¹⁶⁶ O, uri kusvika pakuita munhu akanaka iko zvino. Maona? Uri kusimuka, maona. Nei? Nekutenda, uye simba, uye zivo. Onai kuti zviri kuvaka munhu uyu sei? Munogona kuona kuti hapana—hapana nzira yokuzvitiza nayo. Iyi ndiyo nzira yokuuya muchimiro chakazara chaKristu. Hongu, changamire.

¹⁶⁷ Kutonga, tonga zvakanaka. Tonga kuti zvakanaka kana kuti zvakaipa, kutenda Shoko raMwari. Tonga kuti zvakanaka here kana kuti zvakashata, kuti ndishingaire chitendwa here kana kushandira Mwari. Tonga kuti zvakanaka here kana zvakaipa, kuti ndinofanira kuberekwa patsva here kana kuti kujoina chechi. Zvino wava kutanga. Tonga zvakanaka, muparidzi paanotaura achiti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura.” Bhaibheri rakati, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Zvino ndezvipi zvauchatenda?

¹⁶⁸ Paunoti, “Ndichatora Mwari.” Zvino, haungotauri izvi kuitira kutaura kuti, “Zvakanaka, ndi—ndinozvigamuchira,” zvichibva pamwoyo wako. Asi, chimwe chinhu mauri, kutenda kwako kunosimuka ipapo. Hezvo kwamuri. Kutenda kwako kunoti, “Ndinozviziva kuti Iye mumwe chete. Amen. NdaMupupurira zvimwe chete. Hakuna chinogona kuzvibvisa kubva kwandiri. Ndinoziva kuti Iye ndewechokwadi.” Amen. Zvino wedzera izvozvo pakutenda kwako. Zviise panheyo. Uri kusimuka zvino, uri kusimuka uchiuya kuHumambo. Wasvika pachinhanho zvino. Zvakanaka.

¹⁶⁹ Zvino, chinhu chinotevera, muparidzi achakuudza, uye vanhu vazhinji vanoti, “Izvi . . . Izvi zvinhu zvaunoverenga muBhaibheri, zvaiva zveimwe nguva. Zvino, ndinokuudza kuti sei. Nokuti, hatidi zvinhu izvozvo nhasi. Hatizvidi. Maona? Hatifaniri. Hatifaniri kuita zvinhu izvozvo, kupodza kwaMwari. Hatifaniri kutaura nendimi, muchechi, kuti—kuti chechi yedu igare yakarurama. Uye hatiiti *izvi*.”

¹⁷⁰ Tichasvika kune izvozvo. Ndine Gwaro rakanyorwa pano pamusoro peizvozvo, maona, kuti tinofanira kuzviita here kana kuti kwete, iko zvino.

171 Asi pano iye akati, “Ini handizivi. Hatifaniri kuita izvozvo nhasi. Chinhu choga chandinofunga kuti tinofanira kuita, tinofanira kudzidza kutaura zvakanaka pamberi pavanhu. Tinofanira kuenda kuti tinoongororwa pfungwa dzedu navanachiremba vepfungwa, kuti vaone kana tichikwanisa here kugona kuzviratidza, kana kuti kungwara kwedu kwakakwana kuti tizviite, uye—uye nezvakanafanana naizvozvo. Ndinofunga . . . Uye takabata ungoro hurusa. Tinovaka sangano redu.”

172 Hatisi kuvaka sangano. Handisi pano mangwanani ano kuti ndivake sangano. Kristu haana kundituma kuzovaka sangano. Kristu wakandituma kuvaka vanhu muchimiro chaJesu Kristu, kuti vave imba yesimba nenzvimbo yekugara yoMweya, kubudikidza neShoko raKe. NeShoko raKe, maona, kuvaka munhu kusvika panzvimbo iyoyo. Kwete kuvaka sangano kuriita sangano guru, asi kuvaka munhu kuita vanakomana nevanasikana vaMwari. Ndiyo pfungwa yacho. Maona? Wedzera pakutenda kwako, simba; pasimba rako, wedzera zivo. Zvakanaka, zvino wava kusvika panzvimbo.

173 Zvino pavanotanga kutaura kuti, “Zvino, hatifaniri kugamuchira izvozvo nhasi.” Unofanira kutodaro. Zvinofanira kuva saizvozvo.

174 Magwaro haagoni kunyepa. “Uye haadudzirwi muchivande.” Bhaibheri rakadaro. Unofanira kuZvitenda nemanyorerwe aZvakaitwaMo. Maona? Unofanira kuva nezvinhu izvi. Uye nzira bedzi yauchagona kuva nazvo, kuva nezivo yakaberekwa kuDenga. Zvino zivo yakaberekwa kuDenga ichasimbisa Shoko. Maona?

175 Unofanirwa kutenda, kwete kutenda kwekabanga. Hakuna chekabanga pane izvi, maona, kana ukaedza kuti, “Ndinazvo.” Usava shiri nhema uchiisa minhenga yepeacock mauri, maona, nokuti ichadonha. Haina kumerera imomo. Yakangodzimirwa.

176 Ndinofunga nezvepaya Dhavhidhi paakati, Mapisarema 1, “Uchaita somuti wakadyarwa pahova dzemvura.” Munoziva, pane mutsauko pakudyarwa nekungodzimirwa, kubairirwa. Kufanana nemuti wakare wemuoki, wakadyarwa, unoruka uchidzika nokubata zvakasimba. Kamuti kadiki kekare kakabayirirwamo, hauzivi kuti chii chiri kuzoitika kwakari. Hakana midzi. Hakana nheyo. Maona?

177 Zvakaita savamwe vanhu vachibva kuseminari kana chimwe chinhu, maona. Havana . . . “Zvino, Chiremba *Wakati-newakati* vakandikumikidza mushumiro.” Hazvimboiti mutsauko chero zvaiva chii.

178 Kristu wakakubereka mazviri, maona, maona, nokutenda kwako. Maona? Wavandudzwa nokuberekwa mazviri. Uye zve mushure mekuberekwa mazviri, izvi ndizvo zvinhu

zvaAnotarisira kuti uwedzere. Ramba uchizviwedzera. Zvino tava kudzika nemumutsetse.

¹⁷⁹ Zvino pachava nechimwe chinhu pazivo iyi, chatingataura nezvacho, zivo yaMwari. Maona? “Ko Bhaibheri rarasha zvaRinoreva here muzuva ranhasi?” Maona, ivo, vanhu vazhinji vanokuudza izvozvo, kuti Bhaibheri harinyatsorevi izvozvo. Kana Mwari achinditarira, nokundigadzirisa muzvitadzo zvangu, uye kana ndiri mwanakomana waMwari, Iye anoita izvozvo. Anokuitai nenzira iyoyo, vanakomana ne [Chikamu chisina mazwi patepi—Mupepeti.] vanasikana. Kana waita chinhu chakaipa, Anokugadzirisa. Zvino kana Mwari ane hanya newe zvakadaro, zvokuti Iye anokutarira nokukugadzirisa, zvakatonyanya sei neShoko raKe, rinova muenzaniso wako, rinova iye pazvima hwaKe!

Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.

Uye . . . rakazova nyama, uye rikagara pakati pedu, . . .

¹⁸⁰ Shoko kuzarurwa kwaJesu Kristu, iro Bhaibheri rakataura kudaro, Kristu achizarurwa muShoko raKe. Zvino kana Akakutarira paunotyora mirairo iyi, Iye anokupa mhosva nokuda kwazvo, Wakanyanya sei kutarira pamurairo waKe uyo unokupa mhosva! Amen.

¹⁸¹ Endererai mberi, mukomana, usandiudza zvakadaro!

¹⁸² Ndinotenda muzivo yechokwadi, yeMweya Mutsvene. Zivo yeMweya Mutsvene inobvumirana neShoko nguva dzose na “ameni.” Paunowana zvinhu izvi zvinoita sezvinopokana, muBhaibheri, unogara pasi woridzidza, uchinamata saizvozvo. Zvino chinhu chokutanga unoziva, iwo Mweya Mutsvene unotanga kupindira. Mushure mechinguva unoona zvichisungana pamwe chete, uye ipapo wava nazvo. Maona? Ndiyo zivo.

¹⁸³ Vamwe vavo vanoti, “Zvakanaka, zvino, Bhaibheri rakati Iye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

¹⁸⁴ Zvino chechi inoti, “Neimwe pfungwa, Iye mumwe chete.” Huu-u! Huu-u! Wadimura chibatandizo, ipapo. Maona? Hongu, changamire. Kwete, changamire. Ndiye mumwe chete. Hongu, changamire.

¹⁸⁵ “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Hapana musiyano maAri, zvachose. Iye anogara muChechi yaKe, achiita zvinhu zvimwe chete. “Kwekanguva kadoko,” sezvandataura chinguva chapfuura, “kanguva kadoko nyika haizoNdioni, asi imi muchaNdiona.” Nokuti, Iye akati, “Ndichava nemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Uye zvakare, Iye akati, “Mabasa andinoita muchaaitawo.” Zvakare, Iye akati, “Ndichava Muzambiringa. Imi muchava matavi.” Zvino davi rinorarama bedzi noUpenyu

hweMuzambiringa. Chose chiri muMuzambiringa chinobuda nemudavi. Girori! Uye, “Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Zvinobereka Upenyu hwaIshe Jesu Kristu. Amen.

¹⁸⁶ Zivo; kwete yenyika (inoshandisa pfungwa). Mhando yose yezivo yenyika inoshandisa pfungwa. Maona? Asi kutenda hakuna zvekushandisa pfungwa. Mwari anokuzarurira kuti chinhu *chokuti-chokuti* chiri kuzoitika, mazvikokota wese wesainzi munyika ungakuudza kuti, “Zvinopesana. Hazvingagoni kuitika.” Iwe zvitende, zvakadaro. Maona? Hongu, changamire. Hakushandisi pfungwa. Bhaibheri rakati, “Tinorasha kufunganya.” Haushandisi pfungwa nokutenda. Kutenda hakuna zvokushandisa pfungwa. Kutenda kunoziva pakwakamira. Kutenda kunoita. Kutenda kunobatirira. Hakugoni kutsukunyuka. Hakuna chinokutsukunyutsa. Handinei nokuti chero chii chataura *izvi, izvo*, kana *zvimwewo*. Hakutsukunyuki, napaduku. Kunoramba kuripo, kuchimirira, kuchimirira, kuchimirira. Hazviiti mutsauko. Kunogara ipapo.

¹⁸⁷ Mwari akaudza Nowa zvinhu izvi zviri kuzoitika. Iye akazvitenda. Maona? Mwari akaudza Mosesi izvi zviri kuzoitika. Iye akazvitenda. Mwari akaudza vadzidzi kuti zvimwe zvinhu zviri kuzoitika, “Kwirai pamusoro paPentekosta munomirira.” Ivo vakagara ipapo. Hongu, changamire. Zvakanaka.

¹⁸⁸ Zvino, zivo, zvino, kwete zivo yenyika, asi izivo yeDenga. Uye zivo yokuDenga, kana Mwari ari chitubu chezivo yose, uye Mwari iShoko, zvino, kana uine zivo yekuDenga, unotenda Shoko, uye unogona kuenzanisa zvose neShoko.

¹⁸⁹ Zvino mhaka yemutero iyo chechi yanga iri mairi, kana kuti yandanga ndiri mairi. Mumwe wavarume ava imwe nguva, mukadare kaduku, akandiudza. Akati ndakati... “Havana kuwana chakakanganiswa.” Zvino saka vakatanga ku... .

¹⁹⁰ Ndikati, “Zvakanaka, zvino, kana pasina chakakanganiswa, sei musingabvi shure kwangu?” Maona? Maona? Uye ndakaenda mberi, ndichimuudza pamusoro pamamwe Magwaro.

¹⁹¹ Iye akati, murume mukuru ane mudzanga wefodya muruvoko rwake, akati, “VaBranham, ini ndiri mudzidzi weBhaibheri.”

Ndikati, “Ndafara kunzwa izvozvo.”

¹⁹² Iye akati, “Zvino ndinoda kuziva kuti izvi zvii zvamasaramusi, zvamunobhadharisa mahengechepfu amunotumira kunze, masaramusi pakunamatira mahengechepfu nokuatumira kunze, idzo ‘mbatya dzakazodzwa,’ munodzidana kudaro, ‘jira.’” Iye akati, “Saka munobhadharisa pana izvozvo.”

Ini ndikati, “Kwete, changamire. Hakuna muripo pazviri.”

Zvino iye akati, “Zvakanaka, masaramusi aya.”

193 Ini ndakati, “Munozviti masaramusi, changamire. Mandiudza kuti muri mudzidzi weBhaibheri maminiti mashoma apfuura.”

Iye akati, “Nditori.”

194 Ini ndakati, “Nditaurei mashoko aMabasa 19:11.” Zivo! Akazvisunga muna izvozvo, akaedza kushandura nyaya. Ndikati, “Saka ndiudze mashoko ari pana Johane 5:14.” Akatadza kuzviita. Ndikati, “Kana Jakobho 5:14.” Akatadza kuzviita. Ndikati, “Unoziva Johane 3:16 here?” Maona? Zivo, kungwara, kwenyika! Asi panenge. . .

195 Iye akati, “Asi, VaBranham, muri kuedza kutonga nyaya iyi neBhaibheri. Isu tiri kuitonga nemirairo yenyika.”

196 Ini ndikati, “Changamire, handizvo here kuti mirairo yenyika yakatorwa muBhaibheri? Saka kururamisaka uku.” Ameni! Chokwadi.

197 Zivo; isiri yenyika. Zivo yepaMweya yeShoko, kuziva zvakataurwa naMwari, kuita zvakataurwa naMwari, ndizvozvo. Zvino kana uine izvozvo uye uchigona kutenda zvinhu zvose izvi, kuti Iye mumwe chete muzvinhu zvinonzi neShoko ichokwadi, unotsigira rimwe nerimwe ne “ameni.” Zvakanaka. Wedzera izvozvo pakutenda kwako. Zvakanaka. Hongu.

198 Kana mumwe munhu akaedza kukuudza, kuti, “Bhaibheri rakarasikirwa nesimba raro. Hakuna chinhu chakaita sekubhabhatidzwa neMweya Mutsvene.” Huu-u. Usawedzere izvozvo. Hazvishandi. Zvichadonha. Sekunamira madhaka padombo, hazvibatirire. Zvichawondomoka.

199 Zvino vanhu vanokuudza, “Bhaibheri haringavimbwi naro nhasi. Iwe ungarire zvino. Usaenda uchitenda izvozvo. Hazvigoni kuva chokwadi.” Makazvinzwa izvo nguva yose. Kakutaura kaduku kwokuti, “Haungavimbi neBhaibheri.” Zvakanaka, kana—kana une izvozvo mupfungwa dzako, usa—usaedza kuwedzera izvi, nokuti hazvishandi. Imba yose inodhirikira pasi ipapo.

200 Inofanira kunamatidzwa neMweya Mutsvene. Ndinoreva kubatanidzwa pamwe chete, dhaka rinozvisimbisa. Zvino chinhu chimwechete chinozvisimbisa. . . Munoziva maitirwo. . .

201 Chubhu yakamandaniswa yose inogara nguva refu kupfuura yakangoiswa chigamba chakare. Kudziya kushoma kukasvika pachigamba chakaiswa pavhiri, chinhu chokutanga chaunoziva, ita kuti vhiri ripise zvisoma, iti wedzere kumhanya, zvino chinonyevenuka ndokudonha. Hongu, changamire. Maona?

202 Zvino ndiro rava dambudziko navanhu vazhinji nhasi. Vanoedza kunamatidza zivo yavo pazivo yenyika, netunamo twakare twenyika, zvino, kana miedzo yauya, “Hamheno, pamwe ndakakanganisa.” Maona? Zvino mweya unobuda, waponjeswa mumaminiti mashoma. Kudaidzira kwako kose

nekusvetuka mudenga nokudzika hazvina kukubatsira. Vanhu vanokuona uri mugomba remvura yetsvina zvakare. Maona? Ndizvo chaizvo.

²⁰³ Asi kana ukagarapo uine kupisa kwakakwana kweMweya Mutsvene, kusvikira zvakuita chinhu chimwe chete nechubhu. Ndizvozvo. Iwe nechubhu munova chinhu chimwe. Paunenge wagarapo kusvikira iwe nevimbiso yose yaMwari mava chinhu chimwe, zvino wedzera izvozvo pakutenda kwako. Kana ukasazviita, usawedzere izvozvo zvachose.

Munoti, “Shoko haringavimbwi naro.” Usaedza kuwedzera izvozvo.

²⁰⁴ Munoti, “Vimbiso dziri muno, dzekubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, dzaiwa dzavaapostora gumi navaviri bedzi,” sekutaura kunoita dzimwe chechi nhasi, usaedza kuwedzera izvozvo. Ndopane nheyo yavo, zvose zvakapwanyika pwanyika. Maona? Sezvaiva Uziya, husiku hwapfuura, apo akaona nheyo yemunhu uyu waavimba naye, yapwanyika yose, arohwa nemaperembudzi, zvanga zvisina kunaka. Zvino, “Zvaingova zvavaapostora gumi navaviri, vaapostora gumi navaviri bedzi.”

²⁰⁵ Ndakanga ndiri zasi kwaHama Wright...Ndinofunga vari shure uko pane imwe nzvimbo. Humwe usiku, paiva nemushumiri zasi ikoko, ndakanga ndichitaura, vaparidzi vana kana vashanu pamwe chete. Muparidzi uyu akasimuka akati, “Zvino, ndinoda kukuudzai chimwe chinhu vanhu imi vanodikanwa. O, ndinofunga kuti muri vanhu vakanaka.”

²⁰⁶ Ndakati, ndakaudza umwe munhu, ndikati, “Iye—iye uyo wakagara apo. Tarisisai.”

²⁰⁷ Saka, Junior Jackson, kumashure uko, wakanga achangopedza kutaura. Akati...wakanga achiparidza pamusoro penyasha dzaMwari. O, ini zvangu!

²⁰⁸ Wanga achibvira maari, akamirira. Wakakwira pamusoro ipapo achiedza kunzwisisa. “Zvino, ndinoda kutaura kuti VaBranham vari pano, ndinokuudzai, kuti ndiantikristu.” Ndokubva atanga saizvozvo, usiku hwose.

²⁰⁹ Vamwe vaparidzi vakatanga...Ini ndikati, “Imbomirai kweminiti. Zvino, musawana chamunotaura, hama. Ndikati iye anongova ega apo isu tiri chitsama pachedu.” Ndikati, “Ingomusiyai akadaro zvino. Ananga inini.” Ndaizvida, ini pachangu, zvakanyanya, zvokuti ndakanga ndisingazivi kuti ndoita sei. Maona?

²¹⁰ Saka, akati, “VaBranham ndiantikristu,” uye akaenderera mberi achitaura zvese munoziva, pamusoro. Iye akati, “Iye akati pano, ‘Rubhabhatidzo noMweya Mutsvene.’” Akati, “Bhaibheri rakati pakangova negumi nevaviri vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene.” Achitaura pamusoro pokupodza kwaMwari nemunamato, “Gumi navaviri ravaapostora bedzi ndiro raiva

nokupodza kwaMwari nomunamoto.” Iye ndokuti, “Tinotaura apo Bhaibheri parinotaura, uye tonyarara apo Bhaibheri parinonyarara.” Ndakamiririra kusvikira apedza shungu dzake kwenguva ingaita hafu yeawa.

²¹¹ Ndikati, “Imbomira kweminiti. Ndanyora zvakawanda pano,” ndikati, “ndipe mukana wekupindura zvimwe.” Uye pandakakwira ipapo, ndakati, “Ava changamire, vati ivo ‘vanotaura apo Bhaibheri parinotaura,’ chechi yavo inodaro, ‘uye vachinyarara paRinenge rakanyarara.’ Imi mose muri zvapupu. ‘Hongu.’” Ndikati, “Zvino, ati ‘Pane gumi nevaviri bedzi vakagamuchira Mweya Mutsvene.’ Bhaibheri rangu rakati pakava nezana nemakumi maviri, ndiro bara rekutanga.” Amen! Rasirai kunze mhando yezivo yakadaro, munoona, iyo yaanga achiedza.

²¹² Ini ndikati, “Naizvozvo ndingatofungidzira kuti Pauro haana kuugamuchira Mweya Mutsvene apo paakati akaugamuchira.” Maona?

²¹³ Ini ndikati, “Zasi uko . . . Apo Firipi paakadzika zasi ikoko akandoparidzira vaSamaria. Vakanga vabhabhatidzwa muZita raJesu. Chakanga chisipo bedzi, ndechokuti Mweya Mutsvene wakanga usati wauya pamusoro pavo. Zvino vakatumira vakati Petro naJohane, vaue vagoisa mavoko pamusoro pavo, uye kuti Mweya Mutsvene ugouya pamusoro pavo. Ndinofungidzira kuti ava vaingova gumi nevaviri bedzi?”

²¹⁴ Ndakati, “Muna Mabasa 10:49, apo Petro wakanga ari pamusoro pemba, uye, aona chiratidzo chokuti vaizoenda kuna Konirio. Petro achiri kutaura mashoko awa, Mweya Mutsvene wakawira pamusoro peavo vakanzwa Shoko.” Ndakati, “Bhaibheri richiri kungotaura. Chechi yako iri kupi?” Yasara kumashure kune zvinofungidzirwa kuti zvichazova. Ndizvozvo. Maona?

²¹⁵ Ndakati, “Kupodza kwaMwari nemunamoto, iwe wati, ‘Vaapostora gumi nevaviri bedzi ndivo vaiva nokupodza kwaMwari.’ Bhaibheri rakati Stefani wakadzika kuSamaria akadzinga madhimoni nokupodza vanorwara, uye pakava nomufaro mukuru muguta iro. Uye wakanga asiri mumwe wegumi nevaviri. Wakanga asiri muapostora. Waiva mudhikoni.” Amen. Amen.

²¹⁶ Ndikati, “Uye Pauro wakanga asiri umwe wegumi nevaviri vakanga vari muimba yepamusoro, uye wakanga aine chipo chokupodza.”

²¹⁷ Ini ndikati, “Ingotarisa zvipo zvokupodza! Uye tichiramba tichienda, makore makumi matatu akatevera, wakanga achiri pakati peVakorinte, achizodza zvipo zvekupodza muMutumbi waKristu.” O, ini zvangu!

²¹⁸ Zvino, mhando yakadaro yezivo yaunodzidza kubva mune rimwe bhuku, zviri nane uikandire mubhini. Huya kuzivo

iyi. Apo Mwari paakati, “Ndiye mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi,” uti, “Ameni.” Hongu, changamire. Hongu, changamire. Hazvisi zvegumi nevaviri; ndezvavose. Kana wawana ku—kutenda kwemhando yakadai, kana kutenda kwako koritsigira, chikamu chimwe nechimwe, ne “ameni,” ipapo unoti, “Zvakanaka,” wedzera izvozvo pakuri.

²¹⁹ Chechina. Tava kufanira kuchimbizika zvino, nokuti ndino... Zvinonakidza kwazvo kumira pano uchitaura pamusoro pazvo. Ameni. [Hama inoti, “Tiri kunakidzwa nazvo.”—Mupepeti.] Hiya. Chechina... Ndinokutendai.

²²⁰ Wedzera “kuzvidzora.” O, ini zvangu! Tasvika pakuzvidzora. Zvino, wava nokutenda, kutanga; ufanira kuva nako, pokutanga. Ipapo wowedzera simba pakutenda kwako, kana iri mhando kwayo yesimba. Ipapo wowedzera zivo, kana iri mhando yakanaka yezivo. Zvino wochiwedzera kuzvidzora.

²²¹ Kuzvidzora hazvirevi, “kurega kunwa doro,” panowo, zvakare. Kwete, kwete. Kuzvidzora hazvirevi kurapika kubva pakuva chidhakwa, kwete panyaya iyi. Uku kuzvidzora kweBhaibheri, kuzvidzora kweMweya Mutsvene. Ndicho chimwe chokuchiva kwenyama, asi tiri kutaura pamusoro pokuzvidzora kweMweya Mutsvene. Zvimoreva kuti, kudzora kwaunoita rurimi rwako, kusava munyei; kuzvidzora pahasha dzako, usingangopoti nguva yose kana mumwe munhu akataura zvinopesana newe. O, ini zvangu!

²²² Vakomana, vazhinji vedu vava kuzodonha tisati tatombotanga, hatisi here? Maona? Zvino tinozoshamisika kuti sei Mwari asiri muChechi yaKe, achiita mashura nezvinhu zvavaisiita. Hongu, changamire. Maona?

²²³ Wedzera zvinhu izvi. Wedzera kuzvidzora pazviri. O, kuzvidzora, kuziva kupindura nemutsa kana munhu ataura kwauri nehasha. Mumwe munhu oti, “Iboka revaumburuki vatsvene vari zasi uku!” Usasvetuka wopeta maoko ehembe yako zvino. Waona? Kwete izvozvo. Asi taura nerudo rwaMwari, mukuzvidzora, mutsa. Ndiyo nzira yaunoda kuva here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kana watukwa, usadzorera nokutuka. Rega Iye ave muenzaniso wako.

²²⁴ Pavakati, “Kana uri Mwanakomana waMwari, shandura matombo awa chive chingwa,” Angadai akazviita, uye oratidza kuti Iye waiva Mwari. Asi waiva nokuzvidzora. PavakaMuti, “Bherizebhabhu,” Akati, “Ndinokuregerera nokuda kwazvo.” Ndizvozvo here? Vakadzura zvanza zvendebvu kubva pachiso chaKe, vakamusvipira pachiso chaKe, uye vakati, “Buruka kubva pamuchinjikwa!”

²²⁵ Iye akati, “Baba, varegererei. Havatomboziva zvavari kuita.”

²²⁶ Apo, Waiva nechipo, Waiziva zvinhu zvose, nokuti maAri makanga mune kuzara kohumwari mumutumbi.

Vakanga vaMuona achiita zvishamiso, achitaurira vanhu zvakanga zvakakanganisika pavari, uye nezvimwe saizvozvo. Vakamusunga nomucheka mumusoro waKe saizvozvo, vakaputira meso aKe, vakaMurova mumusoro neshamhu, vakati, “Porofita, titaure kuti ndiani waKurova. TichaKutenda.” Maona? Wakanga aine kuzvidzora.

²²⁷ Zvino, kana uinako saizvozvo, chikuwedzera pakutenda kwako. Kana uchiputika nokupopota, uye uchipitika, nokuita nharo, nokungoenderera mberi saizvozvo, e-ehe, hauna... Hauwedzeri zvakadaro, nokuti hazviwedzereki. Maona? Hazvibatani. Haugoni kutora chipitsi cherabha, munoziva, kuti zviatane nesimbi. Hazvishandi saizvozvo. Kwete, inofanira kuva inotepuka, sezvinongoita rabha. Maona? Zvino kana kutenda kwako nokuzvidzora kwako kwava kwemhando imwe chete kwekuzvidzora kweMweya Mutsvene kwaAiva nako, zvino kunobva kwabatana naYe. Wowedzera kwazviri.

Kana simba rako rafaana nesimba raKe, zvino rinowedzera pakuri.

²²⁸ Kana zivo yako yafaana nezivo yaKe, “Ndakauya kuzoita kuda kweNyu, O Mwari.” Waona? Pamwe neShoko raBaba, Wakakunda dhimoni rose. Denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko harizopfuuri. Waona? Kana wava nezivo yakadaro, inobatana nokutenda kwako.

²²⁹ Kana uine mhando yokuzvidzora yakanaka, seyaAiva nayo, zvinobatana. Kana usina, uchingova nekutenda, kana, kuti kuzvidzora, kwakasaswa chitendwa nehunyoro zvisoma, “O, ndinofanira kumurovera pasi, asi—asi zviru nane ndirege kudaro, nokuti vanogona kuzoisa zita rangu rigobuda mupepanhau pamusoro pazvo.” Haisiyo mhando yokuzvidzora yaAri kutaura pamusoro payo. Usaedza kuwedzera izvozvo. Hazvishandi. Asi kana ukagona zvechokwadi, nokutapira kunobva mumwoyo mako, ukaregerera munhu wose, wonyarara hako, worega zvichipfuura, waona, pakadaro zvinobatana. Unogona kuwedzera izvi pakutenda kwako. Hwiu!

²³⁰ Ndosaka zvisingashamisi kuti chechi sei isina zvainofanira kuva nazvo. Handizvo here? Ndiko kusaka. Ndinogona kuti, “Tendeukai mubhabhatidzwe, sezvakareva Bhaibheri, muZita raJesu Kristu.” Zvino vanotenda vaMwari vatatu haazvitendi, obva ati, “Muantikristu uya wakare. MuJesus Name. MuJesus Only.” Tarisa, mukomana, handisi kuziva pamusoro pekuzvidzora kwako zvino. Waona? Sei usingauyi, woti, “Ngatitauriranei pamwe chete, Hama Branham. Ndinoda kunzwa Izvi zvichitsanangurwa?” Waona? Zvino wouya wozoterera kwaZviri. Uye zvino Zvinoziswa pamberi pako, zvino wozobva woenda; ticha—tichasvika pazviri mumaminiti mashoma ari kutevera, mu “humwari,” waona. Asi kana—kana uchipopota, uchida kungomhanyira kuti zvinoreva zvokuti, huh-

uh, hazvisi—hazvisizvo. Waona? Hausati wava nekuzvidzora kwemuBhaibheri kana uchiri kuita izvozvo; kuziva mapinduriro. Zvino kana unazvo izvi zvole, unogona kuzviwedzera pakutenda kwako.

²³¹ Zvino, mushure maizvozvo, chechina, unoda kuwedzera kutsungirira pakutenda kwako. Kana uine kutenda, “kunobudisa kutsungirira,” ndizvo zvakataura Bhaibheri. Waona? Saka, *uku* ndiko kutsungirira. Zvino, ndicho chinhu chinotevera pakuvaka chimiro ichi. Munoziva, Mwari Ane zvekuvakisa zvamazvirokwazvo muChivakwa chaKe.

²³² Munoono here kusakwana kwatakaita, hama, hanzvadzi? Munoono? Munoono kuti sei, kuti tava papi? Hongu, changamire. Maona? Tine kubwinya, tine kudandizira nezvimwe, nekuti tine kutenda. Asi patinouya zasi kuzvinhu izvi *pano*, Mwari haagoni kutiumba kupinda muchimiro ichocho. Maona? Haangagoni. Haangagoni kutiita kusvika panzvimbo yakadaro. Tine zvimwe zvinhu izvi zvole. Tinowa, totsvedza kubva pachiri. Maona? Haangagoni kuvaka Chechi yaKe.

²³³ Kutsungirira nei? Imhandoi yokutsungirira? Chokutanga, ndechokuti iva nokutsungirira naMwari. Kana uine kutenda chaiko, kwamazvirokwazvo, unozovawo nokutsungirira chaiko kwamazvirokwazvo, nokuti kutenda kunobereka kutsungirira. Kana Mwari akataura chinhu chero chipi hacho, unozvitenda. Ndizvo zvoga. Wava nokutsungirira.

²³⁴ Unoti, “Zvakanaka, manheru apfuura ndakaMukumbira kuti andipodze, asi ndichiri kungorwara mangwanani ano.” O, ini zvangu! Kutsungirira here ikoko?

²³⁵ Mwari wakaudza Abrahamu, uye mushure memakore makumi maviri nemashanu pakanga pasati pava nechiratidzo kana chimwe chete. Iye wakaramba achingotenda. Wakava nokutsungirira naMwari. E-he.

²³⁶ Gara wakangomuisa pamberi pako nguva dzose. Rega Ave chinhu chaunosangana nacho chinotevera. Haugoni kupesana naYe, saka Muchengetedze ari pamberi pako. “Iye wakataura kudaro, uye zvichazoitika.” Munoono? Muchengete ari pamberi pako. Ndizvozvo.

²³⁷ Nowa wakava nokutsungirira. Hongu. Nowa wakava nokutsungirira kwehumwari, chaikwo. Mwari wakati, “Ndava kuzoparadza pasi rose nemvura,” zvino Nowa wakaparidza zana namakore makumi maviri, ose. Kutsungirira kwakanyanya. Hakuna kumbonaya kana dova zvaro kubva kuDenga. Hapana chaivapo. Kwakaramba kuchingova nehuruva senguva dzose, kwezana nemakumi maviri amakore, asi wakaramba ane kutsungirira.

Zvadaro, Mwari anoedza kutsungirira kwako. Ndizvozvo. Mwari anokuedza.

238 Mushure mekunge Audza Nowa, zvino Iye wakati, “Nowa, ndinoda kuti uchienda kunopinda muareka. Ndichaunza mhuka imomo, ndi—ndinoda kuti upinde mukati. Kwira kukamuri yepamusoro, zvino, kuitira kuti uone kunze, nepahwindo rapamusorosoro. Zvino, ndinoda kuti upinde mukati umo. Ndinoda kuti utaurire vanhu ava, ‘Mangwana, zvandakanga ndichiparidza kwezana nemakore makumi maviri, zvava kuzoitika.’ Zvakanaka, chienda undovaudza.”

239 Chii chakanga chiri chiratidzo chokutanga? Nowa wakapinda muareka. Pakanga pasina mvura. Nowa wakagadzirira, ndokupfeka renikoti, nezvose, kuti akwanise kutarisa kunze, pano neapo. Wakagadzirira. Asi zuva rakatevera. . .

240 Ndinotenda kuti unogona kunge akataurira mhuri yake, nevarooro vake nevamwe vose, achiti, “O, ini zvangu! Mangwana muchaona zvinhu zvamusati makamboona. Nokuti, mudenga mose, muchange masviba. Uye pachava nekutinhira nekupenya kuchaitika. Zimunondo raMwari hombe richatsemura denga. Achatonga boka revatadzi avo vasina kutiteerera, kwezana nemakumi maviri emakore. Imi mirai zvenyu muone.” Maona?

241 Vamwe vevatendi vekabanga, munoziva, vanongodzengerera uye vasingazombopindi, munoziva. Mu—muchinavo, munoziva. Saka vaka—vakauya, ndokuti, “Zvakanaka, mutana uyu unogona kunge anga achitaura chokwadi, saka tichaendako tombonomirira mazuva mashoma, kana kumbomirira maawa mashoma mangwanani, tigoona.”

242 Zuva rakatevera, pachinzvimbo chegore dema, hepanoi zuva rakabuda rikakwira sezvaraigaraita. Nowa akatarisa kunze. Akati, “Hei, hakuna kana gore.”

243 Muchinda uya akauya, akati, “A, ndaizviziva kuti uri mumwe wavo. Waona, uri kungomirizika uri pano.”

244 “Zvakanaka, pamusoroi, changamire. Ha-ha. Pamwe ini—ini—ini ndango, munoziva, ndangotekenyedzwawo, munoziva. Zvingangodaro, munoona. Ha-ha-ha.”

245 Asi, Nowa, wakanga aine kutsungirira. Wakati, “Kana ikasanaya nhasi, ichanaya mangwana.” Nemhaka yei? Mwari wakataura kudaro.

“Wakakuudza izvozvo rini, Nowa?”

246 “Makore zana nemakumi maviri apfuura. Ndafamba kusvika pano, saka ndakangomirira pano zvino.” Mazviona here izvo? Mushure menguva duku. . .

247 Tinoona kuti, Mwari wakasvika pano, akamirirawo Chechi, zvakare, asi Ichapasvika. Musanetseka zvenyu. WakaIvimbisa.

248 Takamirira nguva yose iyi kuti pave nekumuka kubva kuvakafa. Kuchavapo. Musanetseka henyu. Mwari wakakuvimbisa. Ingomirirai nekutsungirira. Mukarara hope,

hazvizo. . . Pamwe mungamborara kwenguva shoma izvi zvisati zvaitika, asi munozomuka panguva iyoyo. Wakazvivimbisa, mazviona. Kakumborara, munooona, kwatinoti kurara kushoma kwerufu, munoziva. Rwatinoti rufu, kunongova kurara kwenguva duku, kana kuti kurara muna Kristu. Hakuna chinhu chinonzi kufa muna Kristu. Upenyu nerufu hazvigari pamwe chete. Mazviona? Tinongorara nguva shoma, kurara nguva shoma kokuti shamwari dzedu hadzigoni kutidana kubva ikoko. Iye bedzi ndiye Anogona kutidana. “Uchadana, uye ini ndigoMupindura,” ndizvo zvakataura Jobho. Jobho wanga akarara zvino kwezvuru zvina zvemakore. Musanetsekana. Ucha—uchamuka. Musanetsekana. Achakangomirira.

²⁴⁹ Nowa wakamirira. Zuva rechina rakapfuura. Hapana mvura yakanaya. Zvakangonaka hazvo. Zvichaitika.

²⁵⁰ Ndinogona kunzwa amai Nowa vachiyua vachiti, “Baba, mune cho- . . .?”

“Musataura muchidaro.”

²⁵¹ Wakanga ane kutsungirira, nokuti waiva nokutenda. Hongu, changamire. Waiva nesimba. Waiva nezivo yokuti Mwari wakarurama. Waiva nekuzvidzora. Haana kutsamwa, akati, “Zvakanaka, handizivi kuti izvozvo zviri pamusoro pei. Ndarasikirwa nemukurumbira wangu wese kunze uko.” Kwete, kwete. “Vanhu havana hanya neni zvachose. Ndichabuda kunze uko ndinotangazve, patsva zvakare.” Kwete, kwete. Wakava nokutsungirira. Mwari wakavimbisa. Mwari uchazviita. Mwari uchazviita, nokuti ndiMwari wakadaro.

²⁵² Zvino ndinoona mwanakomana wake achiyua, achiti, “Baba, munoziva. . .” Akapuruzira ruvoko rwake pavhudzi ravo refu rachena, munoziva. Uye wakanga ava namazana amakore okuberekwa, munoziva, akagara ipapo. Akati, “Ndinoziva kuti muri mutana wekare. Ndi—ndinokudai, baba. Asi zvingagoneka here kuti pamwe mungadaro mati potsei?”

“O, kwete. Kwete.”

“Sei?”

“Mwari vakataura kudaro!”

²⁵³ “Zvakanaka, baba, zvino ava mazuva matanhatu takangogara muno. Takangogara muareka ino hombe, yachembera, yakaoma iyi pano. Uye yose yakanamwa, mukati nokunze. Uye tatora makore ese awa kuivaka. Uye imi makamira kunze uko muchiparidza, kusvikira machena musoro uye mave nemhanza. Uye iko zvino muri muno, muchiedza kutaura *ichinechichi*. Uye vanhu vari kuseka, nokuitema nematomatisi akaora nezvimwe kudivi kwayo. Tarirai kuti chii chamuri kuita. Sei, munoziva. . .”

“Iva nokutsungirira, mwanangu.”

“Mune chokwadi here?”

“Kuchanaya!”

Muroora wake wakati, “Baba, munoziva . . .”

“Kuchanaya!”

²⁵⁴ “Asi makore ose aya, tanga takangomirira. Tanga tichigadzirira. Uye makatiudza kuti kuchanaya, vhiki yapera. Zvino tiri muno, uye masuwo ose akavharwa, zvino tiri kungofamba—famba tichitenderera muno, uye zuva riri kungopisa pasi sezvaraingoita.”

“Asi kuchanaya!”

“Munoziva sei?”

“Mwari vakataura kudaro!”

²⁵⁵ Zvino tinofamba saizvozvo, towedzera. Asi kana usina izvi nenzira iyi, usa—usaedza kuwedzera. Hazvizomboshandi. Hazvizomboshandi pakupodzwa. Hazvina pamwe pazvinozomboshanda. Maona? Zvinofanira kuti zvibatane neizvo zvakafanana nezvakazvigadzira. Ndizvozvo. Munofanira kuzviwedzera. Kutsungirira pavimbiso yaMwari. Hongu, changamire. Nowa wakazvitenda. Uye wakava nekutsungirira naMwari, makore zana nemakumi maviri.

²⁵⁶ Mosesi, wakava nokutsungirira naMwari. Hongu, changamire. “Mosesi, ndanzwa kuchema kwevanhu vaNgu. Ndaona kutambudzwa kwavo. Ndava kuburuka kuzovadzikinura. Ndava kukutuma zasi ikoko.”

²⁵⁷ Uye mutsauko waiva pakati pake iye naMwari, uye Mwari wakamuratidza kubwinya kwaKe. Akati, “Hezvinoi ndava kuenda.” Paakangoona kubwinya kwaMwari, munoona, wakabva ava nekutenda.

Akati, “Chii chiri muruvoko rwako, Mosesi?”

Iye ndokuti, “Itsvimbo.”

Iye akati, “Ikandire pasi.”

Yakashanduka ikava nyoka. Iye akati, “O, ini zvangu!” Akatanga . . .

²⁵⁸ Akati, “Itore, Mosesi. Kana ndichigona kuishandura kuva nyoka, ndinogona kuishandurudzazve zvakare.”

²⁵⁹ A! [Hama Branham vanouchira maoko avo katatu—Mupepeti.] Ameni! Kana Mwari achigona kundipa hupenyu hwepanyama, Anogona kundipa Hupenyu hwepamweya! Kana Mwari achigona kundipa kuzvarwa kwokutanga, Anogona kundipa Kuzvarwa kwechipiri! Ameni! Kana Mwari achigona kupodza *ichi*, nokupodza kwaMwari, Anogona kuchimutsa zvakare mukubwinya kwaKe, muzuva rokupedzisira. Ndizvozvo.

260 “Ndinogona kukandira tsvimbo iyi pasi ndigoishandura ikaita nyoka. Ndinogona kuishandurudzazve ikava tsvimbo. Ibate nomuswe wayo.”

261 Mosesi wakakotama akaitora. Hezvinoini, yakava tsvimbo. Wakatanga kuwedzera zivo zvino ipapo. Mazviona?

“Chii chanetsa paruvoko rwako, zvino, Mosesi?”

“Hapana.”

“Rwuse muhapwa mako.”

262 “Zvakanaka. Ko . . .” rwachena nemaperembudzi. “O Ishe, tarisai ruvoko rwangu!”

“Rwuse zvakare muhapwa mako, Mosesi.”

263 Akarwudzoserana zvakare *sezvizvi*, rwakabuda rwakangoita . . . Wakatanga kuwedzera izvi *sezvizvi*, ipapo, maona. Hongu, changamire.

264 Wakaenda zasi ikoko. Uye chokutanga chakasiyana . . . Wakasvika zasi ikoko. Wakauya ipapo ndokuti, “Ishe Mwari vakati, ‘Regera vanhu vaNgu vaende.’ Farao, ndinoda kuti uzive izvi. Ndauya somumiririri waMwari. Unofanira kunditerera.”

265 Farao akati, “Kukuterera? Unoziva here kuti ndini ani? Ndini Farao. Ndikuterere iwe, nhapwa?”

266 Akati, “Uchatonditerera, kana kuti uchaparara. Uchaita chimwe chaunoda kuita.” Nemhaka yei? Wakanga achiziva zvaaitaura pamusoro pazvo. Wakanga atumwa. Wakanga ari zasi ikoko. Akataura naMwari. Akava nokutenda. Waiziva paakanga ari.

“Unoda kuti ini ndikuterere? Buda muno!”

“Ndichakuratidza.”

“Ndiratidze chiratidzo.”

Akakandira tsvimbo pasi; ikashanduka ikava nyoka.

267 “Nhai,” akati, “awo masaramusi enhando en’anga! Huya pano kwakanguva. Huyai pano, Jane, iwe naJambure, kandirai pasi tsvimbo dzenyu.” Vakadzikandira pasi, ndokubva dzashanduka kuita nyoka.

268 Akati, “Zvino, iwe chinhu chemangamanga, unouya pano kwandiri, ini muEgipita, Farao weEgipita. Uye unouya pano nemasaramusi enhando en’anga, zvimwe izvo zvokubata kumeso,” munoziva, zvokuverenga pfungwa. Munoziva zvandinoreva. Ndine tariro yokuti muri kuverenga pamusoro pazvo. “Kuverenga pfungwa kana chimwe chinhu, unoono, hongu, unouya kuno nezvimwe zvaizvozvo.” Akati, “Zvakanaka, tinogonawo kuita zvimwe chete zvaunoita.”

269 Mosesi waiva chii? Haana kuti, “O, VaFarao, ndi—ndine urombo, changamire. Ndichava nhapwa yenyu.” Kwete, changamire.

²⁷⁰ Wakamira wakadzikama. Amen. Ramba wakamira ipapo. Mwari wakati, asina kupokana mumwoyo make, “Ingonyarara. Ndichakuratidza chimwe chinhu.” Kana waita chaizvoizvo zvaAkati uite, zvoita sokunge chimwe chinhu chakanganisika; ingomira wakadzikama, iva nokutsungirira.

²⁷¹ Mosesi akati, “Munoziva, pandakaisa nheyo iyo, pakanga paine kutsungirira kwakaiswa ipapo, saka ndichangomirira ndigoona kuti Mwari chii chaachaita.”

²⁷² Ipapo nyoka dziya dzakare, dzakanga dzichingozvonyongoka dzichitenderera, dzichifufuma, dzichivosvorana. Chokutanga munoziva, nyoka yaMosesi yakabva yati, “Gudya, gudya, gudya,” ndokudzimedza dzose. Wakanga ane kutsungirira.

Avo vanomirira panaShe, vachapiwa simba
idzva,
Vachabhururuka nemapapiro sechapungu.

Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mepepeti.]
Maona? Hongu.

Vachamhanya vasingarukutike, vachafamba
vasinganeti.

Munoona, ingomirirai panaShe. Ivai nokutsungirira, maona?
Hongu, changamire.

²⁷³ Ipapo Israeri yakanga yava kuzoburitswa. Zvinopesana zvikuru izvi ndipo pazvakauya, Mosesi ndokumirira.

²⁷⁴ Ipapo akapinda murenje. Urwu rwendo rwemazuva matatu kana mana. Anongova mamaira makumi mana kubva paakayambuka ipapo, kubva pavakazoyambukazve napo. Asi, Mosesi, murenje, akamirira makore makumi mana. Kutsungirira. [Hama Branham vanoseka—Mupepeti.] Amen. Ndizvozvo. Wakamirira kwamakore makumi mana. O! Hongu, changamire.

²⁷⁵ Uye tinofanira kuva nokutsungirira mumwe kune mumwe, zvakare. Maona? Imwe nguva. . . Tino—tinotadza kutsungirira zvakananyanya mumwe kune mumwe. Tinofunga kuti tinofanira kuva saMosesi. Mosesi waiva nokutsungirira nevanhu. Tarisai, ndizvo zvakavaita kuti vasayambukira mhiri. Maona? Kana uchiedza kuita chimwe chinhu. . .

²⁷⁶ Sezvandakaita, ndakaedza kuunza Mharidzo iyi patabhenakeri, ndichida kuti nhengo imwe neimwe yetabhenakeri isvike pakuva *Izvi*. Zvakaoma kuzviita. Ndakaedza kuva nokutsungirira; zvino ava makore makumi matatu namatatu. Maona? Ivai nokutsungirira. Madzimai achiri kungogera vhudzi ravo, vachakangodaro. Asi ivai nokutsungirira. Maona? Ingovai nokutsungirira. Mirirai. Munotofanira kudaro. Kana musinako, musaedza kuvaka pane izvi zasi *kuno*. Ivai nokutsungirira.

277 Kunyangwe imwe nguva, kunyangwe boka riya revapanduki vakashaya kutsungirira, vakakonzera Mosesi kuita chimwe chinhu chakatsauka. Asi, zvakadaro, pazvakasvika pamangange, Mwari wakaneta nemaitire avo. Akati, “Zvipatsanure, Mosesi. Ndichavauraya boka ravo rese, ndigotanga patsva.”

278 Wakazvikandira pamukaha, ndokuti, “Mwari, musadaro.” Chii? Kutsungirira navanhu vakanga vachimupandukira.

279 Ndinokahadzika kana tingagona kuita izvozvo? Kana musingagoni, musaedza kuvakira pamusoro *pezvizvi*, nokuti hazvi—hazvishanduki, munoziva. Ndiwo mabatanire akaita chekutanga *nechichi*, uye ndiwo mabatanire anofanira kuita chimwe nechimwe chazvo. Kana mukasadaro, hamusviki pachimiro icho chenzvimbo yokugara yaMwari mupenyu, kana musina kutsungirira, kutsungirira, mumwe kune mumwe. Zvakanaka.

280 Vana vechiHebheru vaiva nokutsungirira. Zvirokwazvo, vaiva nako. Mwari wakanga avavimbisa, akavaudza, “Musapfugamira chimupunzo kana chipi zvacho.” Asi vakava nokutsungirira. Vakati, “Mwari wedu anogona. Asi, kunyange zvakadaro, hatisi kuzopfugamira chimupunzo chenyu.” Kutsungirira, muchiziva izvi, kuti Mwari achamumutsa mumazuva ekupedzisira zvakare.

281 Hupenyu uhwu hauna zvikuru zvaunonyanya kureva, kana tanyatsotarisisa. Munoono? Mwari achazoumutsa zvakare mumazuva okupedzisira. Asi kana zvava kuuya pakupfugamira chimupunzo, hatisi kuzodaro. Zvino, tichapa Kesari zvaKesari, asi, kana Kesari asvika paanopesana naMwari, Mwari anotora nzvimbo yokutanga.

282 “Mwari wakati, ‘Musapfugamira chimupunzo icho.’ uye handisiri kuzodaro. Mwari wedu anogona kutirwira. Kana Akasadaro, ini handisi kuzopfugamira chimupunzo.”

Akati, “Zvakanaka, hero vira remoto.”

283 “Zvakanaka,” akati, “o, ndinofungidzira, kuti kuchanaya chaizvo husiku huno rigodzima.” Asi hakuna kudaro. Vakaramba vane kutsungirira.

284 Mangwanani akatevera, pavakaunzwa pamberi pematare emhosva, Nebhukadhinezari wakanga akagara ipapo. Akati, “Zvakanaka, vakomana, magadzirira here kundirangirira samambo wenyu?”

“Zvirokwazvo. Raramai nokusingaperi, O mambo.”

“Zvino chipfugamirai chimupunzo changu.”

“O, kwete.”

285 “Zvakanaka, mava kuenda kunotsva. Muri varume vakachenjera. Makangwara. Makatibatsira zvikuru. Makava

chiropafadzo kuhumambo hwedu. Hamunzwisisi here kuti handidi kuita izvi? Asi ndakapa ziviso pano, uye inofanira kuti iitwe. Handidi kukukandirai mukati umo. O, varume, chii chakakanganisika pamuri?”

²⁸⁶ “Ndinoziva kuti zvinoita sezvakarurama. Asi, Mwari wedu anogona kutirwira. Asi kunyangwe zvakadaro...” vakava nokutsungirira.

²⁸⁷ Vakatanga kufamba vachitevera puratifomu. Mumwe akatarisa mumwe. “Zvakanaka. Zvakanaka.” Vakava nokutsungirira. Vakafamba nhanho imwe, Mwari wakanga asipo. Nhanho mbiri, Akanga asipo. Nhanho nhatu, nhanho ina, nhanho shanu, vachiramba vachingoenda, Iye wakanga achiramba asipo. Uye iye vakapinda movira romoto chairo. Vakava nokutsungirira. Asi Iye waivamo. Maona? Moto wakangokwana bedzi ndiwo wakavarova, kuti upise ngetani kubva pamaoko nemakumbo avo. Uye zvino pavakasvika pasi pegomba, Iye wakanga avapo. Munoono? Vakava nokutsungirira.

²⁸⁸ Danieri zvimwe chete. Dhanieri wakava nokutsungirira. Zvirokwazvo. Wakanga asingazoregeri. Kwete, changamire. Chii chaakaita? Wakazarura mahwindo ndokunamata, zvakadaro. Ndizvo zvaidikwa naMwari. Wakava nokutsungirira. Wakamirira pana Mwari, achiziva kuti Mwari waigona kuchengeta Shoko raKe. Vakamukandira mugomba reshumba, vakati, “Tichaita kuti shumba dzikudye upere.”

²⁸⁹ Iye akati, “Zvakangonaka.” Wakava nokutsungirira. Nemhaka yei? “Zvakanaka, ndamirira nguva yese iyi, pana Mwari. Kana ndichifanira kumirira zvimwe zviuru zvishoma zvemakore, ndichamuka zvakare nezuva rokupedzisira. Saka, iva nokutsungirira, mirira.”

²⁹⁰ Pauro wakava nokutsungirira. Zvemazvirokwazvo. Tarisai izvo Pauro zvaakatofanira kuita. Munotaura pamusoro pekutsungirira!

²⁹¹ Ko vanhu vepentekosta? Kana bedzi vainge vaine kutumwa, “Mirira kusvikira,” munoono, “mirirai kusvikira mazadzwa neSimba.” Nguva yakadini? Vakanga vasina mubvunzo, wokuti zvichatora nguva yakadini? Vakangopuwa mhinduro yokuti, “Mirirai kusvikira.”

²⁹² Vakakwira ikoko vakati, “Zvakanaka, vakomana, pamwe maminiti gumi nemashanu kubva zvino Mweya Mutsvene uchange wava pamusoro pedu tobva tava neshumiro yedu.” Maminiti gumi nemashanu akapfuura, hapana munhu. Zuva rimwe rakapfuura, hapana; maviri, matatu, mana, mashanu, matanhatu, manomwe.

²⁹³ Vamwe vavo vanogona kunge vakati, “Hei, hamufungi here kuti tatova naWo kare?”

“Kwete, kwete, kwete, kwete.” Ndizvozvo. Kwete. Ndizvozvo.

²⁹⁴ “Zviri nani mubude kunze, vakomana.” Satani akati, “Imi—imi—imi munoziva kuti matova nezvamunoda. Chiendai, chitangai shumiro yenyu.”

²⁹⁵ “Kwete, kwete, kwete. Hatisati taUwana, zvino. Nokuti, Akati, ‘Pachauya, zvichaitika mumazuva ekupedzisira: Nemiromo inondandama nedzimwe ndimi Ndichataura nevanhu ava, uye iri ndiro Zororo raNdakareva,’ munoona, Isaya 28:19.” Akati, “Izvi—izvi Ndizvo, imi—imi muchaUwana apo... Sei, tichazviziva paUnenge wauya. Tichazviziva paUnenge wauya. Tichazviziva, ‘Vimbiso yaBaba.’” Ipapo akamirira mazuva mapfumbamwe. Zvino nezva regumi, “Takanga tiripo.” Vakava nokutsungirira, kwokumirira.

²⁹⁶ Zvino, kana wava nemhando iyi yokutsungirira, mushure mokunge Mwari akupa vimbiso zvino iwe woiona muBhaibheri, “Ndeyangu,” zvino womirira. Ipapo, kana wava nemhando iyoyo yekutsungirira, iwedzere pakutenda kwako. Uye chiona zvino kuti uri kukwirira zvakadini? Uri kukwira kumusoro *uku* zvino. Zvakanaka. Ruvoko rwewachi rwuri kutenderera, zvakare, harwusi here? Zvakanaka. Zvakanaka. Chiwedzera izvi pakutenda kwako.

²⁹⁷ Muchigara muchiMuisa pamberi penyu, muchirangarira, kuti Ndiye wakavimbisa. Handisi ini, ndakavimbisa. Haasi mufundisi, akavimbisa, kana kuti Hama Neville. Haasi mumwe muparidzi, wakavimbisa. Haasi mumwe muprisita kana kuti papa. Haasi munhu wepanyika. NdiMwari wakaita vimbiso, uye Mwari anogona kuchengeta zvose zvaAkavimbisa. Zvakanaka. Kana uine mhando yakadaro yokutenda, yokuziva kuti Mwari wakazvivimbisa! Unoti, “Hama Branham, ndinorwara. Ndinodisa chaizvo kupora.” Kugamuchire. Chipa chakapiwa kwauri, hongu, changamire, kana ukagona kutenda. “Zvakanaka,” iwe woti, “Ini ndinotenda.” Saka chikanganwa nezvazvo. Ndizvozvo bedzi. Zvatopera. Waona?

²⁹⁸ Iva nokutsungirira, kana wava nokutsungirira. Kana usina, unoondomoka kubva paChivakwa ichi pano, waona. Chinowisira izvi zvose pasi, chinhu chimwe chete ichocho. Munofanira kuva nacho. Usachiwedzera, nokuti, chinowisira pasi chivakwa chako kana usina kutsungirira, kana usina simba rokuwedzera pakutenda kwako kwaunoti unako. Uye kana usina kutenda, ukaedza kuisa simba pakuri, rinowisira kutenda kwako pasi. Waona? Unoti, “Zvakanaka, zvino, imbomirai kweminiti. Pamwe iyi inongova mhosho, hayo. Pamwe Mwari haasi Mwari. Pamwe hakuna Mwari.” Maona, zvinogura chinhu ichocho napakati. Maona?

²⁹⁹ Asi kana uine kutenda kwamazvirokwazvo, saka chiisa simba ramazvirokwazvo pakuri, nezivo yamazvirokwazvo,

nekuzvidzora kwamazvirokwazvo, nekutsungirira kwamazvirokwazvo. Waona? Uri kuramba uchikwira nemutsetse. Zvakanaka.

³⁰⁰ Chechishanu, wedzera humwari. O, ini zvangu! Humwari hunofanira kuwedzerwa. Humwari zvinorevei? Ndakatarisa mumaduramanzwi mana kana mashanu ndikashaiwa zvazvinoreva. Pakupedzisira, ndanga ndiri zasi uko kweHama Jeffrey uko, takariwana mu—muduramanzwi. *Humwari* zvinoreva “kufanana naMwari.” O, ini zvangu! Mushure mokuva nokutenda, simba, zivo, kuzvidzora, kutsungirira, zvino wochiva saMwari. Hwiu!

³⁰¹ Iwe woti, “Handigoni kudaro, Hama Branham.” O, hongu, unogona.

³⁰² Regai ndikuverengerei magwaro mashoma pano, kweminiti. Mateo 5:48. Titora irori tione kuti zvinoita sei, Mateo 5:48, toona kuti unofanira here kufanana naMwari. Munoziva kuti Bhaibheri rinoti, “Muri vamwari.” Jesu wakadero. Nemhaka yei? Simba rose, zvinhu zvose zviru muna Mwari, zviru mamuri. Mateo 5:48, “Ivai. . .” Jesu achitaura, zvezviropafadzo.

Ivai *naizvozvo* v-a-k-a-k-w-a-n-a, (Chii ichocho?)
vakakwana, saBaba venyu. . . vari kudenga vakakwana.

³⁰³ Wakwira ukasvika *uku* zvino, usati wakumbirwa kuti uite izvi zvino. Zvinhu zvose izvi zvinofanira kutanga zvawedzerwa. Zvino paunokwira kusvika apa, ndipo paAva kukukumbira kuti uchiva wakakwana zvino, humwari, vanakomana nevanasikana vaMwari. Ndizvozvo. Zvinhu zvizhinji zvandingagona kutaura pamutsetse uyu!

³⁰⁴ Ngativhurei vaEfeso 4, tione ipapa kuti, muBhuku revaEfeso, kuti inoti chii pamusoro pechinhu ichi, zvakare, kuti tinofanira—tinofanira kuita sei. VaEfeso, chitsauko 4, tichitanga nendima 12. VaEfeso 4, uye tichitanga nendima 12. Zvakanaka. Ngatitangirei pamusoro apa pandima 11.

Zvino wakapa vamwe, vaapostora; uye vamwe, vaporofita; . . .

³⁰⁵ Munorangarira usiku hwapfuura? Usaedza kutora hofisi yomumwe munhu. Maona?

. . . uye vamwe, vavhangeri; uye vamwe, vafudzi. . .
uye vamwe, vadzidzisi;

³⁰⁶ “Kuti zvikwanise Mwari?” Zvinoverengeka saizvozvo? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti.] Kukwanisa ani? [“Vatsvene.”] Vatsvene ndivanaani? Ndevakacheneswa. Amen. Avo vakatangira zasi kuno *uku*.

. . . kukwaniswa kwevatsvene, kuitira basa reshumiro (shumiro yaJesu Kristu), kuitira kuti mutumbi waKristu uvakike (kuumbidzira kuUvaka, kuumbidzira): kusvikira. . .

Kusvikira isu tose tauya pahumwe hwokutenda, uye...rwezivo yoMwanakomana waMwari, uye kusvika napamunhu wakakwana, kusvikira pakusimbiswa, (o, ini zvangu), kusvikira napachiyero chechimiro chokuzara kwaKristu.

307 “Kukwaniswa,” zvinotora humwari. Unofanira kuwedzera humwari, pakutenda kwako. Unoona, unotangira zasi kuno *uku*, nesimba. Zvino wobvapo uchienda kuzivo. Zvino wozaenda kukuzvidzora. Zvino wozaenda kukutsungirira. Zvino wava pahumwari. Humwari! O, ini zvangu! Nguva yedu iri kupera. Ngationei. Asi munoziva kuti humwari zvinorevei. Makaimba rwiyo urwu:

Kuva saJesu, kuva saJesu,
Panyika ndinoshuva kuva saYe;
Murwendo rwepepenyu kubva panyika
kuenda muKubwinya
Ndinongokumbira kuva saYe.

308 Ndiho humwari. Paakarohwa rimwe divi rechiso, Wakapa rimwe. Paakataurirwa zvisina mutsa, Iye haana kutaura. Iye haana kutuka mukupindura. Maona? Humwari, nguva yose kungotsvaka chinhu chimwe chete, “Ndinogara ndichingoita izvo zvinofadza baba.” Maona? Hongu, changamire. Nguva dzose. Ndiho humwari. Maona?

309 Mushure mekunge wapfuura *napapa*, kuuya *apa*, kuuya *apa*, kuuya *apa*, kuuya *apa*, zvino wava kusvika pachimiro chakazara choMwanakomana waMwari. Asi unofanira kuva *neizvi*, kubatanidza nezvose *izvi*, uye haugoni kutombotanga kutosvikira wava *nezvizvi*.

310 Zvino rangarirai shiri nhema ine minhenga yepeacork. Musaikanganwa. Maona? Usaedza kuwedzera pazviri kusvikira watozvarwa patsva zvechokwadi. Nokuti, iwe, hazvishandi, uye iwe—iwe haungazviiti kuti zvishande. Zvinosvika pane *izvi*, kana *izvi* zviri pano, zvinozowondomoka pane imwe nzvimbo.

311 Asi kana ukadzika zasi *uku*, ukava njiva yakazvarwa patsva chaiko, ipapo hapana chinhu chaunozowedzera. Inowedzera kwauri, waona, zvichikwira, zvakanaka, uchisvika pakukwaniswa zvino. Zvakanaka.

312 Zvino, chechitanhatu, ngatiwedzerei, Bhaibheri rakati pano, kuwedzera rudo kuhama...tsitsi kuhama. Zvino, icho chakanaka icho, pano apa, chechitanhatu, nomwe. Zvakanaka. Kuwedzera tsitsi kuhama. Zvakanaka. Patinosvika ipapo, tsitsi kuhama, kuzvitora uchizviisa munzvimbo yake, panyaya iripo. Zvino unoti... .

313 “Hama yangu yakanditadzira,” Petro akadero. “Ndichamuregerera here,” akati, “kanomwe pazuva?”

Akati, “Kamakumi manomwe kakapetwa kanomwe.”
Maona?

³¹⁴ Tsitsi nehama. Zvino, unoona, kana hama yanyatsobuda mugwara zvachose, usashaya kutsungirira naye. Waona? Kwete. Waona? Muitire tsitsi. Enda, zvakadaro.

³¹⁵ Mumwe munhu wakati, nguva shoma yapfuura, wakati, “Ko ungatenda zvinhu izvi sei nenzira yauri kuita, wobva wozaenda kune veAssemblies of God, neve Oneness, nevese?” Ipapo isa, waona, tsitsi kuhama. Waona? Waona? Uchitarisira, kuti rimwe zuva, munooona; uine kutsungirira naye, munooona; uchizvidzora, uchitsungirira naye; zivo, yokunzwisisa zvaanotenda, uchirangarira, zviri mumwoyo make, ndizvo zvazviri; simba, mauri iwe, uchirega richibuda riine tsitsi, hunyoro, kwaari; uine kutenda kwokuti rimwe zuva Mwari uchamupinza mukati. Maona?

³¹⁶ Tsitsi nehama, chinhu chechinomwe. Motsi, piri, tatu, china, shanu, tanhatu, chinomwe. [Hama Branham vanogogodza pachidziro runomwe—Mupepeti.] Maona, chinhu chechinomwe. Zvadaro, zvino, wava kusvika.

³¹⁷ Chinhu chinotevera, zvino, wedzera rudo, kunova kuda. Ndiro dombo repamusorosoro. Rimwe remazuva ano, muchechi. . .

³¹⁸ Zvino, ndapota, ngazvizikanwe patepi, nekumwewozve, handisi kudzidzisa izvi sedzidziso, izvo zvandava kuda kutaura iko zvino. Asi ndinoda kungokuratidzai kuti, ndichibatsirwa naMwari, izvo zvazviri chaizvo, kuti, Bhaibheri rokutanga iro rakanyorwa naMwari raive reZodiac muchadenga. Rinotanga nemhandara. Rinopedzisira naLeo inova shumba. Uye kana ndikasvika paChisimbiso cheChitanhatu necheChinomwe, muchazoono kuti, apo chimwe Chisimbiso chiya pachakazarurwa, mucherechedzo weZodiac panzvimbo iyoyo wanga uri wekenza, hove dziri kupesana. Zvino ndiro zera rekenza ratiri kurarama mariri, rakazarurwa. Uye chinotevera chakazarurwa neChisimbiso, Chakazarura Leo inova shumba, Kuuya kwaKristu kwechipiri. Akauya, pokutanga, kumhandara; Achauya, nguva inotevera, Leo inova shumba. Ndichaunza izvi ku. . .

³¹⁹ Zvino, handizivi kana ndichakwanisa kuwana nguva mangwanani ano. Ndichaedza nepose pandinogona, kukuratidzai kuti madanho aya arimo mumapiramide, saizvozvo chaizvo, ndiro Bhaibheri Mwari raakanyora rechipiri. Enoki wakaanyora, akaaisa mupiramide.

³²⁰ Uye rechitatu, Mwari nguva dzose unogara achikwaniswa mune chechitatu, ipapo Iye ndipo paAkazozvitira Shoko raKe.

³²¹ Pano, zvino, rangarirai, mupiramide. . . Ndinofungidzira kuti vazhinji venyu masoja nevamwe makamboenda kuEgipita. Pyramid haina ibwe rakatesva rapamusoro payo. Haina

kumbova naro. I—Ibwe reKunyombwa, uye nezvimwe zvese zvavanazvo, asi zvakadaro . . .

³²² Kana uine dhora muhomwe yako, ukatarisa dhora iroro, uchaona kuti, kudivi rokurudyi, pane chapungu chine mureza weAmerika. Zvino pakanzi, chisimbiso “cheUnited States.” Kune rimwe divi, pane pyramid, neibwe rokutesva guru neziso romunhu. Pakanzi kudivi iri, “Chisimbiso chikuru.” Zvino, kana iyi iri nyika huru, sei chisimbiso chikuru ichi chisiri icho chisimbiso cheniyika? Mwari unovaita kuti vapupure, zvisinei kuti vaenda kupi.

³²³ Ndaitaura nachiremba pane imwe nguva, uye waingondibvunzurudza-bvunzurudza pamusoro pekupodza kwaMwari. Takanga takamira mumugwagwa. Akanditi, “VaBranham, munongovhiringidza vanhu bedzi.” Akati, “Hakuna kupodzwa, kunze kwokubudikidza nevanorapa.”

³²⁴ Zvakaitika kuti ndakacheuka, ndokutarisa chiratidzo chaiva pamotokari yake, chaiva nyoka iri padanda. Ndikati, “Zviri nani uchitobvisa chiratidzo icho kubva pamotokari yako, zvino, nokuti chiratidzo chako pachacho chiri kupupura kuti Mwari ndiye mupodzi.”

³²⁵ Chiremba wechokwadi anozvitenda izvozvo. Ndivo vanachiremba vanonyepedzera kuziva zvokurapa zvavasingazivi. Hongu, changamire. Nyoka iri padanda! Mosei wakasimudza nyoka iri padanda. Akati, “Ndini Ishe ndinopodza zvirwere zvako zvole.” Uye vakatarisa nyoka iyoyo, kuti vawane kupodzwa naMwari. Asi kunyange zvakadaro vanopupura zvinopesana nazvo; asi chiratidzo chavo chichipupura zvinopesana navo. Hwiu!

³²⁶ Pano, nyika yedu, ichitaura zvavari kutaura, vachiseka zvinhu izvi, uye iyo mari yavo, mari yavo, inopupura kuti chisimbiso chezvisikwa zvole ndiMwari. Munoono here ziso iro rakamira pamusoro apo, pamari yedora? Ndicho chisimbiso chikuru.

³²⁷ Hachina kumboiswa pamusoro pepyramid. Havana kunzwisisa kuti sei. Ibwe repamusorosoro rakarambwa, Musoro, Kristu. Asi Richauya, rimwe zuva.

³²⁸ Zvino, mukuvaka, simba . . . Mukuvaka chivakwa ichi, tichivaka chimiro ichi, munoono, chinotanga nedombo renheyo; kutenda, simba, zivo, kuzvidzora, kutsungirira, humwari, tsitsi nehama. Zvino zvinoita sei? Zvino vanobva vamirira ibwe Repamusoro, rwunova rudo, nokuti Mwari rudo. Uye Ndiye anotonga, uye ndiYe simba rechimwe nechimwe chezvinhu izvozvo. Ndizvozvo. Hongu, changamire.

³²⁹ Imo *muno*, imo *muno*, munoono kuti ndine, pakati, ndine mabasa aya ese imomo, uye ipapa masaisai madiki anouya. Chinenge chiri chii? Mweya Mutsvene uchiburuka, nemuna Kristu, munoono. Mweya Mutsvene! Mweya Mutsvene uri

pamusoro pezvose *izvi*, uchinamira izvi pamwe chete, uchivaka (chii?) Chechi yakakwana, kuitira kuti ibwe Rapamusoro riIkwanise.

³³⁰ Chii chiri kuitwa zvakare? Iri kuratidzwa nomumaZera Manomwe eChechi, uye nemuvatumba vanomwe veChechi.

³³¹ Yakatanga kare *apa*. Chechi yakatanga papi? Chechi yepentekosta yakatanga papi? NoMutsvene Pauro, paEfeso, nyeredzi yeZera reChechi yeEfeso, Efeso.

³³² Zera reChechi rechipiri rainzi Smirna. “Simba.” Irenio, murume mukuru wakasimudzira Evhangeri raPauro.

³³³ Zera reChechi rakatevera raiva Pergamo, iro raiva Marteni. Marteni waiva murume mukuru wakagara. Pauro, Irenio, Marteni.

³³⁴ Kwozouya muTiatira kwakauya Corumba. Munorangarira? Hezvinoi pano, pazvakadhirowewa pano *apa*. Corumba. Mushure maCorumba. . . Zera reRima rakapinda.

³³⁵ Zvino pakauya Sadhisi, zvinoreva *kufa*. Ruther. Hareruya! Chiizve zvino? Chii chakatevera mushure meSadhisi, Ruther?

³³⁶ Zvino pakauya Firadherfia. “Humwari.” Whisiri, hutsvene! “Vakarurama vachararama nokutenda,” ndizvo zvakataura Ruther. Kucheneswa nemuna Whisiri.

³³⁷ Zvino pakazouya tsitsi nehama, kubudikidza nemuRaodhikia. Uye tinotenda kuti Mharidzo huru yokuuya kwechipiri kwaEriya, muzuva rokupedzisira, ichatandira nyika.

³³⁸ Hepanoi pamava, maZera Manomwe eChechi, matanho manomwe. Mwari achivaka Chechi yaKe, yakafanana nemunhu mumwe chete mudungamunhu, achipinda maari pachaKe. Kubwinya, Simba raMwari, richidzika nemune *zvizi*, zvichiInamatidza pamwe chete. Naizvozvo, vanhu vePentekosta vakaregedza maRutheran, vakabudisa maHwisiri nezvimwe, havazivi zvavari kutaura pamusoro pazvo. Munoono, vakararama panzvimbo *iyi* yetemberi. Ndiyo nzira yacho, vamwe vanhu vanogona kukwirira kusvika apa vozodonha. Asi pane chikamu chamazvirokwazvo chacho, chinoita kuti chivakwa ichi chirambe chichikura. “Ndichadzoredza,” ndizvo zvinotaura Ishe.

³³⁹ Munorangarira here *Muti WeMwenga*? Munongarira here mharidzo pamusoro pe*Muti WeMwenga*? ZvakaUdya ukapera, asi Iye wakaukwanhura mamwe matavi. Pane matavi emasangano; Wakaakwanhura akabva. Kwakamuka imwe chechi, davi remasangano; Wakarikwanhura rikabva. Asi mwoyo woMuti uyu wakaramba uchingokura. “Uye panguva dzamanheru kuchava neChiedza.” Munoono? Ndipo apo Kristu paanouya, Mweya Mutsvene. Jesu anoburuka ogara Pachake paMusoro peChechi zvino, uye Iye uchamutsa Chechi, unova iwo Mutumbi waKe Pachake. *Imomo* ndimo mune Mutumbi.

³⁴⁰ Uye nzira iyo Mwari yaanotitarisa kuti tikure sedungamunhu, ndiyo nzira yaAkakudza Chechi yaKe nayo. Zera rega rega reChechi, Inova Chechi imwe chete huru. Maona?

³⁴¹ Machinda *awa* akanga asingatarisirwi kuva zvaiva machinda *awa*. Izvi zvakanga zvisingatarisirwi kuva zvaiva *izvi*. Maona? Asi Wakakudza Chechi yaKe nenzira imwe chete. Akakudza Chechi yaKe—yaKe nenzira imwe chete yaAri kukudza vanhu vaKe. Zvino Petro pano unoti, chokutanga, zvinhu zvinomwe: kutenda, simba, (munoono, zvichikwira), zivo, kuzvidzora, kutsungirira, humwari, rudo nehama, mowedzera tsitsi nehama, uyezve rudo rwaMwari. Mweya Mutsvene, Kristu ari mumunhu unonzi Mweya Mutsvene, unouya pamusoro pako, mukubhabhatidzwa noMweya Mutsvene kwechokwadi, uye unobva wazova nezvakanaka zvose izvi mauri. Zvadaro, Mwari anorarama muTabhenakeri, inonzi Chivakwa, Tabhenakeri mhenyu inova hugaro hwaMwari mupenyu.

³⁴² Kana munhu ava nezvinhu izvi, ipapo Mweya Mutsvene unobva wauya pamusoro pake. Hazvina mhaka, ungagona kutaura nendimi, ungagona kutevedzera kana chipo chipi zvacho Mwari chaainacho. Ungagona kudaro. Asi kutosvikira zvakanaka izvi *pano* zvapinda mauri, uchiri kunze kwenheyo yechokwadi, yamazvirokwazvo yokutenda. Asi kana zvakanaka izvi zvichikuramo, uye uchiwedzera icho kune icho, ipapo unobva wava chivakwa chinorarama. Wava chimupunzo chinofamba, chinorarama.

³⁴³ Asi, munoziva, ma—mahedheni, vano zvambarara pamberi pechimupunzo, mwari wekufungidzira. Uye nenzira yemafungiro avo vanotenda kuti mwari wemifungo yavo anotaura kwavari. Ndicho chihedheni. Ndicho chiRoma. Vanopfugama pamberi pemhando dzose dzavatsvene nezvimwe zvese. Uye vana Musante Cecilia, mwari wemba, nezvimwe zvakanaka zvakasiyana siyana zvakadaro. Vanopfugama kuna izvozvo, vonyatsotenda nenzira yemafungidziri avo. Mufa—mufananidzo wakadini, waMwari wechokwadi anorarama.

³⁴⁴ Asi isu, kwete nenzira yemafungidziri, tikazvambarara pachezvedu pamberi paMwari mupenyu, simba benyu, zivo mhenyu, kutsungirira kunorarama, humwari hunorarama, neSimba benyu richibva kuna Mwari anorarama, zvinoita munhu anorarama mufananidzo unorarama uri muchimiro chaMwari. Ari kuitei? Zvinhu zvimwe chete zvakaitwa naJesu; kufamba nzira imwe chete yaAkafamba, kuita zvimwe chete zvaAkaita. Nokuti, hachisi chinhu chekufungidzira. Pane chechokwadi chinozviratidza.

³⁴⁵ Munoono zvandinoreva? Munoono kuti zvinhu zvakanaka izvi, zvokuvakisa izvi, zvinofananidza sei vatumba veChechi, nemazera eChechi? Zvino, rimwe ramazuva ano, tichatora rimwe nerimwe remanzwi aya, uye toanzvera, uye toratidzawo

kuti zvinozviratidza. Zvose zvinofambirana pamwe chete. Zvirokwazvo. Maona? O, ini zvangu! Zvinoshamisa zvakadini, munoona, kuona zvazvi—zvazvinoita.

³⁴⁶ Zvino, iyo ndiyo Imba inogara Mwari; kwete chivakwa chine bhera guru pamusoro pachu, nekarusvingo kakarebareba. Maona? “Asi Mutumbi ndiwo waMakaNdigadzirira,” Mutumbi umo Mwari anogona kugara mauri, umo Mwari anogona kufamba mauri, umo Mwari anogona kuona ari mauri, umo Mwari anogona kutaura ari mauri, umo Mwari anogona kushanda ari mauri. Ameni! Mudziyo mupenyu waMwari, Mwari achifamba netsoka mbiri, ari mauri. Girori! “Tsoka dzevakarurama dzinotungamirirwa naJehovha,” Mwari achifamba ari mauri. “Nokuti muri tsamba dzakanyorwa, dzinoverengwa navanhu vose.” Uye kana Hupenyu huri muna Kristu huri mauri, uhabereka Hupenyu hwakaberekwa naKristu.

³⁴⁷ Sezvandinogara ndichitaura. Ukabvisa muto kubva mumuti wemupichisi, zvino dai waigona kuuyambusa, mukuusanganisa, ukaupinza mumuti wemuaprosi, muti wemuaprosi unobva wabereka mapichisi. Zvamazvirokwazvo. Unotodaro. Hazvina mhaka kuti mapazi awo anoratidzika sei, une muto wemuti wemuaprosi mauri, munoona, kana kuti muti upi waungava. Maona? Tora hupenyu hwawo kubva mumuti wemuaprosi, wohuburitsa hwese, woupa mumwe mu—muto, wobvisa kubva mumuti wemupichisi uchiyambutsirwa uchiiswa mumuti wemuaprosi. Chii chinoitika? Hauzobereki zvakare mapichisi. Munoona? Kwete, changamire. Hauzodaro. Kana upenyu hwomuti womupichisi hukaiswa mumuti womuaprosi, ndozvandoreva, hauzobereki zvakare maaprosi. Uhabereka mapichisi, maona, maona, nokuti une hupenyu uhwu mauri.

³⁴⁸ Zvakanaka, ngatizvitorei, hapana chiripo apa kunze kwebudzi romusango, gaka romusango, munoona, uye hapana zvatiri, nokuti tose takafa muchivi nomukudarika. Tose tiri mumhando idzi dzemamiriro. Uye zvino isu, pachedu, tinogona kuzvzvambaradza, tozviregedzera, kusvikira Mwari atora paipi yaKe yokusanganisa, Zita raJesu Kristu, nokuti, “Hakuna rimwe Zita pasi peDenga iro munhu angaponeswa naro,” obva ayambutsa Upenyu hwaKristu achihupinza matiri. Ipapo tinova nemhando *iyi* yekutenda, kutenda kwaiva naKristu. Uye kutenda kwaKristu hakuna kuiswa panheyo iyo yavaFarise, kana vaSadhuse, kana mupoto dzavo, ketero, nemapani, kana kuzvigeza kwavo. Kwakanga kwakaiswa nheyo paShoko raMwari, ameni, zvakanyanya, kusvikira Kristu wakanga ari Shoko, Shoko rakaitwa nyama. Uye zvino kana tikange tazadzwa neSimba raKe, zvokuti tinofa kumafungiro edu, uye kutenda kwedu kwova kutenda kwamazvirokwazvo, hareruya, zvino Hupenyu hwaKristu hunobva hwaiswa matiri. Tinobva tava zvisikwa zvaMwari zvipenyu, nzvimbo yokugara yoMweya

Mutsvene unogona kupenyesera maropafadzo aKe achipinda nemo, uye tinenge tava muchimiro chaKristu.

³⁴⁹ Jesu akati, “Hazvina here kunyorwa? MaNdiwanira mhosva, pandiri kuti, ‘ndiri Mwanakomana waMwari.’ Hazvina here kunyorwa, kuti, ‘Muri vamwari.’ Murairo wenyu pachawo hautauri here kudaro?” SaMosesi, saEriya, savaporofita avo vakararama zviru pedyosa naMwari, kusvikira Mwari akangozviisa Pachake mukati mavo. Uye vakataura, kwete ivo, asi Mwari. “Musafunganya kuti muchati kudini, nokuti hamusimi muchataura. NdiBaba vanogara mamuri; Ndivo vanotaura.” Mashoko aKe haasisiri ake, nokuti, upenyu hwake iye, hwakafa.

³⁵⁰ Kana ukafa, ukabvisa ropa kubva mumunhu, unobva wamuomesa. Dambudziko riripo nderiri, vazhinji vavo havana kumboomeswa. Ukabvisa ropa kubva mumunhu, anobva afa. Chiruru bedzi chokuti uite kuisa rimwe ropa maari; achatanga kurarama zvakare. Mabvisa ropa rake kubva maari.

³⁵¹ Uye zvino taisa Ropa raJesu Kristu mukati, munoona, zvino izvozvo ndizvo zvinounza kutenda kwaJesu Kristu, simba raJesu Kristu, zivo yaJesu Kristu, kuzvidzora kwaJesu Kristu, kutsungirira kwaJesu Kristu, humwari hwaJesu Kristu, tsitsi nehama dzaJesu Kristu, nerudo rwaMwari, runova Jesu Kristu. Ndiye Musoro unokutungamirira. Uye tsoka dzenyu ndiyo nheyo, kutenda. Amen! Uchitungamirirwa neMusoro, zvinotora . . . ? . . . Hezvo. Hounoi munhu wakakwana waMwari, kana ava nezvinhu izvi zvakanaka.

³⁵² Zvino, Mwari, achimirira Chechi yaKe soMwenga, mudzimai. Mwari anoratidza Chechi yaKe soMwenga. Zvino nzira yaAnouyisa munhu dungamunhu kusvika pakuva mwanakomana waKe, kuti apinde muMwenga iwoyo, Akauyisawo Mwenga wake nomumazera aya, [Hama Branham vanogogodza pachidzoro chokunyorera runomwe—Mupepeti.] kusvikira Asvitsa Chechi iyi yakakwana pane *ichi*.

³⁵³ Tsoka dzangu dzinofamba. Nemhaka yei? Nokuti musoro wangu wataura izvozvo. Zvino, hadzifambi soruvoko rwangu, nokuti itsoka dzangu. Ruther haangagoni kuita zvinhu zvatakaita isu, kana maMethodisti, nokuti vaiva chimwe chinhu. Maona? Tsoka dzinofamba nokuti musoro wadaro. Uye musoro hauzomboti, “Zvino, tsoka, chiva ruvoko. Nzeve, chiva maziso.” Maona?

³⁵⁴ Asi, muzera roga roga, Mwari wakaisa zvinhu izvi muChechi yaKe, ndokuzvironga kuti munhu mumwe nomumwe sedungamunhu anazvo izvi, ane hunhu uhwu. Uye *Iyi* zvairi, kana yakwaniswa, ndiyo Chechi yaMwari inopinda muKubvutwa. Uye *uyu* munhu, kana akwaniswa, muranda waMwari, ari muChechi yaMwari, ichapinda muKubvutwa.

Girori! Munoono zvandinoreva? Hezvinoika. Hechinoi chinhu chakazara.

³⁵⁵ *Pano* pakauya munhu, Pauro, achiisa nheyo. Irenio ndokudira *izvi* pairi. Akatevera akadira *izvi*. Akatevera akadira *izvi*. Akatevera *izvo*, *neizvo*, *neizvo*, zvichidzika kusvikira kuzera rokupedzisira. Asi chii? Mweya mumwe chete.

³⁵⁶ Mweya mumwe chete uri mandiri, unoti, “Mavoko, sveverera bhokisi iro.” Mweya mumwe chete unoti, “Tsoka, famba danho rimwe.” Munoono zvandinoreva?

³⁵⁷ Zvino, munoono chimiro chese chemunhu wako chinotungamirirwa nokutongwa nezvinhu izvi, asi hachigoni kutongwa zvizere kusvikira chazara zvakakwana nehunhu uhwu.

³⁵⁸ Makambonzwa izvi here? Zvino regai ndikuudzei izvi. Uye natsai. . . Isai izvi panzeve yenyu yakaterera. Maona? Ngetani ine simba rayo gurusa pachibatanidzo payo pane kusasimba kwakanyanya. Ndizvozvo. Haisimbi kupfuura pachibatanidzo pane hutera hwakanyanya.

³⁵⁹ Hazvina mhaka kuti *izvi* zvavakwa zvakasimba sei, *ichi* chavakwa sei; kana chiine panokochekerana pasina simba, ipapo ndipo painodambuka napo. Uye haina kusimba kupfuura painokochekera pane zinyekekeke ipapo. [Hama Branham vari kureva mufananidzo wavakadhirowa pachidziro—Mupepeti.] Zvino kana unazvo, unoti ndine *ichi*, *ichi*, *ichi*, hauna *ichi*, ipapo ndipo painodambukira. Kana une *ichi*, usina *icho*, inodambukira ipapo. Une *ichi*, usina *icho*, inodambuka. *Ichi*, uye usina *ichi*, inodambuka. *Ichi*, uye usina *ichi*, inodambuka. Munoono? Uye kana usina. . . Haungavi *neizvi*, usina *izvi*.

³⁶⁰ Saka kana iwe wazvipira zvizere, ipapo Mweya Mutsvene unozvidurura nemauro, muzvinhu zvakanaka izvi, ipapo unobva wava Tabhenakeri inorarama. Ipapo vanhu vanokutarisa voti, “Heunoi munhu wakazara nesimba, zivo (anotenda Shoko), kuzvidzora, kutsungirira, humwari, tsitsi nehama, akazara norudo rwoMweya Mutsvene. Munoono, hounoi, ari kufamba famba.” Chii? Chimiro icho vasingatendi vanogona kutarisa voti, “Heunoi muKristu. Heunoi murume, kana kuti mudzimai, anoziva zvaari kutaura pamusoro pazvo. Hamusati makamboona munhu ane mutsa, anotapira, ane humwari kupfuura uyu.” Wasimbiswa. Chisimbiso chinoratidza mativi ose. Kana uchienda kana kuti uchidzoka, unoono chisimbiso zvakadaro. Mazvionaka. Maona? Kana murume kana mudzimai ane *izvi*, ipapo dombo Rapamusoro rinoburuka rovasimbisira muHumambo hwaMwari, unova Mweya Mutsvene.

³⁶¹ Zvino Shoko, richibva *Apa*, rinoZviratidza nomune mumwe nemumwe wevanhu ava, munoono, uye roita kuti Munhu uyu akakwana ave Tabhenakeri yaMwari mupenyu, muenzaniso mupenyu wechiKristu, uchifamba. Zvaiva Kristu, vanhu ava

ndizvo zvavari, nokuti hupenyu hwaKe huri mukati umu. Vari muna Kristu. Uye hupenyu hwavo hwakafa hukavigwa muna Kristu, nomuna Mwari, ndokusimbisirwa imomo noMweya Mutsvene. VaKorinte Vokutanga 12. Ndizvozvo. Maona? Unozviona kuti wakafa, zvararo wazvarwa nokutenda. Zvino simba nezvimwe zvinhu izvi zvose zvinowedzerwa kwauri kusvikira wava mufananidzo mupenyu waMwari, wakakwana. Hazvishamisi here izvi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

³⁶² Uye zvino Mwari, nemuna izvozvo, akauyisa maZera eChechi Manomwe, kuti aratidze matanho manomwe aAkaunza, achivaka munhu waKe kumusvitsa muchimiro chaKe, Wakavaka Chechi yakakwana muchimiro chaKe. Zvino pakumuka kubva kuvakafa, Mutumbi uyu wakakwana uchamutswa kuti uchigara naYe nokusingaperi, nokuti iwo Mwenga. Munoono? Saka zvinopinda muzera roga roga, zera roga roga rinouya.

³⁶³ Zvino pane zvizhinji zvinodikwa, rangarirai. Munorangarira here zvakataurwa naPauro pano apa muna vaHebheru 11? Regai ndimbokuverengerai chimwe chinhu pano tisati tavhara, ndipei miniti. Zvino mozo. . . Zvinoita kakupa mamwe manzwiwo asinganyatsi kunzwisisika apo ini. . . nguva dzose, pandinoverenga izvi. Ndava kuvhura vaHebheru 11, uye ndava kutangira pandima 32.

Ndichati chii, ndichataureiko zvimwe? nokuti ndichapererwa nenguva kukuudzai nezvaGidheoni, . . . nezvaBharaki, uye . . . Samusoni, uye . . . Jefita; . . . Dhavhidha . . . uye Samueri, . . . nezvavaporofita;

Avo nokutenda vakawisira pasi humambo, vakaita zvakarurama, vakagamuchira vimbiso, vakamisa muromo yeshumba,

Vakadzima hashu dzomoto, vakapunyuka munondo, uye kubva pahutera vakaitwa vane simba, vakava mhare mukumhanya, vakadzinga . . . hondo dzavamamwe marudzi.

Madzimai akagamuchidzwa vakafa vavo vamutsirwa kuhupenyu vakare: . . . vamwe vakapinda nomukutambudzwa, vakatambudzwa, vachiramba kusunungurwa; kuti vawane kumuka kwakapfuura nokunaka:

³⁶⁴ Zasi muno umu. Munoono? [Hama Branham vanonongedza kune zvavakadhirowa pachidziro—Mupepeti.] Zvakanaka.

Uye vamwe vakava nemiedzo . . . vachinyombwa zvisina tsitsi . . . kurobwa, hongu, pamusoro pazvo . . . vachisungwa . . . vachiiswa mutorongo:

Vakatakwa namabwe, vakachekwa—chekwa nesaha, vakaedzwa, vakauraiwa ne . . . minondo: vakaritaira

vakafuka matehwe emakwai uye nerembudzi; vasina chinhu, uye vachirwadziswa, uye vachitambudzwa;

(Avo nyika ino haina kufanirwa navo:). . .

³⁶⁵ Munoono, pakakamurwa apa, kana mazvicherechedza muBhaibheri renyu.

*. . . vakaritaira mumarenje, nomumakomo,
nomuninga nemapako enyika.*

*. . . vose ava, vakagamuchira kupupurirwa
kwakanaka nokutenda, . . .*

³⁶⁶ *Pano!* [Hama Branham vanonongedza kune zvavakadhirowa pachidziro—Mupepeti.]

*. . . kupupurirwa kwakanaka nokutenda, havana
kugamuchira vimbiso: (Maona?)*

*Mwari atichengetera chinhu chiri nani, kuti ivo
vasinesu havangagoni kukwaniswa.*

³⁶⁷ Mazvibata here? Vanhu ava vakafa, muno *umu*, vanovimba nesu uye vakatimirira. Saka, Chechi *iyi* inofanira kusvika pakukwaniswa, kuti iunze rumuko kubva kuvakafa. Uye ivo vari pasi, imweya iri pasi pearitari, vakamirira kuti Chechi *iyi* isvike pakukwaniswa kwaYo, apo Kristu paanouya.

³⁶⁸ Uye chechi *iyi*, munoono, iri kuramba ichiita duku, vava vashoma. [Hama Branham vanonongedza kune zvavakadhirowa pachidziro—Mupepeti.] Yanyanya kutesva kupfuura apa, asi zvakangofanana nokunyora muchinjikwa apo, munoono. Zviri kusvika pakutesva semuromo wetsono. Kusvikira, Chechi, muhushoma, inofanira kusvika panzvimbo yainenge yava nemhando imwe chete yeshumiro yakasiiwa *neyi*, nokuti, kuitira panozodzoka ibwe Rapamusoro . . .

³⁶⁹ *Pano* apa pane kanenge kahomwe, paichazogara muno *umu*, papyrus yemazuva ose. Hachisi chivharo bedzi chinogara pamusoro. Mupendero muduku, chinofanira kugara apo, nokuti inorasa mvura.

Uye kana zvasvika, Chechi *iyi* inofanira kutesva.

³⁷⁰ Zvose izvi, mamwe ose matombo emupyramid, akanatsa kurongwa akabatana kusvikira haugoni kuisa reza pakati pawo, achirema matani, arimo imomo. Kutu vakaakwidzapo sei, havazivi. Asi akavakwa.

³⁷¹ Uye pamusoro *apo*, panouzouya dombo Rapamusoro pepyramid, pyramid Pachayo, Mutumbi waKristu unofanira kutesva. Kwetwe zvitendwa bedzi kana dzidziso, kana chimwe chinhu chatataura nezvacho. Inofanira kunyatsofanana naKristu, kusvikira, paAnouya, Iye neshumiro iyo zvinofanira kupfekana zvichinyatsobatana. Maona? Zvino Kubvutwa kunobva kwaya, kuenda Kumusha.

372 Tarirai zvino patava kurarama, muRaodhikia, apo chechi yakava nezera rechechi rakaipisisa kupfuura rakambovapo. MuBhaibheri, tinoona kuti, ndiro zera rechechi roga iro Mwari aiva kunze kwechechi, achigogodza, achiedza kudzokera muchivakwa chaKe. Zvitendwa nemasangano vakaMuisa kunze kwechechi yaKe. “Tarirai, Ndimire pamusuo ndichigogodza. Kana munhu ane nyota akavhura musuo, Ndichapinda maari, ndigodya naye.” Maona? Hezvinoi, muzera *iri* rechechi. Zvishoma zvishoma vakaMukandira kunze, kusvikira *pano* vakatoMubvisa pachigaro zvachose. Havadi kuwana chokuita naZvo.

373 Zvino munoona nhasi kwatiri kuenda. Kusvikira pakuguma kweZera reChechi reRaodhikia rasvika pakutonhora, kusvikira pokuti iro nechiKatorike, icho chakariputsa pano *apa*, zvava kuuya pamwe chete zvichibatana sechechi imwe chete huru. Kubatana kwemachechi, kwakangofanana nechiKatorike.

374 Panongova nemusiyo mumwe chete, kana vakangokwanisa kukurira izvozvo, ndiko kutora chirairo. Ndicho chinhu chimwe chete bedzi mudiocese, icho—icho—icho chinomisa chiKatorike nechiProtestant kuti zvisabatana, maitirwo echirairo. Chechi yeKatorike inoti, “Iwo mutumbi.” Chechi yeProtestant inoti, “Izvi zvinomiriria mutumbi.” VeKatorike vanoita misa kubva machiri. Misa, kuti, vanatora chirairo, vachitarisira kuti varegererwe. VeProtestant vanochitora nokutenda, vachivonga Mwari, muchirairo, kuti vakaregererwa. VeProtestant vanoti, “Vanoti takaregererwa.” VeKatorike vanoti, “Tinotarisira kuti ticharegererwa.” Misa nechirairo. Vanoiti misa; isu tinoiti chirairo. Misa itarisiro yokuti pamwe ndizvo zvazviri. Chirairo kuziva kuti ndizvo zvazviri, tobwa taMutenda nokuda kwazvo. Maona? Zvino ndicho chinhu bedzi chavasingagoni kubatana pachiri. Vachazviita.

375 O, zvinoratidzika kuva zvakanaka chaizvo. Zvichabatana, kuti zvfambe... Zvicha—zvichafamba kwose... Zvakanaka, Bhaibheri rakati, “Uye zvikara izvi zvakapa simba razvo kumhombwe,” maona, vakazvibatandiza pamwe chete. Maona? Chaizvo chaizvo zvavakanzi neBhaibheri vachaita, ndizvo zvavari kuita iko zvino. Zviri kutoitika, vhiki ino chaiyo. Kwete kuti ndine zvekupesana nevanhu vaKatorike pamusoro pazvo, zvingapfuura zvevanhu vechiProtestant.

376 Imi maMethodisti namaBhaptisti, nevashinji venyu imi vePentekosta, apo chechi dzenyu dzapinda mumubatanidzwa wamachechi uyu, apo panenge pavakwa zimochari renyu guru uko muNew York, remubatanidzwa wamachechi, zvinobva zvaanana sezvazviri muUnited Nations nezvakadaro. Vari kuedza kubatanidzwa zvechiProtestant zvese pamwe chete.

377 Zvino, maKatorike akachenjera pana izvozvo, uye vachauyisa Papa Johane wechi 23, kana kuti wechi 22,

kana kuti chero zvaari. Ari kuedza, nenzira yepasi, yakazvinipisa, kuunza vose vane kutenda kwechiProtestant nekutenda kwechiKatorike kuti kuve kutenda kumwe chete, chaizvo zvakanzi neBhaibheri vachaita. Hezvinoinika. Uye vechiProtestant vari kuzvigamuchira, zvakaperera, nomwoyo wose, zvachose.

³⁷⁸ Nemhaka yei? Nemhaka yei? Nokuti havana zvinhu *izvi*. *Zivo*, “Shoko ndiro ramazvirokwazvo.” *kutsungirira*, “Avo vanomirira pana Jehovha.” Munoono here zvandinoreva?

³⁷⁹ Somubhishopi weMethodist zvaakareva rimwe zuva, pavakabvumirana izvozvo. Uye ani zvake anoziva kuti, sei, chii chakafemera izvozvo, zvokuedza kuti mumwe munamato utaurwe muchechi, kana kuti muchikoro. Uye vaida... ndinofunga kuti raive bhuku remunamato rePresbhatariani, kana rimwewo, uye vabereki vakasungisa chi—chi—chikoro nokuti havana kugamuchira kuti munamato uyu utaurwe muchikoro. Zvino mubhishopi weMethodist uyu wakanga ari mutana wakachenjera, wakasimuka akati, “Hazvina kunaka.” Akati, “Hazvina tsigiro yebumbiro remutemo.” Wakanga abata zvakanga zvichitaurwa nezvazvo. Akati, “Sezvakaite muchechi yedu yeMethodisti,” akati, “muchechi yedu yeMethodist,” akati, “vazhinji vevanhu vedu vanogara vachingotaura pamusoro pezvinonyadzisa zvekuHollywood, uye zvikamu makumi mapfumbamwe nezvishanu kubva muzana zvavo vanoenda kundozviona zvakadaro.”

³⁸⁰ Dambudziko chiiko? Vakasiya *izvi*. Ndizvozvo chaizvo. Vakasiya izvo.

³⁸¹ Ndakanga ndichitaura ndiri muimba ino chaiyo, rimwe zuva, ku—ku—kune mumwe mukuru wechechi hurusa yeMethodisti iri muno muFalls City, imwe yechechi yeMethodisti yomweya chaizvo muguta reFalls City. Ndichiratidza, kuti zera reMethodisti rinoteverana nezera redu, rePentekosta. Uye akati, “MuSt Louis, Missouri, vakaita ongororo, mwedzi mitatu kana mina yapfuura, pakava nezvavakawana.” Murume iyeye anogona kunge akagara muno mangwanani ano. Zvakanaka, ndiye muvaki ari kuvaka ino, ari kutigadzirira chivakwa. NdewekuMain Street Methodisti, ndiko kwake, uko Hama Lum nevamwe vaiva mufundisi. Saka tinoona kuti, ipapo, ndinotenda kuti zvikamu zvinomwe kubva mugumi zvevanhu veMethodisti vakapinzwa muongororo iyo, kuti, ongororo yeSt Louis, vakaona kuti zvikamu zvinomwe kubva mugumi zvemaMethodisti vaiputa fodya, uye zvikamu makumi matanhatu nezvisere zvavo kubva muzana zvinonwa zvinodhaka. MuMethodisti! Zvino chaishamisa ndechokuti, pavakapa ongororo iyi, kana kuti fungidziro pakati pevarume nevakadzi; vakadzi, vaiva zvikamu makumi manomwe, makumi manomwe nokupfuurira kubva muzana, zvakamirisana nezvingange zvikamu makumi mashanu zvevarume. Madzimai mazhinji ndivo vaiputa nokunwa

kupfuura varume. Zvikamu makumi manomwe, zvinoti pfuurei makumi manomwe, zvamadzimai ari iwo akawanda kupfuura varume.

³⁸² Zvino ko kana tikauya paDzidziso yeBhaibheri yokupfeka zvikabudura, nokugera vhudzi, nezvimwe zvakadaro, munoono, tava pahumwari, madzimai anoti ane humwari nehutsvene? Mapati emakasa nezvimwe zvose, vanyei, vatauri-tauri, vasina kumbogona kudzikamisa rurimi rwavo pachavo. Rurimi rwavo ruchingotaura nokunyeya, vachingotenderera. Ko varumewo? Mapati amakasa, kutamba gorofu, vari kunze uko vasina kunyatsopfeka, vaine tunhumbi tusina kunaka twavakapfeka, nemadzimai ariko kunze ikoko. Ndiko kusaka!

³⁸³ Maona chironywa chakasviba chaiswa pamuparidzi uyo, muparidzi wokujere, mangwanani ano? Hongu, changamire. Handitendi kuti murume uyo une mhosva iyoyo. Chii chazvakaita? NdiHama...ndakanganwa kuti anonzi... [Mumwe anoti, “Dan Gilbert”—Mupepeti.] Hongu. Dan Gilbert, muparidzi wokujere. Apo murume uyo akamhanya akapindamo ndokuuraya Dan, pano mwedzi mishoma yapfuura, uye zvino mudzimai wake wavakutarisira mwana. Nokuti, Dan wakafa, havangoni kuwedzera mwana uyu ropa zvino. Mudzimai anoti Dan akamubata chibharo, uye mudzimai... “Uyo mwana waDan.” Zvakadaro...ini handitendi izvozvo sokusatenda kwandinoita kuti gu—kuti gu—gunguwo rine minhenga yehangaiwa. Kwete, changamire. Ndinotenda kuti manyepo. Ndinotenda kuti Dan Gilbert waiva munhu waMwari. Ndinotenda kuti icho chironywa chaDhiyabhorosi.

³⁸⁴ Zvakafanana nechinhu chiya chakaedza kuiswapo pamusoro peminamato. Mubhishopi uya weMethodisti—Methodisti wakava nekungwara kwakakwana kwekuzvibata. Dai akanga, dai zvakanga zvagamuchirwa, zvakanga zvakafemerwa nechimwe chinhu. Ndizvozvo.

³⁸⁵ Zvakangofanana nedambudziko iri riri zasi kuno kuChamhembe rerusaruraganda, zvimwe chete. Ndinotenda kuti vanhu vanofanira kusununguka. Ndinotenda kuti nyika ino inotsigira rusununguko. Handiwaniri mhosva VaKennedy pakutumira mauto ikoko. Kunyange, ndisiri mu—“mutsva wetsambo,” uye handisi muDemocrat. Handisi muRepublican. Ndiri muKristu. Saka ndiri...Asi handitendi muna izvozvo. Handitendi kuti vanhu vechitema vanofanira kutengesa udangwe hwavo kuzvinhu zvakadaro, nyangezvo. Rakanga—rakanga riri bato reRepublican. Ropa raAbraham Lincoln rakasunungura vanhu ava nokuti akanga ari munhu ane humwari. Ndinofunga kuti vanofanira kumira nebato ravo kana vachatozofanira kuvhota.

³⁸⁶ Asi regai ndikuudzei chinhu chimwe chete, mukomana uya haana kungoendako nokuda kwokuti, zvaiva zvikoro zvavo.

Mukomana uya chizvarwa chenyika ino. NdowomuAmerica. Urwu rusununguko rwavose. Ruvara rwemunhu harufaniri kupa mutsauko. Tose . . . “Mwari,” wakati, “no munhu mumwe, wakaita ropa rose, ndudzi dzose.” Tose tiri chinhu chimwe chete. Asi, mukomana uya, wakanga ari musoja. Imhare. Wakarwira zvakarurama. Wakanga aine kodzero yokuenda kuchikoro. Ndizvozvo. Asi waiva nezvikoro zvakawanda zvaaigna kuenda kwazviri.

³⁸⁷ Ndizvo zviru chinhu ichi. Ukatarisa seri kwacho, maitiro awa emasangano anhasi, ari kufemera izvozvo. Nemhaka yei? Vari kubvisa mavhoti evatema kubva kumaRepublican kuaendesa kumaDemocrat, zvino vari kutengesa udangwe hwavo pakudaro. Ndicho chokwadi chaicho. Mweya Mutsvene hausu pano . . .

³⁸⁸ “Regai uyo ane huchenjeri.” “Regai uyo ane zivo.” Ndizvozvo chaizvo. Zvakangofanana nechechi ino, zera ranhasi iri, richizvitengesa. Hamusi kuona here zvichazoitika?

³⁸⁹ Handina mhaka kana izvi zvichitepewa. Hezvinoi zvauya. E-he. Hongu. Dambudziko riri papi? Mai vangu kare vaisitaura kuti, “Ipa Dhiyabhorosi zvokwake.”

³⁹⁰ Pane mumwe murume wakaita chinhu chimwe chete chine pfungwa, ndiCastro zasi uko. Hongu, changamire. Wakaenda zasi ikoko. Vapambepfumi vakanga vaine nzimbe dzose nezvose . . . vanoshandisa ndarama semari, sezvakaita United States. Iye wakaiti? Akaunganidza mapepa aya. Akatora mari nenzira yose yaakagona kutora. Ipapo akazoitei? Akagadzira mari yakafanana neyaivapo, ndokubva aishandura. Ndokuadzosera ikoko. Chinhu icho nyika ino yaigona kuita bedzi.

³⁹¹ Makanzwa here *Life Line* mangwanani aya? Sei, munoziva, zvakangofanana nokutengesa mapepa nendarama. Mapepa anenge atotorwa kare. Zvino hurumende iripo zvino iri kushandisa mari yei? Yemutero yavachazounganidza makore makumi mana kubva zvino. Yaparara. *ILife Line* yomuWashington D.C., kutandira nyika ino. Mari yomutero yavari kushandisa, uye vachiedza kutenga yokunze. Zvakana, vari kungoigovera kunze nenzira yose. Hamusi kuzviona here? Ndizvo chaizvo zvavari—zvavari kuzoita. Maona? Chii? Zvino, kana nyika ino ikachona, chainogona kungoita bedzi kuchona. Chainogona kungoita bedzi kuchona zvachose.

³⁹² Ndicho chinhu bedzi chine pfungwa chinogona kuitwa, kuchinja mari. Asi havagoni kuita izvozvo, pasi pokutonga kuriko iko zvino. Chechi yeRoma yechiKatorike ndiyo muridzi wendarama yepasi rose. Zvino zvavachaita ndezvokutotengesa, “Varume vakapfuma ava,” uye vakadaro, “venyika ino,” sezvinoreva Bhaibheri. Vachaita sei, vasati varuza? VeBrown and Williamson Tobacco Company, potse potse vose maKatorike, zvakadaro. Uye zvose zvimwe izvi, zvichaita

sei? Vachazvigamuchira, uye vachatora mari kubva kuRome, zvino zvadaro ichange yatengesa hudangwe hwayo chaihwo. Rome ichaitsigira. Hongu, changamire. Ichaitsigira. Uye vari kugadzira zvemashandiro avo zvino, vachiedza kuunganidza vakavakomberedza vakakwana, nokuuyisa boka rake ramakurakota. Tarisai kuti VaKennedy chii chavari kukumbira.

³⁹³ Uye kana moona izvi, rimwe zuva, panenge pasisina chikonzero chokuvhota. Chikonzero chokuvhota ndechipi? Ipapo, vakazviisa mubepanhau, vakazviratidza pamberi peruzhinji, uye vakaramba kuwana chokuita pamusoro pazvo. Uye, vakazviratidza kuti mishina yakatandira nyika ino yakanga yakagadzirwa nenzira iyoyo, kuti isarudze vaKennedy namavhoti okunyepera. Bhaibheri harina here kuti uchazopinda nokunyengera? Zvamazvirokwazvo, hunyengeri. Zvino, handisi kupesana nebato remaDemocrat kungofanana nebato remaRepublican, asi ndiri kungodoma zvakangananga zvinobva muBhaibheri. Chikonzero chokuvhota chii? Vanoziva ari kupinda ipapo.

³⁹⁴ Vangani venyu vanorangarira madzimai maviri akasimuka muterevhizheni? Mumwe akati, “Ini ndichavhotera Va...” Kana kuti, mudzimai wechiProtestant akati, “Ini ndichavhotera VaKennedy.”

Ndokubva ati, “Nemhaka yei?”

³⁹⁵ Akati, “Nokuti ndinofunga kuti murume akachenjera kupfuura VaNixon. Achaita President ari nani.”

³⁹⁶ Uye murume akati, “Uyu mudzimai wechiKatorike. ‘Iwe uchavhotera ani?’”

³⁹⁷ Mudzimai akati, “Ndiri muKatorike, muRoma Katorike, muKatorike akatendeka.” Mudzimai akati, “Ndichavhotera VaNixon.”

“Nemhaka yei?”

³⁹⁸ Akati, “Nokuti, ndinofunga kuti VaNixon vanoita President ari nani nokuti vajairana nezvinhu izvi. Vajairana zviri nani nechikomunisti.” Mudzimai uyo wakanyepa.

³⁹⁹ Ndine *Zva...* ravanoti, *Zvakananga Zvokutenda Kwedu*, bhuku repamusorosoro rechiKatorike rinogona kutengwa. Zvino imomo rinoti, “Kana paine muKatorike patikiti, achikwikwidzana nemuProtestant; kana muKatorike akavhotera muProtestant, anodzingwa kubva mukuyanana kwechechi yeKatorike.” Ndizvozvo. “Kana paine maKatorike maviri ari kukwikwidzanirana chinzvimbo chimwe chete, vanosarudza muKatorike akanyanya kutendeka ‘kumai chechi’ vomuvhotera.”

⁴⁰⁰ Munoono kuti sei, kunyengera ikoko, zvavari kuedza kuita? Vanopa mari, yokutenga. Nemhaka yei? Vari kuedza kuitiyora. Uye vari kuzviita, zvino iyo yachona. Uye chii?

Zviri pakushandisa chiyero chendarama semari. Uye Chechi yeKatorike, muturikidzwa wevakuru, ndivo vane ndarama yepasi rose. [Mumwe munhu anoti, “Mabhirioni zana nemakumi matanhatu nemasere amadhora.”—Mupepeti.] Mabhirioni zana nemakumi matanhatu nemasere amadhora. Hezvoka. Kuikandira shure uko pachiyero chendarama, zvino imi vanhu ingochengetai misha yenyu pamwe nezvinhu, asi muri veChechi yeKatorike. Nyika ino ndeye Chechi yeKatorike. Zvose izvi zvakabatwa imomu saizvozvo, nokuda kwemari yavo. Bhaibheri haritauri pamusoro pazvo here? Ndiwo mufananidzo watinoratidzwa neBhaibheri.

⁴⁰¹ Hama, chii chandiri kuedza kutaura, nhasi. Vachati, “Zvinoiita Chechi yakanaka. Ichabatanidza vemaProtestant.” Zvinoratidzika kuva zvakanaka kuziso renyama, asi zivo yenyika ino hupenzi kuna Mwari.

⁴⁰² “Uye zvakafadza Mwari, kuti no—noupenzi hwokuparidza, vakarashika vaponese,” nehofisi yaMwari, yaAkazodza muChechi yaKe, kuti avakire Chechi pamusoro pehunhu uhwu hwomweya uye kwete pamusoro pechipi hacho chinozvibanidza nenyika.

⁴⁰³ Petro akati, “Uye nokuti makatiza kuora kuri munyika kunouya nokuda kworuchiva rwemari, uye noruchiva rwokuva renguva huru inonakidza, nemafaro, uye nokudya, nokunwa, uye ruchiva rwatinarwo. Makatiza izvozvo. Uye zvino makavakwa mukapinda mukurarama. Izvi ndiri kutaurira kuChechi,” iye akadaro. Hezvoka. Makazviverenga here izvozvo? Makazvibata here? Mazvinzwa here patazviverenga shure uko muna Petro weChipiri? Ingotererai kuti anoti chii pano, muone kunaka kwazvakaita zvakanorwa pano, kuti ano—anozvireva sei. Zvakanaka. Mutererei zvino paava kutaura. Zvakanaka.

Petro, Simoni Petro, muranda nomuapostora waJesu Kristu, kune avo...vakagamuchira kutenda kwakafanana nokwedu kubudikidza nokururama kwaMwari uye neMuponesi wedu Jesu Kristu:

...rugare nga—ngaruwanzwe kwamuri nomuzivo yaMwari, uye nomuna Jesu Kristu Ishe wedu,

Sezvatakapiwa zvinhu zvose ne—nesimba rohumwari hwake...

⁴⁰⁴ Ndiani uchagara nhaka yenyika nezvinhu zvose? [Mumwe munhu anoti, “Vatsvene.”—Mupepeti.] Zvirokwazvo. “Zvinoenderana...” Hongu. Zvakanaka.

...izvo zvinoenderana nohupenyu nohumwari, kubudikidza nomuzivo yake uyo wakatidanira kubwinya pane kumwe kubwinya:

Naizvozvo takapiwa vimbiso dzakapfuura nokuwanda...yakakosha: kuti naidzo tive vadyi

vehunhu hwake hwehumwari, tatiza kuora (Tererai izvi.) kuri panyika kunouya nokuchiva.

405 Ruchiva rwemari, ruchiva rwezvinhu zvikuru, ruchiva rwemukurumbira, zvinhu izvi zvakafa kumutendi. Hatina basa nazvo. Tende kana kuti kaimba kepasi pasi, ndingava nehanya yei; kurarama kana kufa, kunyn'ura kana kufushirwa nemvura? Ichi ndicho chinhu chandinofarira, Humambo hwaMwari. Kana ndikachengetedza musha wangu, kana ndikachengetedza mhuri yangu, chero chipi zvacho chandingachengetedza, regai ndichengetedze Kristu, tariro yedu yeKubwinya.

406 Ndivakei, O Ishe, ndive *Izvi*. Kristu ngaave Musoro wangu, unoshanda nomandiri. Panheyo yangu, kutenda kwangu kuri maAri, regerai simba, zivo, kuzvidzora, kutsungirira, humwari, netsitsi nehama, zvishande mandiri, O Ishe, ndiwo munamoto wangu. Handina basa; kurarama kana kufa, kunyura kana kufushirwa nemvura; sangano, kana kushaya sangano; shamwari kana kushaya shamwari. Regai Izvo zvishande mandiri, regerai simba raKristu, zivo yaKe, zviyerere zvichibuda, kuitira kuti ndikwanise kudzidzisa vamwe izvozvo.

407 “Nokuti Mwari wakaisa vamwe muChechi, vaapostora, vaporofita, vadzidzisi, vafudzi, nevavhangeri, vose kuitira kuti zvikwanise nokuunza zvakana izvi mairi, kuitira kukwaniswa kwoKuuya kweMwanakomana waMwari.” Rimwe nerimwe rematombo *awo* rakabva pane rimwe Iri. *Iri* rakagadzirwa kubva pane Iri. Chimwe nechimwe chezvakanaka izvi ndezvaKe, uye zvinoerera zvichibva maAri, zvichidzika nomavari. Amenii.

408 Yava 12 o'clock. Zvinoenda zvose kupi? Amenii. Munozvitemba here? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] Munozvitemba here? [“Amenii.”] Terera, iwe mudiki.

409 Hanzvadzi Kidd vati, mangwanani ano, “Hama Bill, handizivi kuti ndichazokuonai here zvakare.” Zvakapotsa zvandiuraya. Munoono? Vanofunga kuti vava kuchembera, uye ndizvo zvavava. Ndakanamata kuti Mwari avararamise neHama Kidd, nguva refu.

410 Regai ndikuudzei, hatizivi kuti tichange tine mumwe nemumwe kwenguva refu zvakadini. Ini handizivi kuti ndichange ndinemi kwenguva refu zvakadini. Mwari unogona kundidana kubva panyika. Unogona kundidana kune mumwe munda wekushumira. Anogona kukudana iwe kuenda kune imwe nzvimbo. Hatizivi. Asi, ngati—ngatizviwane. Ngatizatendera izvi kuti zvingotipfuura. Ngatizvitorei.

411 Hezvinoi, muBhaibheri. Hezvinoi, zvinotevera mapatani ezvimwe zvese. Uye dai ndaingova nenguva yekuzviita! Haugoni kuzviita nezva rimwe chete. Munozviziva izvozvo. Asi, munogona kubatanidza zvinhu izvi zvose pamwe chete!

412 Tarisai, patakapedza mharidzo iya, makaona zvakaikwa neMweya Mutsvene here pachidziro, hamuna here? Vangani

vakanga vari pano ipapo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Maona? Zvechokwadi! Wakaburuka, ndokudhirowa chinhu chimwe chete ichocho, iye Mutumwa waJehovha.

⁴¹³ Munoono, ichokwadi. Musarega zvichikunzvingai. Batirirai pazviri, vana. Batirirai pana izvozvo. Rangarirai, pamusoro pokutenda kwenyu vakirai, simba, zivo, kutsungirira!

⁴¹⁴ Zvino, pano, ndinofunga ndanga ndine pitsi yebepa pano, kana ndisina kuridonhedza nhasi pandanga ndichiparidza. Herinoi riri pano. Ndatenda, hama. Mazvita, zvikuru. Kana muchida ku—kuiona, uye kuti muone kuti pane chimwe chinhu here chamunogona ku. . . Pamwe zvine patani diki iri nani pane iri apo, kuti pamwe munogona kukopa zvimwe izvi pazviri. Ndichainamira pamusoro apo, uye munogona kunyatsa kuitarisa uye—uye mogoitaipa kubva ipapo.

⁴¹⁵ Uye ndinoda kuti mitore mugoinzvera, uye mugoienzanisa, nokuita zvainoda. Musangoinzvera chete, nokuienzanisa, asi itai zvamunofanira kuita pamusoro payo pamunodaro. Itore uise paupi nokurevesa. Usati, “Zvakanaka, ndakanakirwa nokuiterera.” Neniwo, zvakare. Asi kuiteerera, nokuigamuchira, zvinenge zvasiyana. Maona? Maona? Zvakasiyana. Maona?

⁴¹⁶ Pane matanho manomwe anovaka chimiro chaMwari. Pane maZera Manomwe eChechi, ayo Mwari akavaka nawo Chechi kuisvitsa pamamiriro awa. Uye Akashandisa vatumwa vanomwe kuzviita. Pane zvinomwe, zvinomwe, zvinomwe. Maona? Nomwe i—inhamba yaMwari yokupedziswa, uye nhatu inhamba yaMwari yokukwaniswa. Saka, pane nhatu, nemapoka enhatu nhatu ari manomwe. Saka, mukuverenga masvomho, pamweya, neShoko, nokupupurira kwoMweya Mutsvene, zvose zvinopedzisa chinhu ichi pamwe chete. Ngatichinzverei.

⁴¹⁷ Pakutenda kwedu ngatiwedzerei zvinhu izvi, zvadaro, kuitira kuti tisvike pachimiro chakazara chaKristu; takabatanidzwa pamwe chete nerudo rwaMwari, kutya Mwari, kuremekedza mumwoyo yedu mumwe kune mumwe, rukudzo rwakadzama mumwe kune mumwe, tsitsi nehama nehanzvadi, pasina kutaura zvinonyadzisira, pasina chimwe kusiya kwekuchena kwokurama kwoMweya Mutsvene. Maona? Kugara pamwe chete, uri muKristu. Kufamba nokutenda. Rega simba raMwari riyerere nomauro; rega zivo yaMwari, pakuziva zvakakanaka nezvakaipa. Kana Dhiyabhorosi akupa chimwe chinhu chisiri Magwaro chaiwo, famba uchibva pachiri. Ndizvozvo.

⁴¹⁸ Ndinogona kufungidzira kuti vaapostora havana kumboita sezvatinoita. Vaifamba, pamwe vari varume vemashoko mashoma, kusvikira vanda papurupiti. Vaifamba vopinda voita zvavaifanira kuita, vozobuda. Hongu, changamire. Vaiva nesimba. Vaiva nesimba. Vakanga vasina nharo nevanhu.

Vaiziva pavakanga vakamira. Zvapera. Vaiziva wavakatenda. Vakaramba vachifamba vari muMweya. Vachingoita izvo bedzi...

⁴¹⁹ Sezvandakataura manheru aya. Kungogutsurira kamwe chete, ndizvo chete izvo Mwari aifanira kuita, ipapo hapaizombova nechaizovamisa. Vakanga vasingaisi mubvunzo nokunzvera, nokuzengurira nokushushikana sezvatinoita, vachiti vanofanira here kuita *izvi* kana *izvo*. Vaingoenda mberi vondozi, zvakangodaro. Kakungogutsurira kamwe chete kubva kuna Mwari, ndiko kwaizviita, chiriporipo. Nemhaka yei? Vaiziva sei kuti kwaiva kugutsurira kwaibva kuna Mwari? Vakanga vaine zvakanaka izvi zvole mavari, matanho aya ose. Uye kakugutsurira kecutanga kaibva kuna Mwari kaiwirirana nechidimbu choga choga *cheizvi*, pamwe neShoko raKe. Vaiziva kuti raiva Shoko raMwari, ndipo pavaibva vaenda. Hapana chimwe chavaizomboshushikana nacho zvakare. Mwari paaitaura, vaibva vaenda. Isu tinotaura...

⁴²⁰ Mwari anotaura nesu, isu tobva toti, “Zvakanaka, tichatanga kuenda. Tichaona kuti tinokwanisa here kurarama Hupenyu uhwu.” Chokutanga munoziva, mumwe munhu anokugumburisa. Zvakanaka, chokwadi, ndiDhiyabhorosi.

⁴²¹ Maifanira kunge mamuona achiedza kundikonesa kuuya kusevhisi ino mangwanani ano. Unofanira kumbosangana nazvo kamwe chete. O, itai tsitsi! Ndinofanira kurwa nguva yose pandinongotaura nezvesevhisi. Uye kana ndichizonamatira murwere, uye ari mumwe munhu wava kufa uye asati aponeswa, runhare runorira runokwana makumi matatu mumaminitisi gumi, kana zvichigoneka nokukurumidza zvakadaro, zvichiitira kuti ndisaendako. “O, Hama Branham, munofanira kuita *izvi*.” Asi pane mweya womunhu uri panjodzi. Zvirokwazvo. Hongu.

⁴²² Mamwe manheru, ndakadaidzwa kune imwe nzvimbo. Mumwe murume wechidiki, ndakataura naye zasi uko hameno kuti munoiti chii, supamaketi, makore mashoma apfuura. Wakanga ava chidhakwa. Ndaimuziva mukomana uyu, ari mukomana akanaka, asi waiva mutadzi. Zvino amai vake vakafona. Ndinofunga vakafonera Doc kashoma. Ini... Vakafona, ndokufonera Billy, uye—uye pakupedzisira shoko rakazosvika kwandiri. Uye pandakanzwa shoko iri, sezvineiwo, handisati ndakamborwa zvakadaro muhupenyu hwangu, kuti ndisvike kwaiva nomukomana uyu.

⁴²³ Zvino pandakasvikako, muchinda uyu waisiririsa wakanga asingachatondizivi. Ndipo paanga ava, akarara ipapo, asingachazivi chinhu, zvichienda zvakadaro. Baba vake vachiedza kumubhabhadzira, vachimuti, “Mudikanwi.” Zvino murume uyu ane makore makumi mashanu, makore anenge makumi mashanu nerimwe okuberekwa. Uye achiti, “Mudikanwi,” *izvi*, “uye akarara asingazungunuki.” Zvino

wakanga achiedza kumuka. Mavoko ake madiki akanga akakura *sezvizvi* kuapoteredza. Mukomana uyu wakanga azara kenza kusvikira pakanga pasisisa chimwe chinhu kunze kwokuti wakanga angova kenza bedzi. Nhengo dzake dzose dzakanga dzava nekenza. Kunyange ropa rake rakanga rava kenza, zvose. Zvino hepanoi apa, achiedza kumuka, achiita saizvozvo.

⁴²⁴ Ndakamubata noruvoko, ndikati, “Woodrow, Woodrow, ndini Hama Branham.”

⁴²⁵ Baba vake vakati, “Hauzivi here? Ava ndiHama Bill. Woodrow, ava ndiHama Bill.”

Iye akati, “Hu-u. U-hu-hu,” saizvozvo.

⁴²⁶ Zvino baba vake vakatarisa vakati, “Billy, wati nonokei kuuya.”

Ndikati, “Handina kumbononoka. Ari pano.” Ndanga ndine hondo yandanga ndichirwa.

⁴²⁷ Zvino vamwe vakomana, vamwewo vakomana, vatadzi, vakanga vakamira ipapo, vamwe vehama dzake. Ndikati, “Munoono, vakomana, gadzirirai, nokuti muchasvika panzvimbo yakadai. Munotofanira kusvika pano apa chaipo. Maona? Pamwe zvinenge zvisingaitwi ne—nekenza. Munogona kusvitswa apa nechimwe chinhu, pamwe kunze uko mumugwagwa mukuru, uchijuja ropa kusvikira parufu, kana zvimwe. Unotosvika pazviri.” Takataura navo.

⁴²⁸ Ndakanga ndakamirira kuti ndione kuti Mweya uchati ndiitei. Ndakamirira. Chokutanga munoziva, ndakanzwa kakugutsurira kadiki kaya. “Isa mavoko ako pamusoro pake.”

⁴²⁹ Ndakafamba ndokutenderera, ndokubva ndati, “Imi mose kotamisai misoro yenyu.” Vese vakakotamisa misoro yavo, paine vakomana vechidiki vaviri kana vatatu imomo.

⁴³⁰ Ndakaisa mavoko angu pamusoro pake. Ndikati, “Ishe Mwari, itai kuti mukomana uyu apepuke kusvika pakuziva zvaachafanira kuzoita, asati asangana nechinhu ichi. Ari kufa. Satani wamusunga, zvino wava kuenda. Akava chidhakwa chokusvikira parufu, uye pano wava mudanho rakadai. Ndinonamata kuti Mumuitire tsitsi.” Zvino pandakamunamatira, mangwanani akatevera wakanga atogara pasi, achitaura nababa vake.

⁴³¹ Busty Rogers, uyo...Vakandidana kuti ndidzike uko kuchipatara, nguva shoma yapfuura. Ndakanga ndiriko zuva iroro, mushure mokunge ndaparidza zasi uko kuMilltown uko Georgie Carter akapodzwa. Mose imi munozvirangarira. Uye ikoko apo Hama Smith, muparidzi weMethodisti, akati, “Kana paine munhu wakambobhbatidzwa, muZita raJesu Kristu, budai mubve mutende rangu,” saizvozvo. Kumusoro uko pazambuko rokwaTotten, aine musangano ikoko. Uye, o, wakandipomera mhosva pane zvese zvaunogona kufunga

pamusoro pazvo. Handina kana shoko rimwe randakataura; ndakaramba ndichienderera mberi. Ndakanga ndine kutumwa. Ishe vakandiratidza chiratidzo. Pane gwayana raiva zasi ikoko, rakapfakama pane imwe nzvimbo murenje. Mose munorangarira chiratidzo ichi, imi mose. Ndinofungidzira kuti munodaro. Munochirangarira here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ichokwadi. Zvakanaka. Zvino ndakanga ndichidzika nomurenje ikoko, ndichiritsvaka.

⁴³² Ndakaenda kuzambuko rokwaTotten. Hama Wright avo vanokuziva. Takaendako, takanga tisingazivi zvokuita. Ndakatenga bhokisi duku resipo, ne 10c. Ndakanga ndichizobuda kunze uko, ndonomira ndichiparidza ndiri pamasitepisi. Iye wakati ari kuzokwira, kuenda pamusoro pegomo, kuti andoita zvokutengesa. Ndakaenda naye. Pakanga paine chechi yechinyakare huru yechiBhaptisti yaivako, isina munhu. Ishe wakati kwandiri, “Mira ipapo.”

⁴³³ Ini ndikati, “Ndisiyei pano, Hama Wright.” Ndakamira. Ivo vakakwira vakazodzoka.

⁴³⁴ Ndakaenda ipapo, ndikatadza kuvhura musuo. Ndikati, “Ishe, kana Muri muzvinhu izvi, Muchida kuti ndipinde muchechi iyi, ndizarurireiwo musuo.” Ndakagara ipapo ndichifunga.

⁴³⁵ Ndakanzwa mumwe munhu achiuya; akasvika pandiri, ndokuti, “Makadini? Regai ndikuudzei,” akati, “munoda kupinda muchechi?”

Ini ndikati, “Hongu, changamire.”

Iye akati, “Ndine kiyi pano.”

⁴³⁶ Takatanga musangano. Vhiki yokutanga, pakapotsa kunge pashaya chaivapo. Husiku hwokutanga, ndakava neungano, Hama Wright nemhuri yavo. Chokutanga munoziva, pakupera kwevhiki, vakanga vasingachatokwani zvachose, muchivanze. Asi zvakadaro gwayana riya rakanga risati rauya. Hama Hall vakaponeswa nguva iyoyo, mufundisi weipapo zvino, vose. Ndakashaiwa kuti gwayana iri rakanga riri kupi. Mushure mechinguva, kubva muchurch of Christ, iri zasi kwechikomo, musikana uya muduku akaita makore mapfumbamwe nemwedzi misere asati ambofamba, akangorara ipapo. Hepanoi paava. Mose munoziva nyaya iyi. Hongu, changamire.

⁴³⁷ Masikati iwawo apo Busty Rogers, mhare iya huru yakakasharara yakamira ipapo...Ini ndakabuda ipapo. Zvino pakamira ungoro yeHama Smith kuti vandiseke, vachindinyomba, kuti ndaibhabhatidza muZita raJesu. Ndakafamba ndikapinda mumvura dzine madhaka dzokwaTotten, uko kwavaiva ne...[Hapana chinhu patepi—Mupepeti.]...kumusoro kwekarwizi uko, kuchitinhira sokutinhira kwose kwakwaigona. Mamwe madhikoni akaendako neni.

438 Ndakati, “Ndakamira pano masikati ano ndakamirira Magwaro Matsvene aMwari.” Ndikati, “Ndakaverenga muno muBhaibheri apo Petro paakati, ‘Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti zvivi zvenyu zvirergerewe.’” Ndakatendeuka, ndokubva ndapa Bhuku kune mumwe wamadhikoni.

439 Ndakabuda ipapo, ndokubva ndati, “Wose anoda, anotendeuka pazvivi zvake, inhengo inokodzera kuuya.” Ndokubva ndapinda mumvura. Ndikati, “Zvinoita kwandiri sekunge Ngirozi dzakagara pamatavi ese zvino, dzakatarisa.” O, ini zvangu! Panguva iyoyo ndabhabhatidza vanhu vanenge vaviri kana kuti vatatu, ungoro yake yose, madzimai iwawo akanga akapfeka madhirezi esirika akanaka, vakarova mvura, vachidanidzira nenzwi ravo rose. Ndakabhabhatidza ungoro yake yose muZita raJesu Kristu. Munozviva. Ndine pikicha yacho. Hezvinoi apa.

440 Chaiva chii? Kuwedzera pasimba rako. Munooona? Siya zvakadaro. Mwari anoziva kuti anozviita sei. Mwari anoziva nzira yokuita kuti zvinhu izvi zviitike. Regai vataure zvanoda. Hazvina mutsauko wazvinopa. Iwe ingoramba uchienda.

441 Busty Rogers wakanga akamira ipapo, paakazviona izvozvo, akati, “Saka ndinozvitenda nomwoyo wangu wose.” Zvino ipapo wakauya mumvura, nenhumbi dzake dzakanaka, ndokubva abhabhatidzwa muZita raJesu Kristu.

442 Makore anenge matatu kana mana apfuura, vakandidaidzira kuenda zasi uko kuchipatara muNew Albany. Ikoko ndiko kwaava, ava kufa, nekenza, yanga yamudya. Vanachiremba vanga vamupa nguva yokurarama, yokusvika mangwanani aitevera. Vakati, “Ava kufa zvino.” Vakati, “Huyai iye zvino-zvino.”

443 Ndakadzika kuimba iyoyo, pandakadaro, ndakamirapo ndokunamata. Iye akati, “Billy, pane muraravungu uri kutenderera mukona iyo.”

444 Ndakacheuka, ndikatarisa. Ndikati, “Busty, iyi isungano. Hausiri kuzofa. Sungano yeRopa inokuponesa.”

445 Ndakaisa mavoko angu pamusoro pake, ndikati, “Ishe Mwari, chiratidzo chiya chinoratidza sei kuti Muri pano. Sungano yenyu inotaura, kuti, ‘Nemavanga aKe takaporeswa.’” Ndakaisa mavoko angu pamusoro pake, zvino ipapo akabva apora. Vakamuregera kuti aende kumba.

446 Uye makore angaita mana kana mashanu, angangoita mana, tichira tichikwidza nokudzika nerwizi nezvose, tichingodaro. Zvino paya kenza payakanga yapoterredza gurokuro rinopinda mudumbu, yanga yapaita kuti paomarare, paine bundu guru rakaomarara. Vanachiremba, mhare dzepachipatara, vakamuudza kuti vane kurapa kwavanoshandisa cobalt kunoita kuti rivhurike, richibvumidza kudya kwakawanda kuti

kupinde panguva imwe chete. Vainetseka zvikuru kuti vadye zvakawanda, Aitodya zvisihoma zvisihoma. Wakaenda kundoitwa izvozvo. Handina kuziva kuti wakanga ari ikoko.

⁴⁴⁷ Zvino vamuvhiya, vakaona kuti zvakamupinza mukugwinha—gwinha, ndokubva aoma mutezo rimwe divi. Ndokubva divi rake richidzika raoma mutezo. Zvino chinhu bedzi chaalingogona kuita kungochema nekure kure. Uye aitora penzura, *sezvizvi*, oti, “u, u, u.” Zvino akaedza kunyora, achihuta saizvozvo, noruvoko rwake rwakanaka. Divi rake rekuroboshwe, rakanga raoma mutezo zvizhidzika. Zvino ndokunyora, neruvoko rwake: “Jesu anoponesa, 1900 nekuraudzira.” Havana kukwanisa kuzvibata.

⁴⁴⁸ Saka zvino apo mudzimai wake akati, “Hama Branham, handizivi kuti anorevei paari kudaro.”

⁴⁴⁹ Ini ndikati, “Ami Rogers, zvaanoreva ndezvokuti, raiva gore riri muna 1900, paakaponesa akabhabhatidzwa muZita raJesu zasi uko. Ndizvo zvava kumushandira iko zvino. Haasi kutya kufa.”

⁴⁵⁰ Ini ndikati, “Ishe Mwari, mupei upenyu hwake. Ndinonamata, muZita raJesu, kuti Mumupe upenyu hwake.” Ndakaisa mavoko pamusoro pake. Kuoma mutezo kwakabva kwapera. Kugwinha-gwinha kwakabva kwamira. Ndokubva amuka pamubhedha. Iye zvino wakapora, ari kupa chapupu.

⁴⁵¹ Pakutenda kwako wedzera, simba; pasimba rako wedzera, zivo; pazivo yako, kuzvidzora; pakuzvidzora kwako, kutsungirira; pakutsungirira kwako, humwari; kuhumwari hwako, rudo nehama; kurudo rwako nehama, Mweya Mutsvene, zvino Kristu unobva auya. Nokuti, pasi paKe...Mweya Mutsvene Mweya waJesu Kristu uri muChechi, kuti uratidze zvakakanaka izvo. O, ini zvangu!

Hezvinoi, nguva yava maminiti gumi nemashanu mushure ma12.

Ndinoda . . . NdinoMuda
Nokuti Ndiye wakatanga kundida,

Zasi kuno *uku*, iwe usati wambova chinhu.

Akate- . . . (Chii chaAkaita?) . . . ruponeso
rwangu.
Pamuti wepaKarivhari.

Ndiri *izvi* sei? Nokuti Ndiye wakatanga, kundida.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Ndiye wakatanga kundida . . . (Hecho
chikonzero chacho.)
Akatenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

⁴⁵² Ndinovimbisa, mangwanani ano, kwaAri, nomwoyo wangu wose, kuti, nokubatsira kwaKe nenyasha dzaKe, ndinonamata kuti ndichatsvaka zuva nezuva, pasina kurega, kusvikira ndava kunzwa chimwe nechimwe chezvinofanira izvi chichiyerera muchimiro changu chiduku, kusvikira ndava kuratidzwa kwaKristu mupenyu. Nokuti, Wakava chivi seni, kuitira kuti ndigova...gova kururama kwaMwari, kwakafanana naYe. “Wakatora nzvimbo yangu; Ishe, regai ndichitora yaKe zvino.” Nokuti, ndicho chikonzero chaAkafira. Vangani vachapa vimbiso yakadaro, nenyasha dzaMwari? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Misoro yedu yakakotamiswa zvino, mavoko edu akasimudzwa zvino. “Ini . . .”

⁴⁵³ Ndinozvivimbisa, Ishe, chechi ino inozvivimbisa, “Chimiro chizere chaJesu Kristu!”

Nokuti Wakatanga kundida
Akatenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.



CHIMIRO CHEMUNHU WAKAKWANA SHO62-1014M
(The Stature Of A Perfect Man)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga ne Chirungu neSvondo, mangwanani, Gumiguru 14, 1962, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org